

KOMINION SAKRÉ-A AK KULT ÉKARISTIK LA ANDÉYÒ MÈS LA

**KOMINION SAKRÉ-A
AK KULT
MISTÈ ÉKARISTIK LA
ANDÉYÒ MÈS LA**

Pro manuscripto
Port-au-Prince
14 septembre 2015
Exaltation de la Sainte Croix

© Conférence des Évêques d’Haiti (CEH)

Osiyè kominion sakré-a ak kult mistè ékaristik la andéyò Mès la
De sacra communione et de cultu mysterii eucharistici extra Missam
(1973)

Yo inprimé tèks *pro-manuscripto* tradiksion kréyòl sa-a ak
otorizasion

S. Em. Chibly Card. Langlois
Évèk o Kay
Prézidan Konférans Évèk Ayiti yo

22 out 2015

Trè Sint Vièj Mari, rènn


RITUÈL ROMIN

ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

KOMINION SAKRÉ-A AK KULT MISTÈ ÉKARISTIK LA ANDÉYÒ MÈS LA

ÉDISION TIPIK

1973



Prémié édision, 1973
Réinprésion korijé, 1974



Gian Luigi Uboldi



SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 900/73

DÉKRÈ

Sakrèman Ékaristi-a, kòm nouriti spirituèl fidèl yo ak avaloua lavi tout tan-an, Kris la té konfié-l bay Égliz la, épouz li-a li rinmin-an, ki résévoua-l san rété avèk lafoua épi rinmin.

Sélébrasion Ékaristi-a nan sakrifis Mès la sé vrèman oriji-n ak aboutisman kult yo fè ouè pou li andéyò Mès la. Éspès sakré yo, réyèlman, sé poutèt sa yo konsèvé yo prinsipalman apré Mès la, pou fidèl ki pa-t kapab prézan nan Mès la, sitou malad yo ak sa-k avansé nan laj yo, palintèmediè kominion sakramantèl la yo vi-n fè youn ak Kris la épi ak sakrifis li-a yo ofri nan Mès la.

Konsèvasion espès sakré yo, sa yo abitué fè pou résépsion kominion-an, té minnin abitud pou adoré sakrèman sa-a épi ba li kult latri-a, sa yo doué bay Bondié-a. Kult adoration sa-a apuiyé sou rézon ki valid épi solid. Plis toujou Égliz la li minm té établi kèk nan fòm piblik ak kominotè-l yo.

Sé poutèt sa antan rit Mès la réstoré épi, palintèmediè Instriksion *Eucharisticum mysterium* nan, ki édité jou 25 moua mé ané 1967 la, yo té propozé règléman « osijè aranjman pratik kult yo doué bay sakrèman sa-a minm apré Mès la épi osijè jan pou-l kadré ak aranjman kòrèk sakrifis Mès la, dapré lèspri règ Konsil Vatikan II-a té préskri yo épi lòt dokiman Sièj Apostolik la sou kèsion-an », ¹ Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an té révizé rit yo mété sou non *Osijè kominion sakré-a épi osijè kult mistè ékaristik la andéyò Mès la*.

Antan Pap PÒL VI aprouvé-l, koulié-a yo pibliyé-l ak édision sa-a yo déklaré modèl tipik, pou yo pran-l nan plas rit ki nan Rituèl Romin-an koulié-a épi pou yo kapab anplouayé-l tousuit nan lang Latin-an, min nan lang pèp yo apati jou Konfèrans Évèk yo ap établi

¹ S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 3g: A. A. S. 59 (1967), p. 543.

pou réjion yo-a, apré y-ap fi-n fè tradiksyon nan lang pèp la épi yo jouinn konfirmasyon bò kot Sièj Apostolik la.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa.

Nan kay Sakré Kongrégasyon pou Kult Divin-an, nan jou 21 juin 1973, nan solanité Kò ak San Kris la.

ARTURUS Card. TABERA

Préfe

+ A. BUGNINI

Achévèk tit. Diokléysin

Sékrète

OSIJÈ KOMINION SAKRÉ-A AK KULT MISTÈ ÉKARISTIK LA ANDÉYÒ MÈS LA

RÉMAK JÉNÉRAL

I. RAPÒ KI GINYIN ANT KULT ÉKARISTIK LA ANDÉYÒ MÈS LA ÉPI SÉLÉBRASION ÉKARISTIK LA

1. Sélébrasion Ékaristi-a sé kè tout vi krétièn nan, ni pou tout Égliz la ni pou asanblé Égliz lokal la minm. Réyèlman « lòt sakréman yo, tankou tout ministè ekléziastik yo épi travay apostola yo, yo fè youn ak Sint Ékaristi-a épi yo minnin nan li. Sé nan Trè Sint Ékaristi-a réyèlman tout byin spirituèl Égliz la rété, sètadi Kris la li minm, Pak nou-an épi pin vivan-an palintè-médiè chè li-a ki gin lavi nan Éspri-Sin-an épi k-ap bay lavi-a, antan li founi moun yo lavi, yo minm, nan fason sa-a, yo invité yo épi yo minnin yo pou yo ofri pròp tèt yo, travay yo épi tout kréasion-an ansanm avèk li ».¹
2. An plis, « sélébrasion Ékaristi-a nan sakrifis Mès la sé vrèman oriji-n ak aboutisman kult yo démontré pou li andéyò Mès la ».² Réyèlman Kris Granmèt la, li minm « yo ofri nan sakrifis Mès la minm, lè li kòmansé prézan sakramantèlman, li la kòm nouritu spirituèl fidèl yo anba espès pin-an ak divin-an », konsa tou « yon foua yo ofri sakrifis la, pandan yo konsèvé Ékaristi-a nan légliz yo oubyin oratoua yo, li sé Émanuèl tout bon vré-a, sètadi “Bondié avèk nou”. Paské jou ak nuit li la nan mitan nou, li abité nan nou plin gras ak vérité ».³
3. Poutèt sa pèsonn pa doué douté « tout fidèl krétyin yo, akòz koutim yo toujou résévoua nan Égliz katolik la, sé kult latri-a, sa yo doué bay Bondié-a, yo fè ouè nan vénérasion trè sin Sakréman-an. Ni non plis réyèlman sé pa pou sa pou yo mouins adoré-l, poutèt sé pou yo manjé-l Kris la Granmèt la té kite-l ».⁴
4. Pou byin òdoné épi nourri piété-a aléga trè sin Sakréman Ékaristi-a, sé po yo konsidéré mistè ékaristik la nan tout lajè-l, soua nan sélébrasion Mès la, soua nan kult espès sakré yo, sa yo konsèvé apré Mès la pou prolonjé gras sakrifis la.⁵

¹ Conc. Vat. II, Decr. *Presbyterorum ordinis*, n. 5.

² S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 3e: A.A.S. 59 (1967), p. 542.

³ *Ibid.*, n. 3b: *l. c.*, p. 541; Paulus VI, Litt. Encycl. *Mysterium fidei*, prope finem: A.A.S. 57 (1965), p. 771.

⁴ S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 3f: A.A.S. 59 (1967), p. 543.

⁵ Cf. *ibid.*, n. 3g: *l. c.*, p. 543.

II. FINALITÉ KONSÈVASION ÉKARISTI-A

5. Finalité ki an premié épi nan oriji-n pou konsèvé Ékaristi-a andéyò Mès la sé administrasion Viatik la ; finalité ségondè yo sé pou distribiyé kominion-an épitou adorasion Granmèt nou Jézu-Kri ki prézan nan Sakréman-an. Réyéلمان konsèvasion sint éspès yo pou malad yo vi-n kondui nan koutim ki mérité louanj pou adoré nouriti sièl sa-a yo dépozé nan kay sakré yo. Kult adorasion sa-a minm apuiyé sou rézon ki valab épi ki solid, paské, nan pi ro pouin, lafoua nan prézans réyéلمان Granmèt la minnin natirèلمان nan manifés-tasion minm lafoua sa-a sou pa déyò épi an piblik.⁶

6. Nan sélébrasion Mès la, mòd prinsipal prézans ki fè Kris la la nan Égliz li-a vi-n parèt klè ofiamézi, poutèt an premié li la prézan nan group fidèl yo minm ki rasanblé onon li ; apré sa minm nan paròl li-a, lè yo li Ékritu yo nan Égliz la épi yo ékspliké yo ; épitou nan pèrson minis la ; anfin épi nan pi ro dégré minm, anba éspès ékaristik yo. Paské nan sakréman Ékaristi-a, yon fason ki spésial nèt, tout Kris la prézan an antié, Bondié épi moun, substansyéلمان épi san rété. Prézans Kris la anba éspès yo « yo di li réyéلمان pa poutèt yon éksklizyon, kòm si lòt yo pa t-a réyéلمان, min poutèt éksélan la ».⁷

Sé poutèt sa, an rézon sign nan, sa pi konvnan ak nati sélébrasion sakré-a pou, nan mézi sa kapab fèt, sou otèl la koté yo sélébré Mès la, prézans ékaristik Kris la ki frui konsékration-an épi ki doué parèt konsa, pa déjà la, dépi kòmansman Mès la palintèmediè konsèvasion sint éspès yo nan tabènak la.⁸

7. Osti konsakré yo, an kantité ki kapab asé pou kominion malad yo ak lòt fidèl yo andéyò Mès la, sé pou yo rénouvle yo souvan épi konsèvé yo nan yon siboua oubuin yo véso.⁹

8. Sé pou pastè yo véyé pou légliz ak oratoua piblik, koté dapré règleman doua-a yo konsèvé trè sint Ékaristi-a, chak jou omouin pou plizyè è-d-tan, nan moman jounin-an ki pi konvnan, yo ouvri pou fidèl yo kapab priyé fasilman dévan trè sin Sakréman-an.¹⁰

⁶ Cf. *ibid.*, n. 49: l. c., pp. 566-567.

⁷ Paulus VI, Litt. *Mysterium fidei*: A.A.S. 57 (1965), p. 764; cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 9: A.A.S. 59 (1967), p. 547.

⁸ Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 55: A.A.S. 59 (1967), pp. 568-569.

⁹ Cf. *Missale Romanum, Institutio generalis*, nn. 285 et 292.

¹⁰ Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 51: A.A.S., 59 (1967).

III. KOTÉ POU YO KONSÈVÉ ÉKARISTI-A

9. Koté pou yo konsèvé trè sin Sakréman-an sé pou li vrèman byin prezanté. Yo rékòmandé anpil pou li kapab konvnan an minm tan pou adorasion an privé-a épi priyé-a, yon fason pou sé avèk fasilité épi avèk frui fidèl yo pa sispann onoré Granmèt la ki prézan nan Sakréman-an, minm ak yon kult an privé.

Yo kapab rivé jouinn sa pi fasil lè yo préparé yon chapèl ki séparé ak pati santral la, sitou nan légliz sa yo koté trè souvan gin mariaj oubyin finéray ak nan sa yo koté anpil moun ap vizité poutèt pèlerinaj oubyin trézò artistik ak istorik.

10. Sé pou yo konsèvé trè sint Ékaristi-a nan yon tabènak solid ki pa transparan épi yo pa kapab fòsé. Abituèlman nan chak légliz sé yon sèl tabènak ki pou ginyin, ki pozé oubyin anro otèl la oubyin, dapré jijman Òdinè koté-a, andéyò otèl la, min nan yon pati légliz la ki byin dign épi ki dékoré pou sa.¹¹

Klé tabènak la koté yo konsèvé trè sint Ékaristi-a, sé prèt k-ap souin légliz la oubyin oratoua-a ki doué konsèvé-l ak anpil souin oubyin minis ékstraòdinè yo bay fakilté distribiyé kominion sakré-a.

11. Présans trè sint Ékaristi-a nan tabènak la, yo doué indiké-l ak yon rido oubyin yon lòt fason ki adapté otorité ki gin konpétans pou sa té détèminé.

Dapré koutim yo transmèt la, kòm sign yo sèvi pou onoré Granmèt la, gin lanp, yo alimanté ak luil oubyin lasi, ki toujou limin kòt tabènak la.¹²

IV. SA KI KONPÉTANS KONFÉRANS ÉVÈK YO

12. Konférans Évèk yo gin konpétans, dapré Konsititision osijè sakré Litiji-a (art. 63 b), pou nan préparé Rituèl patikilié yo, yo ranjé tit Rituèl Romin sa-a dapré nésésité chak réjion yo, pou, apré Sièj Apostolik la fi-n révizé désizion yo, yo kapab sèvi ak yo nan réjion koté sa korèsponn.

Poutèt sa, sé dévoua Konférans Évèk yo :

¹¹ Cf. *ibid.*, nn. 52-53: l. c., pp. 567-568.

¹² Cf. *ibid.*, n. 57: l. c., p. 569.

a) Pou yo konsidéré avèk souin épi prudans ki éléman, si t-a ginyin, nan tradision pèp yo, yo t-a kapab kinbé oubyin admèt, dépi yo konfòm ak éspri Litiji sakré-a ; épi konsa adaptasion yo konsidéré ki itil oubyin nésésè yo, y-ap propozé yo bay Sièj Apostolik la, pou yo kapab introdui yo ak konsantman-l ;

b) pou yo préparé tradiksyon tèks yo, yon fason pou yo vrèman korésponn ak karaktè diféran langaj yo épi mantalité kilti yo, antan yo ajouté pétèt lòt tèks, sitou pou chan-an, ak mélodi ki adapté.

Tèks Psòm yo épi Nouvo Téstaman-an, yo sité yo dapré édisyon Komision Pontifikal pou édité Bib Nouvo Vulgat la.

Tèks litijik yo, sa yo mété pou yon gason, yo kapab adapté yo pou yon fi, antan yo chanjé janr nan, oubyin pou pliziè, antan yo chanjé nonb la.

CHAPIT I
KOMINION SAKRÉ-A ANDÉYÒ MÈS LA

SA POU YO NOTÉ ANVAN

**I. RAPÒ KI GINYIN ANT KOMINION ANDÉYÒ MÈS LA
ÉPI SAKRIFIS LA**

13. Patisipasion ki pi byin réalizé nan sélébrasion ékaristik la sé kominion sakramantèl yo résévoua anndan Mès la. Sa parèt pi klè, an rézon sign nan, lè fidèl yo, apré kominion prèt la, manjé nan minm sakrifis Kò Granmèt la.¹ Sé poutèt sa, pou kominion fidèl yo, nan ninpòt sélébrasion ékaristik, sé pin ki fèk fèt pou dòdinè yo konsakré.

14. Yo doué kondui fidèl yo pou yo kominié nan sélébrasion ékaristik la minm.

Prèt yo poutan pa doué réfizé kominion sakré-a minm andéyò Mès la pou fidèl k-ap mandé sa.²

Plis toujou li konvnan pou sa yo ki gin anpéchman pou yo prézan nan sélébrasion ékaristik la, li réfè yo ak Ékaristi-a avèk souin, épi nan fason sa-a y-ap santi non sèlman yo soutni ak sakrifis Granmèt la min tou yo fè youn ak kominoté-a épi ak charité frè yo.

Pastè nanm yo doué pran souin pou malad yo ak sa-k avansé nan laj yo, minm si yo pa malad grav ni yo pa pròch danjé lanmò-a, asé souvan, plis toujou, nan mézi sa kapab fèt, chak jou, sitou nan tan paskal la, yo ofri yo fasilité pou résévoua Ékaristi-a. Pou sa yo minm ki pa kapab résévoua-l anba espès pin-an, yo pèmèt administré-l anba espès divin-an sèlman.³

15. Sé pou yo anségné fidèl yo, minm lè sé andéyò sélébrasion Mès la yo résévoua kominion-an, yo fè youn yon fason séré ak sakrifis la k-ap kontinué sakrifis koua-a, épi yo patispé nan bankè sakré sa-a koté « gras a kominion nan Kò ak San Granmèt la, pèp Bondié-a patispé nan byinfè sakrifis paskal la, li rénouvlé nouvo aliens la, ki fèt yon foua pou tout nan san Kris la, ant Bondié ak moun yo, épi nan lafoua-a ak espérans la li préfigiré épi déjà rivé

¹ Cf. Conc. Vat. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 55.

² Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 33a: A.A.S. 59 (1967), pp. 559-560.

³ Cf. *ibid.*, n. 40-41: *l. c.*, pp. 562-563.

nan bankè final la nan péyi-roua Papa-a, antan l-ap anonsé lanmò Granmèt la joustan li vini ».⁴

II. TAN POU ADMINISTRÉ KOMINION SAKRÉ-A ANDÉYÒ MÈS LA

16. Kominion sakré andéyò Mès la, yo kapab bay li ninpòt ki jou épi ninpòt ki lè. Min li konv nab pou yo detèminé lè pou distribiyé kominion sakré-a, antan yo fè atansyon itilite fidèl yo, koté y-ap kapab réalizé fòm sélébrasyon sakré-a ki pi konplè-a avèk plis frui spirituèl pou fidèl yo.

Poutan :

a) jédi Sémèn sint la, sé sèlman anndan Mès la pou yo distribiyé kominion sakré-a ; min pou malad yo, yo kapab poté-l ninpòt lè nan jounin-an ;

b) vandrédi nan Soufrans Granmèt la, yo distribiyé kominion sakré-a sèlman pandan sélébrasyon Soufrans Granmèt la ; pou malad yo minm, ki pa kapab patisipé nan sélébrasyon-an, yo kapab poté-l ninpòt lè nan jounin-an ;

c) Samdi sin, sé sèlman kòm Viatik yo kapab bay kominion sakré-a.⁵

III. MINIS KOMINION SAKRÉ-A

17. Sé toudabò prèt la ak diak la ki doué administré kominion sakré-a bay fidèl yo k-ap mandé-l.⁶ Li konv nab nan pi ro pouin donk pou li bay ministè sa-a yon pati konv nab nan orè li, dapré nésésité fidèl yo.

Apré sa, sé akolit ki établi jan sa doué fèt la, poutèt li minis ékstraòdinè, ki pou distribiyé kominion sakré-a chak fousa prèt la oubyin diak yo pa la oubyin yo anpéché poutèt mové santé, laj avansé oubyin ministè pastoral, oubyin chak fousa kantité fidèl yo k-ap apwoche bò kot tab sakré-a tèlman gran, sa t-a fè Mès la oubyin aksyon yon lòt sélébrasyon sakré t-a prolonjé tròp.⁷

⁴ *Ibid.*, n. 3a: l. c., pp. 541-542.

⁵ Cf. *Missale Romanum*, ed. typica 1970: *Missa vespertina in Cena Domini*, p. 243; *Celebratio Passionis Domini*, p. 250, n. 3; *Sabbato sancto*, p. 265.

⁶ Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 31: A.A.S., 59 (1967), pp. 557-558.

⁷ Cf. Paulus VI, Litt. Apost. *Ministeria quaedam*, 15 augusti 1972, n. VI: A.A.S., 64 (1972), p. 532.

Òrdinè koté-a kapab bay lòt minis ékstraòdinè fakilté pou distribiyé kominion sakré-a, chak foua li t-a ouè sa nésèsè pou itilite pastoral fidèl yo, épi prèt la oubyin diak la oubyin ankò akolit la pa disponib.⁸

IV. KOTÉ POU YO DISTRIBIYÉ KOMINION-AN ANDÉYÒ MÈS LA

18. Koté pou yo distribiyé kominion sakré-a andéyò Mès la, dòdinè, sé légliz la oubyin oratoua koté yo sélébré épi yo konsèvé Ékaristi-a abituèlman, soua légliz oubyin oratoua oubyin yon lòt koté kominoté lokal la abitué réyini pou fè asanblé litijik la jou dimanch oubyin lòt jou yo. Min nan lòt koté, san yo pa mété akoté kay privé yo, yo kapab bay kominion sakré-a, lè sé pou malad, prizonié oubyin lòt moun ki pa kapab soti san danjé oubyin difikilté grav.

V. PLIZIÈ BAGAY POU YO OBSÈVÉ NAN DISTRIBISION KOMINION SAKRÉ-A

19. Lè y-ap administré kominion sakré-a nan légliz oubyin oratoua sé pou yo mété kòporal la sou otèl la ki kouvri ak yon nap ; épi ya-p limin dé chandèl kòm sign respè épi bankè fèt.⁹ Sé pou yo sèvi ak patèn nan.

Min si sé nan lòt koté y-ap administré kominion sakré-a, sé pou yo préparé yon tab ki konv nab ki kouvri ak yon nap ; sé pou yo prévoua chandèl yo tou.

20. Minis kominion sakré-a, si sé prèt oubyin diak, sé pou-l abiyé ak ob la oubyin surpli-a sou soutàn nan, épi pou-l pran ètòl la.

Lòt minis yo, sé pou yo pran soua rad litijik ki tradisionèl pétèt nan réjion yo-a, soua rad ki pa indign pou ministè sa-a épi Òrdinè-a aprouvé.

Ékaristi pou administré kominion-an andéyò légliz la sé pou yo poté-l nan yon étui oubyin yon lòt véso ki fèmin, ak vètman épi nan fason konv nab dapré sikonstans koté yo.

21. Nan distribiyé kominion sakré-a sé pou yo konsèvé abitud dépozé moso pin konsakré-a sou lang sa k-ap résévoua kominion-an, paské sa apuiyé sou koutim yo transmèt dépi pliziè sièk.

Min Konfèrans Évèk yo kapab désidé, antan Sièj Apostolik la konfirmé désizyon yo-a, si nan réjion yo-a, yo kapab distribiyé kominion sakré-a tou antan yo dépozé pin konsakré-a nan min fidèl yo, dépi tout jan yo byin pran

⁸ Cf. S. Congr. pro disciplina Sacramentorum, Instr. *Immensae caritatis*, 29 ianuarii 1973, I, I et II: A.A.S., 65 (1973), pp. 265-266.

⁹ Cf. Missale Romanum, *Institutio generalis*, n. 269.

pékosion pou pa gin danjé manké respè oubyin fo-opinion osijè trè sint Ékaristi-a ki t-a monté nan nanm fidèl yo.¹⁰

Pou rès la, yo doué anségné fidèl krétyin yo Jézu-Kri sé Granmèt épi Sovè épi, antan li prézan anba espès sakramantèl yo, yo doué-l kult latri-a sètadi adorasion-an, sa yo doué bay Bondié-a.¹¹

Nan toulèdè ka yo, sé minis ki gin konpétans pou sa ki pou distribiyé kominion sakré-a, li minm l-ap montré moun k-ap kominié-a moso pin konsakré-a épi l-ap lonjé-l ba li, antan li di fòmul **Kò Kris la**, pou fidèl la réponn **Amèn**.

Min pou sa ki konsèné distribision kominion sakré-a sou espès divin-an, sé pou yo obsèvé égzaktéman règléman ki nan Instrikion *Sacramentali Communionis* jou 29 juin 1970 la.¹²

22. Ti moso ki t-a rété pétèt apré kominion-an, sé pou yo ranmasé yo ak respè épi mété yo nan siboua-a oubyin lagé yo nan yon véso ki gin dlo.

Minm jan-an tou, si yo administré kominion-an anba espès divin-an, sé ak dlo pou yo lavé kalis la oubyin lòt véso yo té sèvi avèk li-a.

Min dlo ki té sèvi pou lavé-a, soua yo bouè-l oubyin yo vèsé-l nan yon koté ki konvnb.

VI. DISPOZISION POU RÉSÉVOUA KOMINION SAKRÉ-A

23. Ékaristi-a, ki fè mistè paskal Kris la toujou prézan nan mitan moun yo, sé sous tout gras ak padon péché yo. Poutan moun ki gin intansion résévoua kò Granmèt la, pou yo kapab résévoua sakréman paskal la avèk frui yo doué aprouché-l ak yon konsians ki pròp épi dispozision nanm ki douat.

Sé poutè sa Égliz la kòmandé « pou pèsonn moun ki konsian li nan péché mòtèl, kèlkésoua mézi li santi li gin kontrision-an, li pa doué proché kot sint Ékaristi-a san-l pa fè konfésion sakramantèl la anvan ».¹³ Konsa si li gin nésésité présé épi manké fasilité konfèsè, sé pou-l fè anvan yon akt

¹⁰ Cf. S. Congr. pro Cultu Divino, Instr. *Memoriale Domini*, 29 maii 1969: A.A.S. 61 (1969), pp. 541-555.

¹¹ Cf. S. Congr. de disciplina Sacramentorum, Instr. *Immensae caritatis*, 29 ianuarii 1973, n. 4: A.A.S. 65 (1973), p. 270.

¹² Cf. n. 6: A.A.S. 62 (1970), pp. 665-666

¹³ Cf. Conc. Trid., sessio XIII, Decr. de Eucharistia, 7: DS 1646-1647; *ibid.*, sessio XIV, *Canonis de sacramento Paenitentiae*, 9: DS 1709; S. Congr. pro Doctrina Fidei, *Normae pastorales circa absolutionem sacramentalem generali modo impertiendam*, 16 juin 1972, proem. et n. VI: A.A.S. 64 (1972), pp. 510 et 512.

kontrision parfè ak rézolisyon fèm pou-l konfésé a-tan péché mòtèl yo, sa li pa kapab konfésé pou moman-an.

Min si sé chak jou oubyin asé souvan yo abitué kominié, li bon pou régilièman, dapré kondisyon chak moun, yo proché kot sakréman Pénitans la.

Pou rès la, sé pou fidèl yo konsidéré Ékaristi-a tou kòm rémèd ki libéré yo anba péché chak jou yo épi ki prezèvé yo anba péché mòtèl la ; anplis sé pou yo kapab itilizé yon fason adapté pati pénitansièl litiji yo, sitou Mès la.¹⁴

24. Moun k-ap kominié-a pa doué résévoua Sakréman-an, sof si gin yon éspas inè-d-tan jèn manjé solid ak bouason, éksépté dlo.

Tan jèn ékaristik la oubyin abstinans parapò a manjé ak bouason ki gin alkòl yo rédui-l a anviron yon kadè-d-tan pou :

- 1) malad ki rété nan lopital oubyin lakay yo, minm si yo pa kouché ;
- 2) fidèl ki pi avansé nan laj yo, soua sa ki rété lakay yo poutèt viyéyès, soua sa ki rété nan azil granmoun ;
- 3) prêt yo ki malad, minmsi yo pa kouché, oubyin ki avansé nan laj, soua si yo t-a gin pou sélébré Mès la oubyin pou résévoua kominion sakré-a ;
- 4) moun k-ap pran souin malad yo oubyin granmoun yo épi pròch yo ki dézire résévoua kominion sakré-a avèk yo, chak foua yo pa kapab obsèvé jèn inè-d-tan-an san difikilté.¹⁵

25. Fè youn ak Kris la, sé pou sa sakréman-an minm fèt, li doué prolonjé nan tout lavi krétyèn-nan, yon fason pou fidèl krétyin yo, antan y-ap kontanplé kado yo résévoua-a ak lafoua, yo minnin lavi chak jou-a anba konduit Éspri-Sin-an nan aksion-d-gras, épi yo donnin frui yon charité ki pi gran.

Min pou yo kapab rété pi fasilman nan aksion-d-gras sa-a yo montré pou Bondiè yon fason byin klè nan Mès la, yo rékòmandé chak moun ki réfè ak kominion sakré-a, pou li kontinué rété pandan kèk éspas tan ap lapriyé.¹⁶

¹⁴ Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 35: A.A.S. 59 (1967), p. 561.

¹⁵ Cf. S. Congr. pro disciplina Sacramentorum, Instr. *Immensae caritatis*, 29 ianuarii 1973, n. 3: A.A.S. 65 (1973), p. 269.

¹⁶ Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 38: A.A.S. 59 (1967), p. 562.

ÒRDO POU DISTRIBIYÉ KOMINION SAKRÉ-A ANDÉYÒ MÈS LA

1. RIT KI FÈ YOUN AK YON SÉLÉBRASION PI LAJ PARÒL BONDIÉ-A

26. Fòm sa-a yo doué anplouayé-l sitou lè pa gin sélébrasion Mès la, oubyin lè yo distribiyé kominion sakré-a nan lè ki detèminé anvan, yon fason pou yo kapab nourri fidèl yo ak tab paròl Bondié-a tou. Réyèlman antan y-ap kouté paròl Bondié-a, yo minm yo rékonèt mèvèy li yo y-ap anonsé-a ki rivé nan pi ro pouin-l nan mistè paskal la, sa yo fè sonjé yon fason sakramantèl nan sélébrasion Mès la, sa yo patisipé ladan-l gras a kominion-an. An plis antan yo pran paròl Bondié-a épi li nourri yo, yo minn yo rivé ak aksion-d-gras jous nan yon patisipasion nan mistè k-ap sovè nou yo ki bay frui.

Rit pou kòmansé

27. Apré fidèl yo fi-n rasanblé, épi yo dispozé tout bagay jan yo di pi ro-a (nn. 19-20), minis la salué moun ki prézan yo.

Si li prèt oubyin diak, li di :

**Gras Granmèt nou Jézu-Kri, ak rinmin Bondié-a,
ak kominion Éspri-Sin-an avèk nou tout.**

Tout moun réponn :

É avèk éspri-ou tou.

oubyin :

Granmèt la avèk nou tout.

Tout moun réponn :

É avèk éspri-ou tou.

Min si minis la pa prèt oubyin diak, li salué moun ki prézan yo ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Fè konpliman pou Granmèt la, frè-m yo, li minm ki invité nou ak bon kè sou tab Kò Kris la.

Tout moun réponn :

Konpliman pou Bondié pou tout tan.

Yo kapab sèvi tou ak lòt paròl ki sot nan Ékritu sakré yo, sa yo abitué salué fidèl yo ak yo.

28. Apré sa yo fè akt pénitansièl la. Minis la invité sa k-ap kominié yo nan pénitans la, antan-l di :

**Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo,
pou nou paré pou patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.**

Yo fè yon ti moman silans. Apré sa, tout moun ansanm fè konfésion-an :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua, dévan nou minm tou, frè-m yo,
mouin rékonèt mouin fè anpil péché
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, ak nan sa-m réfizé fè.**

épi, antan yo chak frapé léstomak yo, yo di :

Sé fòt mouin, sé fòt mouin, sé fòt mouin vré.

Apré sa yo kontinié :

**Sé pou sa, mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété vièj,
tout Anj yo ak Sin yo,
épi nou minm tou, frè-m yo,
lapriyé Bondié, Granmèt nou-an, pou mouin.**

Apré sa prèt la bay absolusion-an :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padoné péché nou,
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

Tout moun réponn :

Amèn.

Dòt fòmül akt pénitansièl ochoua, nn. 190-191.

Sélébrasion paròl Bondié-a

29. Apré sa, yo fè sélébrasion paròl la, ki réalizé nan minm fason ak nan Mès la. Yo pran tèks yo, dapré avantaj, soua nan litiji jou-a, soua nan léktu yo propozé pou Mès votiv trè sint Ékaristi-a (*Lectionarium* III, pp. 820-841) soua pou San Granmèt nou Jézu-Kri ki gin anpil valè-a (*Ibidem*, pp. 851-

861) épi yo indiké nan nn. 113-153 Rituèl sa-a. Yo kapab chouazi tou, dapré avantaj, dòt tèks ki pi adapté ak sikonstans patikilié bagay yo nan Léksionè-a, sitou léktu Mès votiv Kè Jézu-Kri ki sakré anpil la, tankou yo indiké pi louin-an nn. 154-188.

Yo kapab sèvi ak youn oubyin pliziè léktu, jan yo t-a ouè sa konvtab. Apré premié léktu-a yo mété yon psòm oubyin yon lòt chan, min nan plas li yo kapab obsèvé yon silans sakré tou.

Sélébrasion paròl la fini ak priyè inivèsèl la.

Kominion sakré-a

30. Antan yo fini priyè inivèsèl la, minis la avansé nan plas koté yo konsèvé Ékaristi-a, li résévoua véso-a oubyin siboua-a ak Kò Granmèt la, li déposé-l sou otèl la, li fè jénoufléksion. Apré sa li introdui priyè Granmèt la avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

**Sé yon lòd Jézu Sovè pasé nou,
sé konsa li montré nou lapriyé,
sé sa ki fè nou kapab di :**

tout moun ansanm kontinié :

**Papa nou ki nan Sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.
Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a.
Padoné sa nou fè-ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.**

31. Apré sa, si sa konvtab, li invité fidèl yo ak paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Frè, montré nou konn viv an pè youn ak lòt.

Épi tout moun, dapré abitud lokalité-a, bay youn lòt yon sign lapè épi rinmin.

32. Lè sa fi-n fèt, minis la fè jénoufléksion, li résévoua osti-a, antan-l kinbé-l lévé anlè yon ti kras sou véso-a oubyin siboua-a, li viré nan diréksion sa k-ap kominié-a, li di :

**Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.
Ala kontantman pou sa yo, yo rélé nan soupé Mouton-an.**

Épi sa k-ap kominié-a di yon sèl foua :

**Grammèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.**

33. Si minis la li minm ap kominié, li di an sékrè :

Sé pou kò Jézu-Kri soutni-m pou lavi ki pap janm fini-an.

Épi li pran Kò Jézu-Kri-a avèk respè.

34. Apré sa li résévoua véso-a oubyin siboua-a, li avansé kot sa k-ap kominié yo, li montré yo chak osti-a li lévé-l yon ti kras, antan-l di :

Kò Jézu-Kri.

Sa k-ap kominié-a réponn :

Amèn.

Épi li kominié.

35. Pandan y-ap distribiyé kominion-an, dapré sikonstans yo kapab chanté yon kantik adapté.

36. Apré yo fi-n distribiyé kominion-an, ti moso yo t-a jouinn pétèt sou patèn nan, minis la mété yo nan siboua-a, ansuit dapré sikonstans li lavé min-l. Sakréman-an minm, si kèk moso t-a rété, li rémété-l nan tabènak la, épi li fè jénoufléksion.

37. Lè sa-a, dapré avantaj, li kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan oubyin chanté yon psòm oubyin yon kantik louanj.

38. Apré sa, minis la di priyè pou fini-an :

An nou lapriyè.

**Bondié ki té kité souvni soufrans ou pou nou
anba sakréman ékstraòdinè sa-a,
fè nou favè, tanpri,
pou nou adoré mistè sakré Kò-ou ak San-ou nan
yon fason pou nou toujou santi frui rédanmsion-ou nan nan nou.
Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun réponn :

Amèn.

Dòt priyè ochoua, nn. 210-219.

Nan tan paskal minm sé pou yo pran pito priyè yo indiké nan nn. 220-222.

Rit konklizyon

39. Apré sa, minis la, si li sé prèt oubyin diak, li viré nan diréksion pèp la, antan-l lonjé min-l li di :

Granmèt la avèk nou tout.

Tout moun :

É avèk éspri-ou tou.

Épi li béni pèp la, antan-l di :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

Tout moun :

Amèn.

Nan plas fòmül sa-a, yo kapab sèvi tou ak bénédiksion solanèl oubyin priyè sou pèp la, jan sa yé pou bénédiksion ki gin nan fin Mès la nan Misèl Romin-an.

40. Min si minis la pa prèt oubyin diak, li rélé bénédiksion Bondié épi antan-l fè sign koua-a sou pròp tèt li, li di :

**Sé pou Granmèt la béni nou, pou-l défann nou anba tout mal,
pou-l kondui nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

oubyin :

**Sé pou Granmèt la ki gin tout pouvoua-a épi ki gin mizérikòd la
béni nou, Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an.**

Tout moun réponn :

Amèn.

41. Anfin minis la di :

Alé ak kè pozé.

Tout moun réponn :

Mèsi Bondié, mèsi.

Lè sa-a atò, apré-l fi-n fè révérans la, minis la alé.

2. RIT KI FÈ YOUN AK YON SÉLÉBRASION PI KOUT PARÒL BONDIÉ-A

42. Fòm sa-a yo doué anplouayé-l lè sikonstans yo konsyé fòm ki fè youn ak yon sélébrasion pi laj paròl Bondié-a pa konvab, sitou lè sé youn oubyin dé sèlman ki gin pou kominié, épi konsa li pa posib pou òganizé youn vrè sélébrasion kominotè.

Rit pou kòmansé

43. Antan tout bagay dispozé tankou pi ro-a (nn. 19-20), minis la salué moun ki pral kominié yo (nn. 27, 189) épi li invité yo pou réalizé akt pénitansiyèl la (nn. 28, 190-191).

Sélébrasion kout paròl Bondié-a

44. Antan yo soté sélébrasion paròl Bondié-a, dapré avantaj sé pou youn nan moun ki prézan yo oubyin minis la minm, li kèk tèks tou kout nan Èkriti sint yo, koté gin diskou sou pin lavi-a.

Jan 6, 54-55 : Moun ki manjé chè-m

épi ki bouè san-m,

li gin lavi ki pap janm fini-an :

mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.

Kò-m sé yon manjé tout bon vré,

san-m sé yon bouason tout bon vré.

Jan 6, 54-59 : Moun ki manjé chè-m
 épi ki bouè san-m,
 li gin lavi ki pap janm fini-an :
 mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.
 Kò-m sé yon manjé tout bon vré,
 san-m sé yon bouason tout bon vré.
 Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m,
 li rét nan mouin épi mouin minm nan li.
 Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan,
 épi mouin viv akoz Papa-a ;
 konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akoz mouin tou.
 Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la.
 Sé pa tankou zansèt nou yo ki té manjé ma-n nan,
 épi ki té mouri yo.
 Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.

Jan 14, 6 : Mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a.
 Pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé palintèmediè-m.

Jan 14, 23 : Si yon moun rinmin-m, l-ap kinbé paròl mouin,
 Papa-m ap rinmin-l,
 n-ap vi-n jouinn li, n-ap abité lakay li.

Jan 15, 4 : Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou.
 Minm jan branch la pa kapab donnin frui pou kont li-a,
 si-l pa rét nan pié rézin-an,
 konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.

1 Korintyin 11, 26 : Chak fousa réyèlman n-ap manjé pin sa-a,
 n-ap bouè kalis sa-a,
 sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé, joutan li vini.

Yo kapab chouazi tou yon lòt tèks ki adapté nan sa yo propozé pi louin-an, nn. 113 ss.

Kominion sakré-a

45. Minis la résévoua véso-a oubyin siboua-a ak Kò Granmèt la, li déposé-l sou otèl la, li fè jénoufléksion. Apré sa li introdui priyè Granmèt la avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

**Sé you lòd Jézu Sovè pasé nou,
sé konsa li montré nou lapriyè,
sé sa ki fè nou kapab di :**

tout moun ansanm kontinié :

**Papa nou ki nan Sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.
Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a.
Padoné sa nou fè-ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.**

32. Lè sa fi-n fèt, minis la fè jénoufléksion, li résévoua osti-a, antan-l kinbé-l lévé anlè yon ti kras sou véso-a oubyin siboua-a, li viré nan diréksion sa k-ap kominié yo, li di :

**Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.
Ala kontantman pou sa yo, yo rélé nan soupé Mouton-an.**

Épi sa k-ap kominié-a di yon sèl foua :

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.**

47. Si minis la li minm ap kominié, li di an sékrè :

Sé pou kò Jézu-Kri soutni-m pou lavi ki pap janm fini-an.

Épi li pran Kò Jézu-Kri-a avèk respè.

48. Apré sa li résévoua véso-a oubyin siboua-a, li avansé kot sa k-ap kominié yo, li montré yo chak osti-a li lévé yon ti kras, antan-l di :

Kò Jézu-Kri.

Sa k-ap kominié-a réponn :

Amèn.

Épi li kominié.

49. Apré yo fi-n distribiyé kominion-an, ti moso yo t-a jouinn pètèt sou patèn nan, minis la mété yo nan siboua-a, ansuit dapré sikonstans li lavé min-l. Sakréman-an minm, si kèk moso t-a rété, li rémété-l nan tabènak la, épi li fè jénoufléksion.

Lè sa-a, dapré avantaj, li kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan oubyin chanté yon psòm oubyin yon kantik louanj.

50. Apré sa, minis la di priyè pou fini-an :

An nou lapriyè.

**Bondié ki té kité souvni soufrans ou pou nou
anba sakréman ékstraòdinè sa-a,
fè nou favè, tanpri,
pou nou adoré mistè sakré Kò-ou ak San-ou nan
yon fason pou nou toujou santi frui rédanmsion-ou nan nan nou.
Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun réponn :

Amèn.

Dòt priyè ochoua, nn. 210-219.

Nan tan paskal minm sé pou yo pran pito priyè yo indiké nan nn. 220-222.

Rit konklizion

39. Apré sa, minis la, si li sé prèt oubyin diak, li viré nan diréksion pèp la, antan-l lonjé min-l li di :

Granmèt la avèk nou tout.

Tout moun :

É avèk éspri-ou tou.

Épi li béni pèp la, antan-l di :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

Tout moun :

Amèn.

52. Min si minis la pa ni prèt ni diak, li rélé bénédiksion Bondié épi, antan-l fè sign koua-a sou pròp tèt li, li di :

Sé pou Granmèt la béni nou, pou-l défann nou anba tout mal, pou-l kondui nou nan lavi ki pap janm fini-an.

oubyin :

Sé pou Granmèt la ki gin tout pouvoua-a épi ki gin mizérikòd la béni nou, Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an.

Tout moun réponn :

Amèn.

53. Anfin minis la di :

Alé ak kè pozé.

Tout moun réponn :

Mèsi Bondié, mèsi.

Lè sa-a atò, apré-l fi-n fè révéran la, minis la alé.

CHAPIT II

KOMINION ÉPI VIATIK POU MALAD YO LÈ YON MINIS ÉKSTRAÏDINÈ POTÉ YO

54. Kominion sakré-a épi Viatik la, prèt la oubyin diak la administré-l bay malad yo dapré rit yo dékri nan *Ôrdo Onksion malad yo ak souin pastoral yo*. Min, lè sé yon akolit oubyin yon minis ékstraòdinè kominion sakré-a yo délégé dapré règléman doua-a, k-ap poté Trè Sin Sakréman-an bay malad yo, yo obsèvé rit ki suiv yo.

55. Yo gin doua administré Ékaristi-a sou espès divin-an sèlman pou moun yo ki pa kapab résevoua-l sou espès pin-an.

San Granmèt-la yo poté-l kay malad la nan yon véso ki fèmin nan yon fason pou évité tout danjé li vidé. Nan administrasion Sakréman-an minm, nan chak ka, sé pou yo chouazi fason ki pi adapté nan sa yo propozé pou distribision kominion sou toulèdé espès yo. Si apré yo fi-n bay kominion-an gin yon pati nan trè présié San-an ki rété, sé pou minis la bouè-l, épi sé pou-l pran souin fè ablusion yo doué fè yo.

1. RIT ÒDINÈ KOMINION MALAD YO

56. Antan-l proché kot malad la, minis la, ki abiyé ak vètman ki konvnan pou ministè sa-a (cf. n. 20), li salué malad la avèk lòt moun yo ki prézan yo avèk jantiyès, antan-l sèvi, si ka-a prezanté, avèk salutation-an :

Lapè pou kay sa-a ak pou tout moun ki abité ladan-l.

Li kapab sèvi tou ak lòt paròl ki sot nan Ékritu sint la, sa yo abitué salué fidèl yo avèk yo.

Lè sa-a atò, antan-l dépozé Sakréman-an sou tab la, li adoré-l, ansanm ak moun yo ki la-a.

57. Minis la invité malad la ak lòt moun yo ki prézan yo pou yo fè akt pénitansièl la :

Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo, pou nou paré pou patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.

Yo fè yon poz silans tou kout. Apré sa tout moun ansanm fè konfésion-an :

**Dévan Bondié ki gin tout pouvoua
épi dévan nou minm tou, frè-m yo,
mouin rékonèt mouin fè anpil péché
nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, ak nan sa-m réfizé fè.**

épi antan yo frapé léstomak yo, yo di :

Sé fot mouin, sé fot mouin, sé fot mouin vré.

Apré sa yo kontinié :

**Sé pou sa mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,
tout Anj yo ak Sin yo
épi nou minm tou, frè-m yo,
lapriyé Bondié, Granmèt nou-an, pou mouin.**

Épi pè-a fini :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padonnin péché nou,
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

Tout moun réponn :

Amèn.

Dòt fòmül akt pénitansièl yo kapab chouazi, nn. 190-191.

Léktu kout paròl Bondié-a

58. Apré sa, dapré avantaj, youn nan moun yo ki la-a oubyin minis la li minm kapab li yon tèks Ékritu sint la, parégzanp sa yo indiké pi louin-an n. 71.

Kominion sakré-a

58. Lè sa-a atò, minis la avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo li introdui résitasyon priyé Granmèt la :

**Koulié-a minm, antan nou fè yon sèl, an nou priyé Bondié,
jan Granmèt nou Jézu-Kri té aprann nou priyé-a :**

épi tout moun ansanm kontinué :

**Papa nou, ki nan sièl la :
sé pou yo réspékté non-ou ;
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**

**Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;
padoné sa nou fè-ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy ;
pa kité nou pran nan pièj ;
min délivré nou ak sa ki mal.**

60. Lè sa-a atò minis la montré Trè Sin Sakréman-an antan-l di :

**Min Jézu Mouton Bondié-a, ki ouété péché tè-a.
Ala kontantman pou sa yo, yo rélé nan résépsion Mouton-an.**

Malad la avèk lòt moun yo ki gin pou kominié yo di yon sèl foua :

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.**

61. Minis la proché kot malad la, épi antan-l montré-l Sakréman-an, li di-l :

Kò Jézu-Kri (oubyin : San Jézu-Kri).

Malad la réponn :

Amèn.

Épi li kominié.

Lòt moun yo ki la-a ki gin pou yo kominié, yo résévoua sakréman-an kòm dòdinè.

62. Lè yo fi-n distribiyé kominion-an, minis la fè purifikasion-an. Lè sa-a atò, dapré bézouin, yo kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan.

Apré sa, minis la di priyè ki fini-an :

An nou lapriyè.

Granmèt, Papa ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua

ki la dépi tout tan é pou tout tan,

n-ap priyé-ou avèk fidélité

pou Kò (San) Granmèt nou Jézu-Kri Pitit ou-a ki sin anpil la

sèvi kòm rémèd tout tan

ni pou kò ni pou nanm

frè nou-an (sè nou-an) ki résévoua-l la.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

Tout moun réponn :

Amèn.

Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 210-222.

Rit konklizion-an

63. Apré sa minis la invoké bénédiksion Bondié épi, antan l-ap fè sign koua-a sou pròp tèt pa-l, li di :

Sé pou Granmèt la béni nou, pou-l défann nou anba tout mal, pou-l kondui nou nan lavi ki pap janm fini-an.

oubyin :

Sé pou Granmèt la ki gin tout pouvoua-a épi ki gin mizérikòd la béni nou, Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an.

Tout moun réponn :

Amèn.

2. RIT PI KOUT POU KOMINION MALAD YO

64. Rit sa-a ki pi kout la, yo sèvi avè-l lè sé pliziè malad, ki rété nan divès chanm nan minm kay la, y-ap bay kominion-an, parégzanp nan minm lopital la, yo kapab ajouté si sa nésésè kèk pati yo pran nan rit òdinè-a.

65. Rit la kapab kòmansé oubyin nan yon légliz oubyin nan yon chapèl oubyin nan yon premié chanm, antan minis la ap di réfrin-an :

**Ala yon féstin sakré, koté yo résévoua Kris la :
yo raplé souvni soufrans li-a,
léspri-a plin avèk gras,
épi yo ba nou avaloua gloua tout tan-an.**

Lòt réfin ochoua, nn. 200-203.

66. Lè sa-a atò, minis la, dapré avantaj, antan kèk moun akonpagné-l antan yo poté chandèl, li proché kot malad yo épi li di soua yon sèl foua pou tout malad yo ki prézan nan minm chanm nan, soua pou yo chak ki gin pou yo kominié-a :

**Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.
Ala kontantman pou sa yo, yo rélé nan soupé Mouton-an.**

Chak moun ki gin pou kominié di yon sèl foua :

**Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.**

Li résévoua kominion-an nan fason òdinè.

67. Rit la fini ak priyè-a (cf. n. 62), sa yo kapab di oubyin nan légliz la, oubyin nan chapèl la, oubyin nan dènié chanm nan.

3. VIATIK LA

Rit pou kòmansé

68. Antan-l proché kot malad la, minis la, ki abiyé ak vètman ki konvnan pou ministè sa-a (cf. n. 20), li salué-l avèk lòt moun ki prézan yo avèk jantiyès, antan-l sèvi, si ka-a prezanté, ak salutasion :

Lapè pou kay sa-a ak pou tout moun ki abité ladan-l.

Li kapab sèvi tou ak lòt paròl ki sot nan Ékritu sint la, sa yo abitué salué fidèl yo avèk yo.

Lè sa-a atò, antan-l dépozé Sakréman-an sou yon tab, li adoré-l avèk moun ki prézan yo.

69. Apré sa, li palé avèk moun ki la yo, nan avètisman ki suiv la, oubyin dòt ki adapté pi plis nan kondision malad la :

Frè-m yo mouin rinmin anpil la : Granmèt Jézu-Kri, anvan-l té travèsé sot sou tè sa-a al kay Papa-a, li té kité sakréman Kò li avèk San li pou nou, pou, lè n-ap fè pasaj nou sot nan lavi sa-a al jouinn li antan nou fòtifié avèk Viatik Kò li avèk San li, nou jouinn soutyin gaj réziréksion-an. Antan nou fè youn nan lacharité avèk frè nou-an, an nou lapriyè pou li.

Épi tout moun lapriyè an silans pandan kèk éspas tan.

70. Minis la invité malad la ak lòt moun ki la yo pou yo fè akt pénitansièl la :

Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo pou nou kapab paré pou nou patisipé nan sélébrasion sa-a ki sakré-a.

Yo fè yon ti poz silans tou kout. Apré sa tout moun ansanm fè konfésion-an :

Dévan Bondié ki gin tout pouvoua

épi dévan nou minm tou, frè-m yo, mouin rékonèt mouin fè anpil péché

nan sa-m pansé, nan sa-m di, nan sa-m fè, ak nan sa-m réfizé fè :

épi antan yo frapé pouatri-n yo, yo di :

Sé fòt mouin, sé fòt mouin, sé fòt mouin vré.

Apré sa yo kontinié :

Sé pou sa mouin mandé Mari ki sin é ki toujou rété Vièj,
tout Anj yo ak Sin yo
épi nou minm tou, frè-m yo,
lapriyè Bondié, Granmèt nou-an, pou mouin.

Épi minis la fini :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padonnin péché nou,
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.

Tout moun réponn :

Amèn.

Dòt fòmül akt pénitansièl yo kapab chouazi, nn. 190-191.

Léktu kout paròl Bondié-a

71. Li byin konvnab pou youn nan moun ki prézan yo, oubyin minis la li minm, li yon tèks kout Ékritu sakré yo, parégzanp :

Jan 6, 54-55 : Moun ki manjé chè-m
épi ki bouè san-m,
li gin lavi ki pap janm fini-an :
mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.
Kò-m sé yon manjé tout bon vré,
san-m sé yon bouason tout bon vré.

Jan 6, 54-59 : Moun ki manjé chè-m
épi ki bouè san-m,
li gin lavi ki pap janm fini-an :
mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.
Kò-m sé yon manjé tout bon vré,
san-m sé yon bouason tout bon vré.
Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m,
li rété nan mouin épi mouin minm nan li.
Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan,
épi mouin viv akoz Papa-a ;
konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akoz mouin tou.
Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la.
Sé pa tankou zansèt nou yo ki té manjé ma-n nan,
épi ki té mouri yo.
Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.

- Jan 14, 6 :** Mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a.
Pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé palintèmediè-m.
- Jan 14, 23 :** Si yon moun rinmin-m, l-ap kinbé paròl mouin,
Papa-m ap rinmin-l,
n-ap vi-n jouinn li, n-ap abité lakay li.
- Jan 15, 4 :** Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou.
Minm jan branch la pa kapab donnin frui pou kont li-a,
si-l pa rét nan pié rézin-an,
konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.
- Jan 15, 5 :** Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo.
Moun ki rét nan mouin, épi mouin minm mouin nan li,
moun sa-a donnin anpil frui.
paské san mouin minm nou pa kapab fè anyin.
- 1 Korintyin 11,b26 :** Chak foua réyèlman n-ap manjé pin sa-a, n-
ap bouè kalis sa-a,
sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé, joutan li vini.
- 1 Jan 4, 16 :** Nou minm nou konnin, nou kouè nan rinmin-an
Bondié ginyin pou nou-an,
Bondié sé rinmin,
moun ki rété nan rinmin-an, li rété nan Bondié
épi Bondié nan li.

Yo kapab minm chouazi dèt tèks ki adapté nan pami sa yo propozé nan *Òrdo Onksion malad yo ak souin pastoral yo-a* (nn. 247 ss oubyin 153 ss).

Profésion lafoua Batèm nan

72. Li bon pou malad la, anvan-l résévoua Viatik la, li rénouvlé profésion lafoua batèm nan. Minis la, poutèt sa, apré yon introdiksion tou kout avèk paròl ki adapté, li intèrojé li :

Èské ou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a ?

R: Mouin kouè.

Èské ou kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki vièj, ki soufri épi yo antéré-l, ki résisité sot nan pami mò yo é ki chita adouat Papa-a ?

R: Mouin kouè.

Èské ou kouè nan Éspri-Sin-an, nan sint Égliz katolik, nan kominion sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksion chè-a ak nan lavi tout tan-an ?

R: Mouin kouè.

Priyè pou malad la

73. Apré sa, si kondision malad la pèmèt sa, yo fè yon priyè tou kout avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo, antan malad la li minm, nan mézi sa posib, épi moun ki prézan yo ap réponn :

Granmèt Jézu-Kri, frè-m yo mouin rinmin anpil la, avèk yon sèl kè an nou rélé-l :

– Ou minm, Granmèt, ki té rinmin nou jouskalafin, épi ki té rinmèt pròp tèt pa-ou nan lanmò pou té ba nou lavi, n-ap lapriyè-ou pou frè nou-an.

R: Kouté nou, Granmèt.

– Ou minm, Granmèt, ki té di : Moun ki manjé chè mouin épi ki bouè san mouin l-ap gin lavi tout tan-an, n-ap lapriyè-ou pou frè nou-an.

R: Kouté nou, Granmèt.

– Ou minm, Granmèt, ki invité nou nan résépsion sa-a, koté pap gin doule ankò ni dèy, ni tristès ni séparasion, n-ap lapriyè-ou pou frè nou-an.

R: Kouté nou, Granmèt.

Viatik

74. Lè sa-a atò minis la introdui résitasyon priyè Granmèt la avèk paròl sa yo oubyin avèk paròl ki sanblé ak yo :

Koulié-a minm, antan nou fè yon sèl, an nou priyé Bondié, jan Granmèt nou Jézu-Kri té aprann nou priyé-a :

épi tout moun ansanm kontinué :

Papa nou, ki nan sièl la :
sé pou yo réspékté non-ou ;
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.
Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;
padoné sa nou fè-ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy ;
pa kité nou pran nan pièj ;
min délivré nou ak sa ki mal.

75. Lè sa-a atò, minis la, antan-l montré Trè Sin Sakréman-an, li di :

Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.
Ala kontantman pou sa yo, yo rélé nan soupé Mouton-an.
 Épi malad la, si-l kapab, épi lòt yo k-ap kominié yo di yon sèl foua :
Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.

76. Minis la proché kot malad la, épi antan-l montré-l Sakréman-an, li di :

Kò Jézu-Kri (oubyin : San Jézu-Kri)

Malad la réponn :

Amèn.

Épi minm lè-a, oubyin apré li fi-n bay kominion-an, minis la ajouté :

Sé pou-l konsèvé-ou épi pou-l kondui-ou nan lavi tout tan-an.

Malad la réponn :

Amèn.

Moun ki la yo ki dézirá kominié, yo résévoua Sakréman-an kòm dòdinè.

77. Apré yo fi-n distribiyé kominion-an, minis la fè purifikasion-an kòm dòdinè. Lè sa-a atò, dapré sikonstans favorab, yo kapab obsèvé yon silans sakré pandan kèk éspas tan.

Rit konklizion-an

78. **Apré sa, minis la di priyè ki fini-an :**

An nou lapriyè.

**Bondié, ou minm Pitit ou-a sé chémin-an,
vérité-a ak lavi-a pou nou-an,
voyé jé-ou ak bon kè sou sèvitè-ou **N**.
épi fè nou favè pou, antan li konté sou promès ou yo,
épi li réfè avèk Kò ak San Pitit ou-a,
li alé anpè nan péyi koté ou roua-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

R: Amèn.

Dòt priyè ochoua, nn. 223.

Apré sa minis la di :

**Sé pou Granmèt la toujou avèk ou,
sé pou-l soutni-ou ak fòs li
épi pou-l konsèvé-ou nan lapè.**

Lè sa-a atò li minm ak moun ki la yo kapab bay malad la sign lapè-a.

CHAPIT III

DIVÈS FÒM KULT YO BAY TRÈ SINT ÉKARISTI-A

79. Dévotion ni an privé ni an piblik aléga Trè Sint Ékaristi-a, minm andéyò Mès la, dapré prinsip otorité léjitim yo établi, yo rékòmandé-l avèk anprésmen, poutèt Sakrifis ékaristik la sé sous épi pouint tèt tout vi krétièn nan.

Nan òganizé mòd égzèsis piété sakré sa yo, sé pou yo konsidéré tan litijik yo, pou yo kapab an konfòmité ak sakré Litiji-a, antan yo vi-n soti nan li yon sètèn fason épi yo kondui pèp la ladan-l.¹

80. Fidèl yo, lè y-ap adoré Kris la ki prézan nan Sakréman-an, yo doué sonjé prézans sa-a soti nan Sakrifis la épi li ralé minnin nan kominion sakramantèl épi spirituèl la.

Piété-a donk ki pousé fidèl yo pou rasanblé pou adoré sint Ékaristi-a, li atiré yo pou yo patisipé an plin nan mistè paskal la épi pou yo bay kado Kris la répons ak yon nanm rékonésan, li minm ki, palintèmédiè natu moun li-an, ap vidé lavi Bondié-a san rété nan manb Kò li-a. Antan yo rété bò Kris Granmèt la, yo gouté familiarité li-a sou anndan épi yo vidé kè yo dévan-l pou yo minm minm ak pou tout moun pa yo, épi yo lapriyé pou lapè ak pou tè-a sové. Antan y-ap ofri tout lavi yo ansanm ak Kris la bay Papa-a nan Éspri-Sin-an, apati échanj ékstraòdinè sa-a yo rivé jouinn kouasans lafoua-a, éspérans la ak charité-a. Konsa donk yo nourri dispozision douat sa yo, ki parèy ak dévotion-an, ki fè yo kapab sélébré mémorial Granmèt la épi pin sa-a, Papa-a ba nou-an, yo résévoua-l souvan.

Sé poutèt sa, sé pou fidèl yo fè éfò pou yo adoré Kris la nan Sakréman-an dapré pròp kondision lavi yo. Sé pou Pastè yo kondui yo nan sa ak égzanp yo épi ankourajé yo ak paròl yo.²

81. Sé pou yo sonjé anplis yo minm ak mòd priyé sa-a dévan Kris Granmèt la ki prézan nan Sakréman-an yo prolonjé inion sa-a yo té jouinn avèk li nan kominion-an, épi yo rénouvle aliens sa-a ki pousé yo pou yo kinbé nan konduit yo ak lavi yo sa yo té résévoua nan sélébrasion Ékaristi-a palintèmédiè lafoua-a ak sakréman-an. Sé pou yo fè éfò donk pou ak rékonésans yo minnin tout lavi yo dapré fòs manjé sièl, antan yo patisipé nan lanmò ak rézireksion Granmèt la. Sé poutèt sa, yo chak doué anprésé pou fè bon aksion épi fè Bondié plézi, antan yo bay pròp tèt yo objéktif ranpli tè-a ak éspri krétyin-an, épitou nan tout sikonstans, nan mitan sosisété lèzòm nan, pou yo tounin témouin Kris la.³

¹ Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 58: A.A.S. 59 (1967), p. 569.

² Cf. *ibid.*, n. 50: l. c., p. 567.

³ Cf. *ibid.*, n. 13: l. c., p. 549.

1. ÉKSPOZISION TRÈ SIN SAKRÉMAN-AN

SA POU YO NOTÉ ANVAN

I. RAPÒ KI GINYIN ANT ÉKSPOZISION-AN AK MÈS LA

82. Ékspozision trè sint Ékaristi-a, soua avèk siboua-a soua avèk ostan-soua-a, minnin rékonèt nan li mèvèy prezans Kris la, épi invité kè yo fè youn ak li, sa-k vi-n rivé nan pi ro pouin nan kominion sakramantèl la. Sé poutèt sa, li favorizé nan pi bon fason-an kult yo doué fè-a nan éspri ak nan vérité-a.

Yo doué fè atansion pou, nan mòd ékspozision sa yo, yo mété an limiè kult Sakréman-an nan rapò li ginyin ak Mès la. Nan préparasion ékspozision-an yo doué évité avèk souin tout sa ki t-a kapab voualé nan yon fason kèlkonk sa Kris la anvi-a, ki fè li té kité trè sint Ékaristi-a pou li sèvi pou nou kòm nouritu, rémèd épi soulajman.⁴

83. Pandan tout tan ékspozision trè sin Sakréman-an, yo intèdi sélébrasion Mès la nan minm éspas légliz la.

Paské, an plis rézon yo bay nan n. 6 la, sélébrasion mistè ékaristik la gin ladan-l, yon fason ki pi apouin, kominion sou pa anndan sa-a ékspozision-an vlé minnin fidèl yo ladan-an.

Si ékspozision trè sin Sakréman-an ap prolonjé pandan yon jou oubyin plizie jou suivi, sé pou yo sispann li pandan sélébrasion Mès la, sof si pétèt sé nan yon chapèl ki séparé ak éspas koté y-ap fè ékspozision-an, y-ap sélébré Mès la, épi omouin kèk fidèl rété nan adorasion-an.⁵

II. PLIZIÈ BAGAY YO DOUÉ OBSÈVÉ NAN ÉKSPOZISION ÒDINÈ-A

84. Dévan trè sin Sakréman-an, soua ki konsèvé nan tabènak la soua ki ékspozé pou adorasion an piblik la, sé yon sèl jénou pou yo plouayé.

85. Nan ékspozision trè sin Sakréman-an yo fè ak ostantsoua-a, sé pou yo limin kat chandèl oubyin sis, sètadi minm kantité yo gin pou Mès la, épi sé pou yo anplouayé lansan. Nan ékspozision ak siboua-a, sé pou yo limin dé chandèl sèlman ; yo kapab sèvi ak lansan-an.

⁴ Cf. *ibid.*, n. 60: l. c., p. 570.

⁵ Cf. *ibid.*, n. 61: l. c., pp. 570-571.

Ékspozision prolonjé-a

86. Nan légliz yo koté yo konsèvé Ékaristi-a abituèlman, yo rékòmandé pou chak ané gin yon ékspozision solanèl trè sin Sakréman-an y-ap prolonjé pandan kèk tan, minm si li pa kontinié yon fason séré, pou kominoté lokal la kapab pran tan médité épi adoré mistè sa-a.

Min mòd ékspozision sa-a, avèk konsantman Òrdinè koté-a, sé pou yo fè-l sèlman si yo prévoua patisipasyon yon kantité fidèl ki konvab.⁶

87. Pou kèk nésésité minm ki grav épi jénéral, Òrdinè koté-a kapab kòmandé pou yo fè siplikasyon ki prolonjé pandan yon tan long dévan trè sin Sakréman-an ki ékspozé nan légliz koté fidèl yo patisipé pi souvan.⁷

88. Koté pa gin yon kantité adoraté ki sifizan épi yo pa kapab fè ékspozision-an san rété, yo pèmèt rémété trè sin Sakréman-an nan tabènak la, nan lè yo établi épi pibliyé anvan, min pa pi souvan pasé dé foua nan jounin-an, parégzanp alantou midi épi nan tan lannuit.

Min répozision sa-a kapab fèt nan fason ki pi simp la : prèt la oubyin diak la, antan-l abiyé avèk ob la oubyin surpli-a sou souta-n nan épi étòl la, apré yon adoration tou kout, antan-l fè priyè-a avèk fidèl yo, li rémété trè sin Sakréman-an nan tabènak la. Minm jan-an tou, nan tan ki établi-a, li fè ékspozision-an ankò.⁸

Ékspozision kout la

89. Ékspozision kout trè sin Sakréman-an sé pou yo òganizé yo yon fason pou nan yo, anvan bénédikcion ak trè sin Sakréman-an, yo bay yon tan konvab pou léktu paròl Bondié yo, kantik yo, priyè yo épi méditation ki prolonjé pandan kèk tan an silans.

Ékspozision yo fè sèlman pou bay bénédikcion, yo intèdi sa.⁹

Adoration nan kominoté rélijijé yo

90. Kominoté rélijijé yo ak lòt group priyè ki dapré konstitision yo oubyin règléman Institi yo, okipé fè adoration ékaristik pèpétuèl la oubyin ki prolonjé pandan yon tan long, yo rékòmandé yo pou yo òganizé bon koutim priyè sa-a dapré éspri sakré Litiji-a yon fason pou, lè adoration dévan Kris Granmèt la fèt ak patisipasyon tout kominoté-a, yo fè-l ak léktu sakré yo,

⁶ Cf. *ibid.*, n. 63: l. c., p. 571.

⁷ Cf. *ibid.*, n. 64: l. c., p. 572.

⁸ Cf. *ibid.*, n. 65: l. c., p. 572.

⁹ Cf. *ibid.*, n. 66: l. c., p. 572.

chan, silans sakré, k-ap bay plis rézilta pou favorizé lavi spirituèl kominoté-a li minm. Nan fason sa-a minm éspri inité-a ak fratènitè-a, sa Ékaristi-a vlé di-a épi réalizé-a, l-a progrèsé pami manb kay rélijijé la li minm, épi y-ap bay Sakréman-an kult yo doué-l la yon fason ki pi dign.

Sé pou yo konsèvé tou, épi sa mérité anpil louanj, fòm adorasion sa-a koté youn oubyin dé manb sèlman ranplasé youn lòt. Paské minm ak fòm sa-a tou, dapré prinsip Institi-a, sa Égliz la aprouvé-a, sé nan non tout kominoté-a ak Égliz la yo minm y-ap adoré Kris Granmèt la nan Sakréman-an épi y-ap priyé-l.

III. MINIS ÉKSPOZISION TRÈ SINT ÉKARISTI-A

91. Minis òdinè ékspozision trè sin Sakréman-an sé prèt la oubyin diak la, li minm ki alafin adorasion-an, anvan li répozé Sakréman-an, li béni pèp la ak Sakréman-an minm.

Lè prèt la oubyin diak la absan oubyin yo gin yon anpèchman léjitim, moun sa yo kapab ékspozé trè sint Ékaristi-a pou adorasion fidèl yo an piblik épi apré sa répozé-l :

a) akolit la ak minis ékstraòdinè kominion sakré-a ;

b) kèk manb kominoté rélijijé yo épi asosiasion apostola layik yo, soua gason yo soua fi yo, ki okipé fè adorasion ékaristik, Òdinè koté-a mandaté.

Tout moun sa yo kapab fè ékspozision-an antan yo ouvri tabènak la oubyin minm, si sa t-a konvnb, antan yo dépozé siboua-a sou otèl oubyin antan yo mété osti-a nan ostansoua-a. Alafin adorasion-an yo rémété Sakréman-an nan tabènak. Min yo pa pèmèt yo bay bédiksion-an ak trè sin Sakréman-an.

92. Minis la, si li prèt oubyin diak, li abiyé ak ob la oubyin surpli-a sou souta-n nan épi li pran étòl koulè blan.

Lòt minis yo minm, soua y-a pran vètman litijik ki tradisionèl pétèt nan réjion yo-a, soua y-a mété vètman ki pa indign pou ministè sa-a épi Òdinè-a aprouvé.

Min pou bay bédiksion-an nan fin adorasion-an, lè yo fè ékspozision-an ak ostansoua-a, prèt la avèk diak la ap pran chap la tou épi voual uméral koulè blan ; min si sé ak siboua-a yo pran voual uméral la.

ÒRDO ÉKSPOZISION-AN AK BÉNÉDIKSION ÉKARISTIK LA

Ékspozision-an

93. Lè pèp la rasanblé épi antan l-ap égzékité yon kantik dapré avantaj, minis la avansé kot otèl la. Si Sakréman-an pa konsèvé nan otèl koté yo fè ékspozision-an, minis la, antan-l pran voual uméral la, li poté-l sot koté yo konsèvé-l la, antan minis yo oubyin fidèl yo ap akonpagné-l ak chandèl limin.

Yo doué mété siboua-a oubyin ostansoua-a sou tab otèl la ki kouvri ak yon nap. Min si ékspozision-an ap prolonjé pandan yon tan pi long épi yo fè-l ak ostansoua-a, yo kapab anplouayé yon tro-n, ki plasé nan yon koté ki pi ro ; min sé pou yo véyé pou li pa ni trò ro ni trò louin.¹⁰ Apré li fè ékspozision-an, si sé ak ostansoua-a li fè-l, minis la ansansé Sakréman-an. Apré sa, si adorasion-an prolonjé pandan yon tan pi long, li kapab alé.

94. Si ékspozision-an pi solanèl épi li prolonjé, sé pou yo konsakré osti yo pral montré pou adorasion-an nan Mès ki vini tousuit anvan-an, épi pou yo mété-l nan ostansoua-a sou otèl la apré kominion-an. Mès la minm fini ak priyé aprè kominion-an, antan yo soté rit konklizyon yo. Min anvan prèt la alé, li mété Sakréman-an sou tro-n nan, si sa konvnab, épi li ansansé-l.

Adorasion-an

95. Pandan ékspozision-an, yo doué òganizé priyé yo, chan yo, léktu yo yon fason pou fidèl yo ki atantif nan priyé-a, okipé Kris Grammèt la.

Pou alimanté priyé sou pa anndan-an, sé pou yo anplouayé léktu nan sint Ékritu-a ak oméli-a oubyin kèk égzòtasyon kout, ki minnin nan fè rékonèt valè mistè ékaristik la pi byin. Li konvnab tou pou fidèl yo réponn paròl Bondié-a antan y-ap chanté. Li bon pou gin moman silans sakré ki adapté.

96. Dévan trè sin Sakréman-an ki ékspozé pandan yon tan ki long, yo kapab sélébré kèk pati Litiji Lè yo tou, sitou Lè prinsipal yo ; palintèmediè yo réyèlman louanj ak aksion-d-gras yo bay Bondié nan sélébrasion Ékaristi-a, yo élaje-l sou divès lè jounin-an, yo dirijé siplikasyon Égliz la bay Kris la épi palintèmediè-l bay Papa-a, nan non tout tè-a.

¹⁰ Cf. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 62: A.A.S. 59 (1967), p. 571.

Bénédiksion-an

97. Nan fin adorasion-an, prèt la oubyin diak la proche kot otèl la, li fè jénoufléksion-an épi li mét ajénou, yo chanté yon imn oubyin yon lòt chan ékaristik.¹¹ Antrétan, minis la ki ajénou ansansé trè sin Sakréman-an, lè yo fè ékspozision-an ak ostansoua-a.

98. Apré sa li lévé épi li di :

An nou lapriyè.

Yo fè yon poz silans tou kout ; apré sa minis la kontinué :

**Bondié ki té kité souvni soufrans ou pou nou
anba sakréman ékstraòdinè sa-a,
fè nou favè, tanpri,
pou nou adoré mistè sakré Kò-ou ak San-ou nan
yon fason pou nou toujou santi frui rédanmsion-ou nan nan nou.
Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun réponn :

Amèn.

Dòt priyè ochoua, nn. 224-229.

99. Apré li fi-n di priyè-a, prèt la oubyin diak la, antan-l pran voual uméral la, li fè jénoufléksion, li résévoua ostansoua-a oubyin siboua-a épi avè-l li fè sign koua-a sou pèp la, san-l pa di anyin.

Répozision-an

100. Lé bénédiksion-an fini, prèt la oubyin diak la, li minm ki té bay bénédiksion-an, oubyin yon lòt prèt oubyin diak, répozé Sakréman-an nan tabènak la épi li fè jénoufléksion-an, pandan pèp la ap di kèk aklamasyon dapré avantaj, épi lè sa-a li alé.

¹¹ Cf. infra nn. 192-199.

2. PROSÉSION ÉKARISTIK YO

101. Nan prosésion koté yo poté Ékaristi-a al nan lari yo nan rit solanèl avèk kantik, sé an piblik pèp krétyin-an bay témouagnaj lafoua ak piété aléga trè sin Sakréman-an.

Sé dévoua Òrdinè koté-a pou-l jijé soua osijè konvnans la, nan sikonstans bagay yo jodi-a, soua osijè tan-an, koté-a épi òganizasion mòd prosésion sa yo, pou yo kapab fèt avèk dignité, san domaj pou respè yo doué trè sin Sakréman sa-a.¹²

102. Nan pami prosésion ékaristik yo gin youn ki gin yon inpòtans ak yon signifikasyon spésial nan lavi pastoral parouas la oubyin vil la, sé sa yo abitué fè chak ané nan solanité Kò ak San Kris la, oubyin yon lòt jou konvnab ki toupré solanité sa-a. Sa konvnab donk, koté sikonstans bagay yo pèmèt sa jodi-a, épi li kapab vrèman yon sign lafoua komin-an ak adorasion-an, pou yo konsèvé prosésion sa-a, dapré règléman doua-a établi.

Min si vil la gran anpil, épi nésésité pastoral la konséyé sa, yo pèmèt, dapré jijman Òrdinè koté-a, pou yo òganizé dèt prosésion nan zòn prinsipal vil la. Min koté yo pa kapab gin prosésion-an nan solanité Kò ak San Kris la, li bon pou gin yon lòt sélébrasion piblik pou tout vil la oubyin pou zòn prinsipal li, nan légliz katédral la oubyin yon lòt koté ki konvnab.

103. Li bon pou yo fè prosésion ak trè sin Sakréman-an apré Mès la, koté yo konsakré osti y-ap poté nan prosésion-an. Min anyin pa anpéché ditou pou yo fè prosésion-an minm apré yon adorasion an piblik ki prolonjé, ki suiv Mès la.

104. Sé pou yo dispozé prosésion ékaristik yo dapré koutim lokal yo, soua pou sa ki konsèné dékorasion plas yo ak lari yo, soua nan sa ki konsèné fason pou ranjé moun k-ap patisipé yo. Pandan chémin-an, si koutim nan kinbé épi byin pastoral la konséyé sa, yo kapab fè stasion ak bénédiksion ékaristik tou. Min kantik ak priyé y-ap di yo doué orianté yon fason pou tout moun manifésté lafoua li nan Kris la épi okipé Bondié sèlman.

105. Prèt la k-ap poté Sakréman-an, si yo fè prosésion-an tousuit apré Mès la, li kapab kinbé vètman li té anlouayé nan Mès la oubyin pran chap koulè blan-an ; min si prosésion-an pa suiv Mès la tousuit, l-ap pran chap la.

106. Limiè yo, ansan-an, baldakin-an, sa prèt k-ap poté Sakréman-an maché anba-l la, sé pou yo sèvi ak yo dapré koutim koté yo.

¹² Cf. S. Congr. Rituuum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 59 : A.A.S. 59 (1967), p. 570.

107. Li bon pou prosésion-an dirijé soti nan yon légliz al nan yon lòt. Poutan, si sikonstans lokal yo konséyé sa, li kapab minm tounin nan minm légliz la koté li té soti-a.

108. Alafin prosésion-an, sé pou yo bay bénédikcion ak trè sin Sakréman-an nan légliz koté yo rivé-a oubyin nan yon lòt koté ki konvnan ; épi yo répozé trè sin Sakréman-an.

3. KONGRÈ ÉKARISTIK YO

109. Kongrè ékaristik yo, sa yo introdui nan lavi Égliz la nan tan ki pi pré nou kòm yon maniféstasion patikilié kult ékaristik la, yo doué konsidéré yo tankou « stasion » koté kèk kominoté Égliz lokal toutantié, oubyin kèk Égliz lokal invité lòt Égliz yon réjion oubyin yon nasion, oubyin minm sou tout tè-a, pou ansanm yo dékouvri pi afon mistè Ékaristik la sou yon aspè é pou yo adoré-l an piblik nan chinn rinmin-an ak inité-a.

Pou mòd kongrè sa yo kapab sign lafoua-a ak charité-a tout bon vré, yo bézouin patisipasion Égliz lokal la an plin épi pou lòt Égliz yo vi-n asosyé yon fason rémakab.

110. Osijè koté-a, tèm nan épi òganizasion pou sélébré kongrè-a, sé pou yo fè réchèch konvnan soua nan Égliz lokal la, soua nan lòt Égliz yo, ki minn konsidéré vrè bézouin yo épi ki favorizé progrè étid téolojik yo ak byin Égliz lokal la. Nan réchèch sa yo sé pou yo anplouayé konkou travay ékspè yo nan étid téolojik, biblik, litijik, pastoral épitou nan sians yo rélé « umèn » yo.

111. Nan préparé kongrè-a, sé pou yo fè sa yo sitou, anvan lòt yo :

a) yon katéchèz pi aprofondi, ki adapté dapré kapasité divès group yo, osijè Ékaristi-a, sitou antan li sé mistè Kris vivan-an k-ap aji nan Égliz la ;

b) yon patisipasion ki pi aktif nan Litiji sakré-a, k-ap favorizé an minm tan kouté paròl Bondié-a rélijijzman épi sans kominoté fratènèl la ;¹³

c) réchèch dokiman yo, réalizasion travay sosyal an favè promosion moun nan ak pataj byin yo ki doué fèt la, minm byin tanporèl yo, dapré

¹³ Conc. Vat. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, nn. 41-52; Const. *Lumen gentium*, n. 26.

égzanp prémié kominoté krétièn nan,¹⁴ sé pou lévin évanjil la ki fòs pou bati sosiyété kounyé-a épi gaj avni-an¹⁵ kapab gayé toupatou apati tab Ékaristik la.

112. Sé pou yo òganizé sélébrasion kongrè-a li minm dapré kritè sa yo.¹⁶

a) Sé pou sélébrasion Ékaristi-a vrèman pouin santral épi ki pi ro parapò a tout lòt inisiativ yo épitou divès fòm piété yo ;

b) sélébrasion paròl Bondié-a, sésion katéchèz yo épi konfèrans piblik yo doué gin kòm objéktif pou, tèm yo propozé-a, yo fouyé-l pi afon épi yo propozé pi klèman aspè pratik yo doué rivé réalizé ;

c) sé pou yo ofri okazion soua pou priyé an komin, soua pou adorasion prolonjé dévan trè sin Sakréman-an ki ékspozé, antan yo détèminé anvan kèk légliz yo ouè ki pi adapté pou égzèsis piété sa-a ;

d) kanta pou òganizasion prosésion-an, koté trè sin Sakréman-an yo poté-l atravè lari vil la ak imn épi siplikasion piblik, sé pou yo obsèvé règléman osijè prosésion ékaristik yo,¹⁷ antan yo fè atansyon kondision sosiyété-a ak rélijion-an koté-a.

¹⁴ Cf. *Act* 4, 32.

¹⁵ Conc. Vat. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 47; Decr. *Unitatis redintegratio*, n. 15.

¹⁶ Cf. S. Congr. Rituum, Instr. *Eucharisticum mysterium*, n. 67: A.A.S. 59 (1967), pp. 572-573.

¹⁷ Cf. supra nn. 101-108.

CHAPIT IV

DIVÈS TÈKS POU YO ANPLOUAYÉ NAN DISTRIBISION KOMINION SAKRÉ-A ANDÉYÒ MÈS LA ÉPI NAN ADORASION AK PROSÉSION TRÈ SIN SAKRÉMAN-AN

I. LÉKTU BIBLIK YO

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

- 113. Jénèz 14, 18-20 :** « Li ofri pin ak divin ».
Jou sa yo : Mèlkisédèk, roua Salèm, poté pin ak divin... [p. 75]
- 114. Égzòd 12, 21-27 :** « Granmèt la ap ouè san-an, l-ap pasé anlè papòt kay la ».
Jou sa yo : Moyiz rélé tout ansyin... [p. 75]
- 115. Égzòd 16, 2-4. 12-15 :** « M-ap fè lapli pin tonbé sot nan sièl la pou nou ».
Jou sa yo : Tout foul pitit Israèl yo pran plinyin... [p. 76]
- 116. Égzòd 24, 3-8 :** « Sa-a sé san aliens la, sa Granmèt la pasé avèk nou-an ».
Jou sa yo : Moyiz rivé, li rakonté... [p. 76]
- 117. Détéronòm 8, 2-3. 15 b- 16 a :** « Li ba-ou manjé ou pa-t konnin, ni ou minm ni papa-ou yo ».
Jou sa yo : Moyiz té palé ak pèp la... [p. 77]
- 118. 1 Roua 19, 4-8 :** « Li maché ak fòs manjé sa-a jous nan mòn Bondié-a ».
Jou sa yo : Éli maché nan dézè-a... [p. 77]
- 119. Provèb 9, 1-6 :** « Manjé pin-m, bouè divin-an mouin mélanjé pou nou-an ».
Sajès la bati kay li... [p. 78]

PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÊSTAMAN-AN

120. Travay Apot yo 2, 42-47 : « Yo té pèsévéré nan kominion pin-an yo séparé-a ».

Nan jou sa yo : Frè yo té pèsévéré... [p. 78]

121. Travay Apot yo 10, 34 a. 37-43 : « Nou té manjé, nou té bouè avèk li, aprè li té résisité sot nan pami mò yo ».

Jou sa yo : Antan Piè louvri bouch li, li di : « Nou konnin... [p. 79]

122. 1 Korintyin 10, 16-17 : « Yon sèl pin, yon sèl kò ; sé sa minm ki anpil la nou fè ».

Frè-m yo : Kalis bénédiksion-an... [p. 84]

123. 1 Korintyin 11, 23-26 : « Chak foua n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a, sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé ».

Frè-m yo : Mouin té résévoua nan min Granmèt la... [p. 84]

124. Ébré 9, 11-15 : « San Kris la nétouayé konsians nou ».

Kris la rivé kòm prêt an chèf... [p. 85]

125. Ébré 12, 18-19. 22-24 : « Nou té proche kot san yo té vidé sou nou-an k-ap palé pi byin pasé san Abèl la ».

Frè-m yo : Nou pa-t proche kot yon mòn yo kapab touché ak min, ak yon difé k-ap flanbé... [p. 85]

126. 1 Piè 1, 17-21 : « Nou rachté ak yon san ki gin anpil valè, san Kris la ki tankou san Mouton ki san tach la ».

Nou minm mouin rinmin anpil la : Si nou rélé sa-a Papa... [p. 86]

127. 1 Jan 5, 4-8 : « Sé yo toua k-ap sèvi témouin : Éspri-a ak dlo-a ak san-an ».

Nou minm mouin rinmin anpil la : Tout moun ki kouè Jézu sé Kris la, sé nan Bondié li fèt... [p. 86]

128. Apokalips 1, 5-8 : « Li rinmin nou, li lavé nou sot nan péché nou yo nan san-l ».

Gras pou nou ak lapè sot nan Jézu Kri... [p. 79]

129. Apokalips 7, 9-14 : « Yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an ».

Mouin minm Jan, mouin ouè yon gran foul... [p. 79]

PSÒM RÉPONS YO

130. Ps 22, 1-3. 4. 5. 6

℞ (1) : Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin. [p. 80]

131. Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11

℞ (9 a) : Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la dou. [p. 81]

132. Ps 39, 2 é 4 ab. 7-8 a. 8 b-9. 10

℞ (8 a é 9 a) : Min m-ap vini, Granmèt, pou-m fè volonté-ou. [p. 81]

133. Ps 77, 3 é 4 a é 7 ab. 23-24. 25 é 54

℞ (24 b) : Granmèt la ba yo pin sièl la. [p. 82]

134. Ps 109, 1. 2. 3. 4

℞ (4 bc) : Ou sé prèt pou tout tan
dapré ran Mèlkisédèk. [p. 82]

135. Ps 115, 12-13. 15-16 b c. 17-18

℞ (13) : M-ap pran kalis ki sovè nou-an, m-ap relé non Granmèt la.
oubyin (cf. 1 Kor 10, 16) : Kalis bènédikcion-an sé kominion San Kris la li
yé. [p. 83]

136. Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18

℞ (cf. 16) : Ou louvri min-ou, Granmèt, ou ba nou manjé vant plin. [p. 83]

137. Ps 147, 12-13. 14-15. 19-20

℞ (12 a) : Fè louanj Granmèt la Jérusalèm.
oubyin (Jan 6, 58 b) : Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan. [p. 84]

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

138. Jan 6, 51 : Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la,
sé sa Granmèt la di ;
si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. [p. 87]

139. Jan 6, 56 : Moun ki manjé chè-m,
ki bouè san-m,
li rét nan mouin, mouin nan li, sé sa Granmèt la di. [p. 87]

- 140.** Jan 6, 57 : Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan, épi mouin viv akòz Papa-a ; konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akòz mouin tou, sé sa Grammèt la di. [p. 87]
- 141.** Cf. Apokalips 1, 5 ab : Jézu-Kri, ou sé témouin fidèl, prémié Pitit nan pami mò yo ; ou té rinmin nou, ou té lavé péché nou yo nan san-ou. [p. 87]
- 142.** Apokalips 5, 9 : Ou mérité sa vré, Grammèt, pou-ou résévoua liv la, pou-ou ouété sélé-l yo, paské yo té touyé-ou, épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou. [p. 87]

ÉVANJIL YO

- 143.** Mark 14, 12-16. 22-26 : « Sa-a sé kò-m, sa-a sé san-m ». Prémié jou azim yo, lè yo t-ap fè sakrifis Pak la... [p. 88]
- 144.** Mark 15, 16-20 : « Yo abiyé-l avèk rad vlou rouj épi yo pozé kouròn yo trésé ak pikan sou tèt li ». Lè sa-a : Sòlda yo kondui Jézu nan lakou palè-a... [p. 88]
- 145.** Luk 9, 11 b-17 : « Yo tout manjé vant plin ». Lè sa-a : Jézu t-ap palé ak foul yo sou péyi-roua Bondié-a... [p. 89]
- 146.** Luk 22, 39-44 : « Suè li vi-n tankou gout san k-ap koulé tonbé atè ». Lè sa-a : Jézu t-apralé jan-l té konn abitué fè-a... [p. 89]
- 147.** Luk 24, 13-25 (pi long) oubyin 13-16. 28-35 (pi kout) : « Yo rékonèt li nan kasé pin-an ». Té gin dé nan disip Jézu yo ki t-apral nan yon bouk, prémié jou sémèn sa-a... [p. 91]
- 148.** Jan 6, 1-15 : « Li séparé bay moun yo ki té lonjé kò yo, toutotan yo té vlé ». Lè sa-a : Jézu al lòt bò lanmè Galilé-a... [p. 91]
- 149.** Jan 6, 24-35 : « Moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou, moun ki kouè nan mouin pap souaf ». Lè sa-a : Lè foul la ouè Jézu pa-t la... [p. 92]

- 150. Jan 6, 41-51 :** « Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la ». Lè sa-a : Juif yo t-ap plinyin osijè Jézu, paské li té di... [p. 93]
- 151. Jan 6, 51-58 :** « Chè-m sé manjé tout bon vré-a, san-m sé bouason tout bon vré-a ». Lè sa-a : Jézu té di foul Juif yo : « Mouin sé... [p. 93]
- 152. Jan 19, 31-37 :** « Bò kòt li louvri, san ak dlo koulé ». Juif yo, kòm sé té préparasion Pak la... [p. 94]
- 153. Jan 21, 1-14 :** « Jézu pran pin-an, li ba yo ». Lè sa-a : Jézu parèt ankò dévan disip yo... [p. 94]
-

LÉKTU MÈS VOTIV KÈ JÉZU-KRI KI SAKRÉ ANPIL LA

PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÈSTAMAN-AN

- 154. Égzòd 34, 4 b-6. 8-9 :** « Granmèt Granmèt Bondié, ki gin mizéri-kòd, ki bon ». Jou sa yo : Nan nuit Moyiz léyé, li monté sou mòn Sinayi-a... [p. 95]
- 155. Détéronòm 7, 6-11 :** « Granmèt la rinmin nou, li chouazi nou ». Jou sa yo : Moyiz té palé ak pèp la antan li di : « Sé yon pèp ki sin ou yé pou Granmèt Bondié-ou la... [p. 96]
- 156. Détéronòm 10, 12-22 :** « Li rinmin yo, li chouazi désandans yo apré yo ». Jou sa yo : Moyiz palé ak pèp la, antan-l di : « Koulié-a, Israèl, ki sa Granmèt Bondié-ou la mandé-ou... [p. 96]
- 157. Izayi 49, 13-15 :** « Minm si yon manman t-a bliyé pitit li, mouin minm mouin pap bliyé-ou ». Fè louanj, sièl yo, fété tè-a... [p. 97]
- 158. Jérémi 31, 1-4 :** « Mouin rinmin-ou ak yon rinmin k-ap diré tout tan ». Lè sa-a, sé sa Granmèt la di... [p. 97]

159. Ézékièl 34, 11-16 : « Mouin minm minm m-ap okipé mouton-m yo, m-ap fè yo kouché ».

Min sa Granmèt Bondié-a di : « Min m-ap chèché mouton-m yo... [p. 98]

160. Ozé 11, 1 b. 3-4. 8 c-9 (Ébré 1. 3-4. 8c-9) : « Kè-m chaviré anndan-m ».

Min sa Granmèt la di : « Israèl té piti, mouin té rinmin-l... [p. 98]

PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÊSTAMAN-AN

161. Romin 5, 5-11 : « Rinmin Bondié-a gayé nan kè nou yo ».

Frè-m yo : Éspérans la pa fè ront... [p. 103]

162. Éfézyin 1, 3-10 : « Dapré richès gras li-a, ki débòdé sou nou-an ».

Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu Kri... [p. 104]

163. Éfézyin 3, 8-12 : « Anonsé nasyon yo richès Kris la yo pa kapab sondé yo ».

Frè-m yo : Mouin minm ki pi piti nan tout sin yo... [p. 104]

164. Éfézyin 3, 14-19 : « Konnin rinmin Kris la ki dépasé tout sians la ».

Frè-m yo : Mouin mét jénou-m atè dévan Papa... [p. 104]

165. Filipyin 1, 8-11 : « Nan zantray Jézu-Kri ».

Frè-m yo : Bondié sèvi-m témouin... [p. 105]

166. 1 Jan 4, 7-16 : « Sé li minm ki té rinmin nou an premié ».

Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pou nou youn rinmin lôt... [p. 105]

167. Apokalips 3, 14 b. 20-22 : « M-ap soupé avèk li, li minm avèk mouin ».

Min sa-l di, Amèn nan, témouin fidèl la... [p. 99]

168. Apokalips 5, 6-12 : « Ou rachté nou pou Bondié nan san-ou ».

Mouin minm, Jan, mouin ouè, épi nan mitan tro-n nan... [p. 99]

PSÒM RÉPONS YO

169. Izayi 12, 2-3, 4 bcd. 5-6

℞ (3) : N-ap tiré dlo ak kè kontan sot nan sous Sovè-a. [p. 100]

170. Ps 22, 1-3. 4. 5. 6

℞ (1) : Granmèt la ap okipé-m, mouin pap manké anyin. [p. 100]

- 171.** Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 8-9. 10 é 14
 R: (6 a) : Sonjé mizérikòd ou yo, Granmèt. [p. 101]
- 172.** Ps 32, 1-2. 4-5. 11-12. 18-19. 20-21
 R: (5 b) : Mizérikòd Granmèt la plin tè-a. [p. 101]
- 173.** Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7
 R: (9 a) : Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la bon. [p. 102]
- 174.** Ps 102, 1-2. 3-4. 6-7. 8 é 10
 R: (17) : Mizérikòd Granmèt la pou tout tan sou moun ki krinn li yo. [p. 102]

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

- 175.** Cf. **Matié 11, 25** : Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou té révéilé mistè péyi-roua-a bay timoun piti yo. [p. 106]
- 176.** **Matié 11, 28** : Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou, sé sa Granmèt la di. [p. 106]
- 177.** **Matié 11, 29 ab** : Pran jouk mouin sou nou, sé sa Granmèt la di, épi pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pòv nan kè-m. [p. 106]
- 178.** **Jan 10, 14** : Mouin minm mouin sé bon gadyin-an, sé sa Granmèt la di, mouin konnin sa-k pou mouin yo, épi sa-k pou mouin yo konnin-m tou. [p. 106]
- 179.** **Jan 15, 9** : Minm jan Papa-a rinmin-m nan, sé konsa tou mouin rinmin nou ; sé pou nou rété nan rinmin-m nan, sé sa Granmèt la di. [p. 106]
- 180.** **1 Jan 4, 10 b** : Bondié té rinmin nou an premié, épi li té voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo. [p. 106]

ÉVANJIL YO

- 181. Matié 11, 25-30 :** « Mouin tou dou, mouin gin kè-m tou pòv ». Lè sa-a antan Jézu pran laparòl, li té di : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa... [p. 107]
- 182. Luk 15, 1-10 :** « Ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon sèl péchè ki fè pénitans ». Lè sa-a : Piblikin yo ak péchè yo t-ap proché kot Jézu... [p. 107]
- 183. Luk 15, 1-3. 11-32 :** « Sé pou nou té fè kè nou kontan, paské frè-ou sa-a té mouri, li réviv ». Lè sa-a : Piblikin yo ak péchè yo t-ap proché kot Jézu... li di : **11** « Té gin yon mésié... ». [p. 108]
- 184. Jan 10, 11-18 :** « Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo ». Lè sa-a : Jézu di : « Mouin sé bon gadyin-an... [p. 109]
- 185. Jan 15, 1-8 :** « Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou ». Lè sa-a : Jézu di disp li yo : « Mouin sé véritab pié rézin-an... [p. 110]
- 186. Jan 15, 9-17 :** « Min kòmandman-m nan, sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an ». Lè sa-a : Jézu di disp li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan... [p. 110]
- 187. Jan 17, 20-26 :** « Mouin rinmin yo, tankou ou rinmin-m ». Lè sa-a : Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li priyé, li di : « Papa ki sin, sé pa pou yo minm sèlman mouin priyé... [p. 111]
- 188. Jan 19, 31-37 :** « Bò kòt li louvri, san ak dlo koulé ». Juif yo, kòm sé té préparasion Pak la... [p. 111]

2. LÒT FÒMUL SALUTASION

189. Gras pou nou ak lapè sot nan Bondié Papa nou ak Granmèt nou Jézu-Kri.

Tout moun réponn :

Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri.

oubyin :

É avèk éspri-ou tou.

3. DÒT FÒMUL AKT PÉNITANSIÈL

190. Minis la invité fidèl yo nan pénitans la :

Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo, pou nou paré pou patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.

Yo fè yon ti moman silans. Apré sa, minis la di :
Granmèt nou mandé-ou padon.

Tout moun réponn :
Paské nou koupab anpil.

Minis la :
Fè nou ouè jan ou gin bon kè.

Tout moun réponn :
Vini sové nou.

Épi minis la fini :
**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padoné péché nou,
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

Tout moun réponn :
Amèn.

191. Minis la invité fidèl yo nan pénitans la :
Frè-m yo, an nou rékonèt péché nou yo, pou nou paré pou patisipé nan sélébrasion sakré sa-a.

Yo fè yon ti moman silans. Apré sa, minis la, oubyin yon lòt nan sa-k prézan yo, di invokasion ki suiv yo oubyin dèt ak Kyrie, eleison (Granmèt, pitié pou nou):

Ou minm ki té réyisi sové nou ak mistè paskal ou-a :
Kyrie eleison (Granmèt, pitié pou nou).

Tout moun :
Kyrie eleison (Granmèt, pitié pou nou).

Minis la :

**Ou minm ki pa sispann renouvle mèvèy Soufrans ou-a
nan pami nou :
Kriste eleison (Jézu-Kri, pitié pou nou).**

Tout moun réponn :

Kriste eleison (Jézu-Kri, pitié pou nou).

Minis la :

**Ou minm ki fè nou patisipé nan sakrifis paskal la antan nou
résévoua Kò-ou la :
Kyrie eleison (Granmèt, pitié pou nou).**

Tout moun :

Kyrie eleison (Granmèt, pitié pou nou).

Épi minis la fini :

**Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padoné péché nou,
sé pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.**

Tout moun réponn :

Amèn.

4. IMN

Pou bénédiksion ki fini adoration-an, sitou lè li té pi kout, yo kapab chanté sèlman dènié pati imn sa-a, apati paròl : * Tantum ergo [Yon sakrèman ki si tèlman gran].

PANGE, LINGUA
(SÉ POU-OU CHANTÉ, LANG MOUIN)

**192. Sé pou-ou chanté, lang mouin,
mistè kò ki plin gloua-a,
ak san ki gin anpil valè-a,
li minm kòm pri pou tè-a,
frui vant ki byin donnin-an,
Roua nasyon yo, té vidé-a.**

Yo ba nou li, li pran nésans pou nou
sot nan Vièj la ki intak la,
li viv sou tè-a,
antan li simin sémans paròl la,
li fini longè tan égzil la
ak yon dispozision ki yon mèvèy.

Nan nuit dènié soupé-a
antan li atablé avèk frè yo,
après li fi-n obsèvé laloua-a an plin
nan manjé sa laloua-a mandé yo,
kòm nouriti pou group douz yo
ak pròp min-l li bay tèt li.

Paròl la ki pran chè-a, sé pin tout bon
li fè chè-a vi-n tounin, ak yon paròl,
li fè san Kris-la vi-n tounin bouason,
épi, si sans nou fébli,
pou bay kè ki sinsè-a asirans
sé lafoua-a sèlman ki asé.

* Yon sakréman ki si tèlman gran,
sé pou nou adoré-l antan nou bésé tèt,
épi modèl ansyin-an
sé nouvo sérémoni-a k-ap ranplasé-l ;
sé pou lafoua-a pran plas
féblès sans yo.

Pou Papa-a ak pou Pitit la
louanj ak fèt,
viktoua, konsidérasion,
pouvoua ak konpliman ;
pou Sa-k vi-n sot nan toulédé-a
minm kalité louanj. Amèn.

SACRIS SOLLEMNIIS
(AVÈK SOLANITÉ SAKRÉ YO)

193. Avèk solanité sakré yo, sé pou kontantman yo asosié,
épi sé pou piblikasyon yo rézoné sot nan fon kè yo ;
sé pou ansyin yo pati, sé pou tout bagay yo vi-n nouvo,
kè yo, voua yo épi aksion yo.

Yo sonjé dènié soupé nan nuit la,
koté yo kouè Kris la té bay frè yo mouton-an épi azim yo
dapré prinsip laloua yo
ki té byinvéyan pou papa lontan yo.

Li té bay frajil yo plato kò-a,
li té bay sa-k chagrin yo kalis san-an,
antan-l di : « Résévoua véso-a mouin rinnèt la ;
nou tout bouè ladan-l ».

Konsa li té mété sakrifis sa-a,
li té vlé rinnèt ofis li
bay sèl prèt yo, jan sa konvnab la,
pou yo pran épi pou yo bay lòt yo.

* Pin anj yo vi-n tounin pin moun yo,
pin sièl la mété finisman nan pòtré yo.
Ala bagay ékstraòdinè : li manjé Granmèt la
sèvitè pòv la épi rabésé-a.

Ou minm, Bondié, toua épi ki yon sèl, n-ap mandé-ou ;
konsa ou vizité nou tankou nou adoré-ou :
nan santié-ou yo kondui nou koté n-apralé-a,
nan limiè koté ou abité-a. Amèn.

VERBUM SUPERNUM
(PARÒL KI SOTI ANRO-A)

194. Paròl ki soti anro-a,
san-l pa kité bò douat Papa-a,
li soti al nan travay li,
li rivé nan asouè lavi-a.

Yon disip gin pou-l rinnèt li
bay ènmi-l yo k-ap touyé-l,
anvan sa, li rinnèt tèt li bay disip yo
kòm manjé k-ap ba yo lavi.

Li ba yo kò-l ak san-l
anba dé aparans,
pou-l nourri moun nan toutantié
avèk dé réalité.

Li pran nésans pou-l sèvi zanmi,
li atablé pou-l sèvi manjé,
li mouri pou-l sèvi pri,
li roua pou-l sèvi rékonpans.

* Viktim sakrifis ki sové nou,
ki louvri pòt sièl la pou nou,
lagè ènmi yo ap krazé nou :
ba nou fòs, poté nou sékou.

Pou Granmèt la ki yon Sèl, ki Toua,
konpliman pou tout tan,
li minm ki ba nou lavi ki pap fini-an,
nan péyi Papa-a. Amèn.

IESU, NOSTRA REDEMPATIO
(JÉZU, RÉDANMSION NOU-AN)

195. Jézu, rédanmsion nou-an,
amou ak anvì nou,
Bondié kréatè tout bagay,
moun nan finisman tan yo,

Bon kè-a té ranpòté viktoua sou ou,
pou té ka poté péché nou yo,
antan ou sipòté yon lanmò ki rèd,
pou té rétiré nou anba lanmò-a.

Antan ou travèsé pòt anba tè-a,
antan ou rachté prizonié-ou yo ;
ou ranpòté viktoua nan yon trionf ki gran
ou chita adouat Papa-a !

Pitié-a li minm li fòsé-ou,
pou dépasé mal nou yo,
antan-ou padoné épi antan-ou réalizé sa nou té souété-a,
ou satisfè nou avèk vizaj ou.

Ou minm sé pou vi-n tounin kè kontan nou,
ou minm ki gin pou vini-an kòm rékonpans ;
sé pou gloua nou nan ou
pou tout sièk tout tan. Amèn.

ÆTERNE REX ALTISSIME
(ROUA KIL LA TOUT TAN KI ANLÈ NÈT LA)

196. Roua ki la tout tan ki anlè nèt la,
rédiannmè fidèl yo tou,
ou minm ki détoui lanmò-a ki défèt la,
ou fè gras la trionfé,

Ou monté tribinal adouat Papa-a
pouvoua ki sot nan sièl la sou tout bagay

yo rimmèt li ba ou,
pouvoua ki pa-t soti nan moun.

Pou toua nivo réalité créasion-an
sa-k nan sièl yo, sa-k sou tè-a
ak sa-k anba tè-a ;
plouayé jénou yo antan yo déjà soumèt.

Yo tranblé anj yo antan yo ouè
sò moun ki t-ap mouri yo chanjé :
chè-a fè fot, chè-a nétouayé,
chè-a vi-n roua Paròl Bondié.

Ou minm, Kris, kè kontan nou,
antan-ou rété rékonpans pou tout tan-an,
ou minm k-ap kòmandé créasion tè-a
ou ranpòté viktoua sou kè kontan tè-a bay.

Isit la antan n-ap priyé-ou, tanpri,
padonnin tout fot yo
épi kè yo lèvé yo anlè
koté-ou avèk gras ki sot anlè-a,

Pou lè ou-ap kòmansé kléré
nan nuaj rouj jij la,
ou-ap répousé chatiman yo doué yo,
ou-ap rimmèt kouròn yo té pèdi yo.

Jézu, sé pou gloua-a pou ou,
ou minm ki monté nan sièl la,
avèk Papa-a épi Éspri ki bon-an,
pou tout tan k-gin tan. Amèn.

LAUDA, SION
(FÈ LOUANJ SOVÈ-A, SIYON)

192. Yo chanté sékans sa-a tout-antié oubyin sou fòm ki pi kout la, dépi nan mo sa yo : * Ecce panis [Min pin Anj yo].

Fè louanj Sovè-a, Siyon,
fè louanj chèf la ak gadyin-an
nan chanté ak kantik.

Toutotan ou kapab, sé pou-ou fè éfò :
paské li pi gran pasé tout kalité louanj,
épi ou pap kapab fè kont louanj pou li.

Min lidé spésial louanj la
yo prezanté jodi-a :
sé pin vivan-an ki bay lavi-a.

Sé li minm yo té bay douz frè yo,
sou tab soupé sakré-a ;
pa gin dout sou sa.

Sé pou louanj la plin,
sé pou-l éklaté, sé pou-l bèl,
sé pou kè kontan-an fléri.

Sèké sé yon gran jou fèt,
koté y-ap fè sonjé
lè premié résépsion sa-a té fèt la.

Nan résépsion nouvo Roua sa-a,
nouvo Pak nouvo laloua-a
fèmin ansyin aliens la.

Sa-k ansyin-an bay sa-k nouvo-a plas la,
vérité-a chasé lonbraj la,
limiè-a éfasé lannuit la.

Sa Kris la té fè nan soupé-a,
li pasé lòd éksprè
pou fè sa pou té sonjé-l.

Antan nou résévoua ansègnman nan kòmandman-l yo ki sin yo,
nou konsakré pin-an ak divin-an
pou yo vi-n tounin yon sakrifis k-ap sové nou.

Sé yon vérité krétyin yo doué kouè,
pin-an vi-n tounin chè,
divin-an vi-n tounin san.

Sa-ou pa konprann, sa-ou pa ouè,
sé pou ou kouè-l ak tout kè ou, lafoua nou sètifié-l fèm,
andéyò sa nou abitué konprann.

Anba divès aparans sé sign yo sèlman ki rété ;
sa-k té la pa la ankò,
sa-k la vré li ékstraòdinè li kaché.

Chè-a sé manjé, san-an sé bouason :
sèlman sé Kris la toutantié ki rété,
anba chak aparans yo.

Moun ki résévoua-l la pa kasé-l,
li pa krazé-l, li pa séparé-l :
sé tout-antié li résévoua-l.

Youn résévoua-l, mil résévoua-l :
sa yo jouinn li minm jan ak sa-a ;
li pa disparèt lè yo résévoua-l.

Bon yo résévoua, méchan yo résévoua :
sèlman déstiné yo pa minm,
sé lavi oubyin lanmò.

Lanmò pou méchan yo, lavi pou bon yo :
gadé kijan konsékans la pa minm,
pou moun ki résévoua-l minm jan.

Lè yo kasé aparans yo,
pa tranblé, min sonjé,
li anba moso-a,
minm jan li kaché anba tout kantité-a,

Sa ki la vré pa séparé :
sé sign nan sèlman ki kasé :
sa-a li réprézanté-a pa chanjé
ni nan kondision-l ni nan grandè-l.

* Min pin anj yo,
li vi-n tounin pin vouayajè yo :
sé pin pitit yo tout bon vré,
yo pa gin doua jété-l bay chyin.

Yo té montré-l davans nan pòtré yo,
 lè yo t-ap sakrifé Izaak la :
 mouton pak la té fè sonjé-l :
 yo té bay papa yo li nan lama-n nan.

Bon Gadyin, pin tout bon vré-a,
 Jézu, pran pitié pou nou :
 ou minm, kondui nou, protéjé nou :
 ou minm, fè nou jouinn bénédiksion
 sou tè vivan yo.

Ou minm, ki konnin tout bagay, épi ki kapab réalisé yo :
 ou minm k-ap souin nou, nou minm k-ap mouri-a :
 fè nou manjé sou tab lòt bò-a,
 fè nou éritié ansanm ak sin yo,
 fè nou viv ansanm avèk yo nan péyi sièl la.

ADOROTE DEVOTE
 (M-AP ADORÉ AK TOUT KÈ-M)

198. M-ap adoré ak tout kè-m, vérité ki kaché-a,
 ou minm ki anba fòm sa yo vrèman kaché :
 ou minm kè-m toutantié soumèt li ba-ou,
 paské antan l-ap kontanplé-ou li fébli toutantié.

Ouè-a, gouté-a, touché-a, troupé nan ou ;
 min sé tandé-a sèlman yo kouè avèk asirans.
 Mouin kouè ninpòt kisa Pitit Bondié-a té di :
 pa gin anyin ki pi vré pasé paròl Vérité-a.

Nan koua-a sé sèl Bondié-a ki té kaché ;
 min isit la an minm tan moun-nan kaché tou.
 Toulédé kanminm antan mouin kouè épi antan mouin déklaré
 mouin mandé sa laron pénitan-an té mandé-a.

Blès yo, tankou Toma, mouin pa égzaminé yo,
 Bondié mouin kanminm mouin déklaré-ou.
 Fè-m kouè pi plis tout tan nan ou,
 nan ou pou-m gin éspérans, pou-m rinmin-ou.

* O mémorial lanmò Granmèt la,
 Pin ki bay moun nan vré lavi-a,
 fè léspri-m favè pou-l viv nan ou,
 épi tout tan pou-l gouté-ou ak dousè sa-a.

Bon Pélikan, Jézu Granmèt,
 mouin minm ki pa pròp, pròpté-m ak san-ou,
 ou minm yon gout san-an kapab sové
 tout tè-a anba tout fot.

Jézu, ou minm mouin ouè koulié-a voualé-a,
 kilè sa ap fèt, sa-m tèlman anvi-a,
 pou, antan m-ap gadé-ou avèk fas mouin san voual,
 mouin kontan antan mouin ouè gloua-ou ? Amèn.

UBI CARITAS
 (KOTÉ CHARITÉ-A YÉ TOUT BON VRÉ)

199. **Réfrin.** Koté charité-a yé tout bon vré, Bondié la.

- ✚ Rinmin Jézu-Kri-a té rasanblé nou fè yon sèl.
- ✚ Sé pou nou fété, épi sé pou kè nou kontan nan li.
- ✚ Sé pou nou krinn, épi rinmin Bondié vivan-an.
- ✚ Épi avèk kè sinsè sé pou nou youn rinmin lòt.

Réfrin. Koté charité-a yé tout bon vré, Bondié la.

- ✚ Konsa, lè nou rasanblé pou nou fè yon sèl la:
- ✚ N-a fè atansyon pou nou pa séparé nan kè nou.
- ✚ Sé pou nou sispann fè mové kont sé pou nou sispann diskision.
- ✚ Épi nan mitan nou, sé pou Kris Bondié la.

Réfrin. Koté charité-a yé tout bon vré, Bondié la.

- ✚ Ansanm avèk sin yo, sé pou nou ouè
- ✚ Figu-ou, nan gloua-a, Kris Bondié.
- ✚ Kè kontan-an yo pa kapab méziré-a ni ékspliké-a
- ✚ Pou tout tan gin tan san fini. Amèn.

Dòt chan ki nan Litiji Lè yo, k-ap sélébré mistè paskal Kris la, yo kapab anplouayé yo si yo vlé.

5. RÉFRIN

200. Ala yon féstin sakré, koté yo résévoua Kris la :
 yo raplé souvni soufrans li-a,
 léspri-a plin avèk gras,
 épi yo ba nou avaloua gloua k-ap vini-an.

201. Ala gou li gou, Granmèt, éspri-ou la,
 ou minm ki, antan ou montré dousè-ou la nan pitit ou yo,
 avèk pin ki gou anpil la yo ofri sot nan sièl la,
 ou plin sa-k grangou yo ak byin yo,
 rich méprizan yo ou ranvouayé yo vid.

202. Salu, vré kò-a ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj la,
 ki réyèlman souffri, sakrifié sou koua-a pou moun nan,
 li minm nan koté-l ki pèsé-a li té vidé dlo ak san.
 Sé pou sèvi nou avangou nan pasaj lanmò-a,
 O Jézu ki dou, O Jézu ki bon, O Jézu Pitit Mari.

203. Mouin sé pin vivan-an ki désann sot nan sièl la ;
 si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan ;
 épi pin-an, sa mouin minm m-ap bay la, sé chè-m li yé pou lavi tè-a.

6. RÉPONS

204. Antan y-ap soupé, Jézu pran pin-an, épi li béni-l épi li kasé-l,
 li bay disip li yo épi li di : * Résévoua épi manjé : sa-a sé kò mouin.

‡. Moun yo ki nan tant mouin-an yo t-ap di : Kilès k-ap bay nan chè li yo pou nou pasé grangou nou ? * Résévoua.

205. Mouin minm mouin sé pin lavi-a : Papa nou yo té manjé lama-n nan dézè-a épi yo té mouri ; * Sa-a sé pin ki désann sot nan sièl la, pou, si yon moun manjé nan li, li pap mouri.

‡. Mouin sé pin vivan-an ki désann sot nan sièl la : si yon moun manjé nan pin sa-a l-ap viv pou tout tan. * Sa-a sé pin.

206. Sé sa pou nou rékonèt nan pin-an, sa-k té pandié sou koua-a ; sé sa-a nan kalis la, sa-k té koulé bò kòt la. Résévoua donk épi manjé kò Kris la, résévoua épi bouè san Kris la. * Nou déjà vi-n tounin manb Kris la.

‡. Pou nou pa détoui, manjé sa-k kinbé nou ansanm nan ; pou nou pa parèt san valè dévan tèt nou, bouè sa-k ba nou valè-a. * Nou déjà vi-n tounin.

207. Yon sèl pin épi yon sèl kò nou tout nou yé. * Nou tout ki patisipé nan yon sèl pin-an ak yon sèl kalis la.

‡. Ou té préparé nan dousè-ou la pou pòv la, Bondié, ou minm ki fè abité avèk yon sèl kè nan kay la. * Nou tout ki.

208. Yon moun té fè yon gran soupé épi li té voyé sèvitè-l yo nan lè soupé-a pou di invité yo, pou yo vini. * Paské tout bagay préparé.

‡. Vini, manjé pin-m nan épi bouè divin-m nan, sa-m té mélanjé pou nou-an. * Paské.

209. Papa-a ki vivan-an té voyé-m, épi mouin minm mouin viv poutèt Papa-a : * Épi moun ki manjé-m nan, li minm l-ap viv poutèt mouin.

‡. Granmèt la ba-l manjé nan pin lavi-a ak intèlijans la. * Épi moun ki.

7. PRIYÈ APRÉ KOMINION-AN

210. Bondié, ou minm ki té akonpli travay rédanmsion moun nan pa pouvoua mistè Pak Sèl Pitit ou-a, fè nou favè, tanpri, pou, nou minm k-ap anonsé avèk konfians lanmò ak réziréksion Kris la nan sign sakréman yo, nou fè ékspérians kijan tout tan ou sové nou pi plis. Pa pouvoua Jézu-Kri.

211. Éspri charité-ou la, vidé-l nan nou, Granmèt, pou moun yo ou fi-n nourri konplètman ak yon sèl pin ki sot nan sièl la, ou fè yo fè yon sèl kè tou nan sèvis ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

212. Sé pou patisipasion nan tab sièl la fè nou vi-n sin, tanpri, Granmèt, pou, gras a Kò ak San Kris la, nou viv tankou frè nèt. Pa pouvoua Jézu-Kri.

213. Antan nou plin avèk manjé Éspri-a, avèk insistans, Granmèt, n-ap priyé-ou, pou gras a patisipasion mistè sa-a, ou aprann nou pézé bagay tè yo avèk sajès, épi kolé kò nou sou afè sièl yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

214. Nou minm ki résévoua mistè gloua yo, Granmèt, N-ap chèché di-ou mès, paské, antan nou instalé sou tè-a, ou déjà fè nou patisipé nan byin sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

215. N-ap priyé-ou ak tout kè nou,
Bondié ki gin tout pouvoua
pou moun yo ou réfè ak sakréman-ou yo,
ou ba yo favè tou pou yo sèvi-ou yon fason kòrèk
avèk konduit ki fè-ou plézi.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

216. Bondié, ou minm ki té vlé pou nou patisipé
nan yon sèl pin ak yon sèl kalis,
tanpri, fè nou favè pou nou viv yon fason
pou antan nou fè yon sèl nan Kris la,
nou poté frui pou tè-a kapab sovè ak kè kontan.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

217. Nou minm ki fi-n réfè ak pin tab sièl la,
n-ap priyé-ou, Granmèt,
pou manjé charité sa-a asiré kè nou,
antan li pousé nou sèvi-ou nan frè nou yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

218. N-ap di-ou mès, Granmèt,
nou minm ou nourri ak kado sakré-a,
antan n-ap priyé bon kè-ou,
pou sa yo koté fòs sièl la antré-a gras a Éspri-ou ki vidé-a,
gras sinsérité-a pèsévéré nan yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

219. Nou minm ki réfèt ak manjé yon sèl pin-an,
n-ap priyé-ou, Granmèt, antan n-ap sipliyé,
pou-ou asiré nou tout tan nan charité-ou la,
épi pou-ou fè nou favè maché nan nouvoité lavi-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

Nan tan paskal :

220. Éspri charité-ou la, Granmèt, vidé-l nan nou,
pou sa yo ou té konblé ak sakréman pak yo,
ou fè yo viv ansanm nan bon kè-ou la.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

221. Sé pou sakréman Pitit ou-a nou résévoua avèk respè-a,
tanpri, Granmèt, fè nou vi-n tounin yon kréatu nouvo,
antan li nétouayé nou anba tou sa k-ap viéyi nou.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

222. Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan,
ou minm ki réparé nou pou lavi ki pap janm fini-an
nan rézirkéksion Kris la,
dévolpé frui sakréman paskal la nan nou,
épi fòs manjé k-ap sovè nou-an, vidé-l nan kè nou.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

223. Yon lòt priyè apré Viatik la :

Granmèt, ou minm ki sovè pou tout tan moun ki kouè nan ou yo,
fè nou favè, tanpri, pou sèvitè-ou **N.**,
ki réfè ak pin épi bouason sièl la,
rivé avèk asirans nan péyi-roua limiè ak lavi-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

8. PRIYÈ POU BÉNÉDIKSION TRÈ SIN SAKRÉMAN-AN

224. Fè nou favè, Granmèt Bondié,
pou nou minm ki kouè épi déklaré
Jézu-Kri pran nésans pou nou sot nan Vièj Mari
épi soufri sou koua-a,
li prézan anba sakréman-an, pou nou tiré nan fontèn sa-a ki sot
nan Bondié-a rézilta sovè nou sovè pou tout tan-an.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

225. Ba nou favè, tanpri, Granmèt Bondié,
pou Mouton-an yo té touyé pou nou-an,
nou sélébré-l avèk louanj konvnab
antan-l kaché nan sakréman-an,
pou li minm minm nou mérité kontanplé-l aklè nan gloua-a.
Li minm ki vivan é ki roua.

226. Bondié, ou minm ki té ba nou vré pin ki sot nan sièl la,
ofri nou tanpri, pou gras a puisans manjé spirituèl la,
nou viv tout tan nan ou
épi nan dènié jou-a pou nou résisité nan gloua-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

227. Kè nou yo, Granmèt, kléré yo ak limiè lafoua-a,
épi limin yo ak difé rinmin-an,
pou, li minm nou rékonèt nan sakréman sa-a
kòm Bondié ak Granmèt nou-an,
nou adoré-l avèk lafoua nan éspri ak vérité.
Li minm ki vivan é ki roua.

228. Sakréman yo, Granmèt,
yo minm ou aksépté rénouvle nou ak yo-a,
sé pou yo plin kè nou avèk dousè rinmin-ou nan,
épi sé pou yo édé nou chèché richès péyi-roua-ou la,
richès sa yo, yo pa kapab palé yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

229. Bondié, ou minm ki té rachté tout moun
ak mistè paskal Kris la,
konsèvé nan nou travay mizérikòd ou-a,
pou, antan mistè sové nou sové-a n-ap sonjé-l san rété,
nou mérité résévoua frui li.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

DÉGI

LÉKTU BIBLIK YO

I. TRÈ SINT ÉKARISTI-A

1

Léktu liv Jénèz la

14, 18-20

Jou sa yo :

Mèlkisédèk, roua Salèm, poté pin ak divin (li té prèt Bondié ki anro nèt la), li béni Abram, li di : « Konpliman pou Abram onon Bondié ki anro nèt la, li minm ki kréyé sièl la ak tè-a, konpliman pou Bondié ki anro nèt la, gras a protèksion-l, ènmi yo nan min-ou ». Abram ba li dizièm pòsion nan tout bagay.

Paròl Granmèt la.

2

*Lè Granmèt la ap ouè san-an,
l-ap pasé anlè papòt kay la.*

Léktu liv Égzòd

12, 21-27

Jou sa yo :

Moyiz rélé tout ansyin pitit Israèl yo, li di yo : « Alé, antan nou pran yon bèt pou chak fanmiy nou yo, n-ap sakrifé Pak la. N-a tranpé yon paké izòp nan san-an ki nan basi-n nan épi avèk li n-ap rouzé anlè papòt la avèk chak pantu yo.

Pèsonn nan nou pa doué soti déyò papòt kay li-a jous nan matin, Granmèt la ap travèsé réyèlman antan l-ap frapé Éjipsyin yo.

Lè l-ap ouè san-an anlè papòt la épi nan chak pantu yo, l-ap pasé anlè pòt kay la, li pap kite sa-a k-ap frapé-a antré nan kay nou yo épi frapé.

N-a kinbé paròl sa-a tankou yon loua pou ou minm ak pitit ou yo, jous pou tout tan. Lè ou-a antré nan tè-a, sa Granmèt la t-ap ba nou-an, jan-l té promèt la, nou-a obsèvé sérèmoni sa yo.

Lè pitit nou yo ap di nou : “Ki rélijion sa-a ?”, n-a di yo : “Sé sakrifis pasaj Granmèt la li yé, lè-l té pasé anlè kay pitit Israèl yo nan Éjip la, antan l-ap frapé Éjipsyin yo, épi l-ap libéré kay nou yo” ».

Pèp la plouayé kò-l, li adoré.

Paròl Granmèt la.

3

M-ap fè lapli pin tonbé sot nan sièl la pou nou.

Léktu liv Égzòd

16, 2-4. 12-15

Jou sa yo :

Tout foul pitit Israël yo pran plinyin kont Moyiz ak Aaron nan dézè-a ; pitit Israël yo di yo : « Pito nou té mouri nan min Granmèt la nan tè Éjip la, lè nou té chita dévan mamit viann yo, lè nou t-ap manjé pin kont kò nou-an ! Pouki sa nou té fè nou soti pou nou minnin nou nan dézè sa-a, pou nou touyé tout foul la avèk grangou-a ? »

Granmèt la di Moyiz : « Min m-ap fè lapli pin tonbé pou nou sot nan sièl la : pèp la ap soti, l-ap ranmasé sa yo bézouin pou chak jou. Konsa m-a sondé-l, pou-m ouè si l-ap maché nan laloua-m nan ou non.

Mouin tandé pitit Israël yo k-ap plinyin ; palé ak yo, di yo : “Asouè-a n-ap manjé viann, nan matin n-ap jouinn pin kont kò nou, n-ap konnin sé mouin minm Granmèt la Bondié nou-an” ».

Nan asouè vré, gin ti pintad ki volé, ki kouvri kan-an ; nan matin tou, té gin yon kouch larouzé ki kouvri tout alantou kan yo. Lè-l évaporé sot sou fas tè-a gin yon ti po tou mins ki parèt, yon bagay ki tou fin tankou lanèj sou tè-a.

Lè pitit Israël yo ouè sa, youn di lòt : « Ma-nou ? », sa vlé di : « Sa sa-a yé ? » Yo pa-t konnin sa-l té yé.

Moyiz di yo : « Sa-a sé pin, Granmèt la ba nou pou nou manjé ».

Paròl Granmèt la.

4

*Sa-a sé san aliens la,
sa Granmèt la pasé avèk nou-an.*

Léktu liv Égzòd

24, 3-8

Jou sa yo :

Moyiz rivé, li rakonté tout paròl Granmèt la ak jijman-l yo bay pèp la ; tout pèp la réponn avèk yon sèl voua : « Tout paròl Granmèt la di yo, n-ap fè yo ».

Moyiz ékri tout paròl Granmèt la ; granmatin li lévé, li bati yon lotèl nan pié mòn nan, ak douz tit pou douz fanmi Israël yo. Li voyé jèn jan nan pitit Israël yo, yo ofri sakrifis antié ; yo sakrifié sakrifis lapè pou Granmèt la, sé té jèn ti toro.

Moyiz pran mouatié pòsion nan san-an, li mété nan basi-n ; pòsion ki rété-a, li vidé-l sou lotèl la.

Li pran roulo aliens la, li li-l, antan pèp la kouté, yo di : « Tout sa Granmèt la di, n-ap fè-l, n-ap obéyi-l ».

San-an li té pran-an, li vidé-l sou pèp la, li di : « Sa-a sé san aliens la, sa Granmèt la pasé avèk nou-an nan tout paròl sa yo ».

Paròl Granmèt la.

5

Li ba-ou manjé ou pa-t konnin, ni ou minm ni papa-ou yo.

Léktu liv Détéronòm

8, 2-3. 14 b-16 a

Jou sa yo :

Moyiz té palé ak pèp la, antan li di : « Ou-a sonjé tout chémin, koté Granmèt Bondié-ou la té kondui-ou pandan karant ané nan dézè-a, pou-l té krazé ògèy-ou, pou-l té sondé-ou, pou yo té kapab konnin ki sa-k t-ap brasé nan nanm ou : si-ou t-ap kinbé kòmandman-l yo oubyin si ou t-ap lagé yo.

Li té maltrété-ou ak grangou, li ba-ou lama-n kòm manjé, bagay ou pa-t konnin, ni papa-ou yo, pou-l té kapab montré-ou sé pa ak pin sèlman yon moun viv, min ak tout paròl ki soti nan bouch Bondié.

Ou-a sonjé Granmèt Bondié-ou la, li minm ki té fè-ou soti nan péyi Éjip la, sot nan kay ésklavaj la, li minm ki té kondui-ou nan dézè-a ki gran-an épi ki térib la, koté ki té gin sèpan ki mòdé boulé kon difé-a, ak skòpion, koté ki sèk la, ki pa gin yon ti tak dlo-a ; li minm ki fè riviè soti nan ròch ki pi di-a, li minm ki ba-ou manjé lama-n nan dézè-a, bagay papa-ou yo pa-t konnin-an ».

Paròl Granmèt la.

6

*Li maché ak fòs manjé sa-a
jous nan mòn Bondié-a.*

Léktu prémié liv Roua yo

19, 4-8

Jou sa yo :

Éli maché nan dézè-a pandan yon jou.

Li rivé anba yon ti pié jénèv, li chita, li mandé lanmò, li di : « Sa kont mouin, Granmèt ! Ou mèt pran lavi-m ; sèké mouin pa pi bon pasé papa mouin yo ». Li lagé kò-l atè, li dòmi anba pié jénèv la.

Min yon Anj Granmèt la ki touché-l, li di-l : « Lévé, manjé ».

Li gadé, li ouè yon pin ki té kuit nan sann ki pozé bò tèt li ak yon véso dlo ; li manjé, li bouè, épi li dòmi ankò.

Anj Granmèt la rétownin koté-l yon dézièm foua, li touché-l, li di-l : « Lévé, manjé, gin yon gran rout ki rété-ou ankò ».

Li lévé, li manjé, li bouè, li maché ak fòs manjé sa-a pandan karant jou ak karant nuit, jous nan mòn Bondié-a, Orèb.

Paròl Granmèt la.

7

Manjé pin-m, bouè divin-an mouin mélanjé pou nou-an.

Léktu liv Provèb yo

9, 1-6

Sajès la bati kay li, li drésé sèt kolòn li yo, li touyé bèt li yo pou sakrifis la, li mélanjé divin-an, li drésé tab li-a.

Li voyé sèvant li yo pou yo rélé nan pòtay la ak sou rotè vil la : « Si yon moun tou piti, sé pou-l vi-n jouinn mouin ».

Pou moun ki pa gin sajès yo, li di : « Vini, manjé pin-m nan, bouè divin-m nan mouin mélanjé pou nou-an ; kité konduit timoun nan, vi-n aprann lavi, maché nan chémin intéljans la ».

Paròl Granmèt la

PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN POU TAN PASKAL LA

1

Yo té pèsévéré nan kominion pin-an yo séparé-a.

Léktu Travay Apot yo

2, 42-47

Nan jou sa yo :

Frè yo té pèsévéré nan ansègnman Apot yo, ak kominion pin-an yo séparé-a, ak priyè yo.

Krint té rivé nan tout kè. Té gin anpil prodij ak sign ki t-ap fèt palintè-médiè Apot yo nan Jérusalem, té gin gro krintif nan tout moun.

Tout moun ki té kouè yo té ansanm, yo té gin tout bagay an komin : yo té vann propriété yo ak byin yo, yo té séparé yo pou tout moun, dapré sa chak moun té bezouin.

Chak jou yo té pèsévéré ansanm nan tanp la, yo té séparé pin-an lakay yo, yo té konn pran manjé-a avèk kontantman ak yon kè sinp, antan y-ap fè louanj Bondié, yo té gin favè tout foul la. Chak jou Granmèt la té ajouté nan yo lòt moun, ki té sovè yo.

Paròl Granmèt la.

2

*Nou té manjé, nou té bouè avèk li,
aprè li té résisitè sot nan pami mò yo.*

Léktu Travay Apot yo

10, 34 a. 37-43

Jou sa yo :

Antan Piè louvri bouch li, li di : « Nou konnin sa-k rivé nan tout Judé, kòmansé dépi Galilé aprè batèm nan Jan té préché-a : Jézu moun Nazarèt la, kijan Bondié té sakré-l ak Ésprî-Sin-an ak fòs : li minm ki travèsé antan l-ap fè byin, l-ap géri tout moun djab la t-ap maltréte, paské Bondié té avèk li.

Nou minm nou témouin tou sa-l té fè nan réjion Juif yo ak Jérusalèm ; li minm yo té touyé antan yo pandié-l sou boua-a. Bondié résisitè-l touazièm jou-a ; li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo : nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, aprè-l té fin résisitè sot nan pami mò yo.

Li pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin Bondié mété-l kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo.

Tout profèt yo sèvi-l témouin, tout moun ki kouè nan li ap résévoua padon péché yo o non-l ».

Paròl Granmèt la.

3

*Li rinmin nou,
li lavé nou sot nan péché nou yo nan san-l.*

Léktu liv Apokalips apot sin Jan

1, 5-8

Gras pou nou ak lapè sot nan Jézu Kri, ki témouin fidèl la, prémié pitit nan pami mò yo, ak chèf roua yo ki sou tè-a, li minm ki rinmin nou, ki lavé nou sot nan péché nou yo nan san-l, ki fè nou vi-n tounin péyi-roua ak prêt pou Bondié Papa-l ; konpliman pou li ak otorité pou tout tan gin tan. Amèn.

Min l-ap vini avèk nuaj yo, tout jé ap ouè-l, minm sa-k té transpèsè-l yo ; tout ras sou tè-a ap plinn sou li. Oui. Amèn.

Sé mouin minm alfa-a ak oméga-a, kòmansman-an ak finisman-an, sé sa Granmèt la di, li minm ki la, ki té la, k-ap vini, li minm ki gin tout pouvoua-a.

Paròl Granmèt la.

4

Yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an.

Léktu liv Apokalips apot sin Jan

7, 9-14

Mouin minm Jan, mouin ouè yon gran foul, pèsòn pa-t kapab konté-l, yo té soti nan tout kalité nasion, ras, pèp ak lang, yo té kanpé dévan tro-n la ak

dévan fas Mouton-an, yo té abiyé ak rad blan, yo té gin branch nan min yo, yo t-ap rélé byin fò, yo t-ap di : « Sové nou sové-a sé gras a Bondié nou-an, li minm ki chita sou tro-n nan, épi gras a Mouton-an ».

Tout anj yo té kanpé toutotou tro-n nan ak ansyin yo ak kat vivan yo ; yo lagé kò yo sou fas yo dévan tro-n nan, yo adoré Bondié, yo di : « Amèn. Bénédiksyon, gloua, sajès, rémèsiman, konsidérasion, pouvoua ak fòs pou Bondié nou-an pou tout tan k-ap gin tan. Amèn ».

Youn nan ansyin yo pran laparòl, li di-m : « Sa yo ki abiyé ak rad blan yo, kilès yo yé, épi koté yo soti ? »

Mouin di-l : « Granmèt mouin, ou konnin ».

Li di-m : « Sa yo sé sa-k vi-n soti nan gran tribilasyon-an, yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R̥ : 1)

R̥: Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin.

oubyin : Alélouya.

- 1 Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m ;
- 2 Nan zèb vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m,
- 3 li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. R̥
- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou
sé yo k-ap konsolé-m. R̥
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;
ou souin tèt mouin ak losion,
kalis mouin ap débòdé. R̥
- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la
pou tout longè tan yo. R̥

2

PSÒM RÉPONS

Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11 (R̥ : 9 a)

R̥ Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la dou.

oubyin : Alélouya.

- 2 M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,
tout tan louanj li nan bouch mouin.
- 3 Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn gloua,
sé pou pòv yo tandé, pou yo kontan. R̥
- 4 Fè louanj Granmèt la avèk mouin,
sé pou nou lèvé non-l anlè ansanm,
- 5 mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin,
anba tou sa-k fè-m pè yo, li délivré-m. R̥
- 6 Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,
fas nou pap ront.
- 7 Pòv sa-a rélé, Granmèt la kouté-l,
anba tout tribilasyon li yo li sovè-l. R̥
- 8 Anj Granmèt la ap véyé alantou moun ki krinn li yo,
épi l-ap délivré yo.
- 9 Gouté, n-a ouè jan Granmèt la dou ;
ala kontantman pou moun ki espéré nan li yo. R̥
- 10 Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo,
paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo.
- 11 Rich yo nan bézouin, yo grangou,
min sa k-ap chèché Granmèt la yo pap manké okinn byin. R̥

3

PSÒM RÉPONS

Ps 39, 2 é 4 ab. 7-8 a. 8 b-9. 10 (R̥ : 8 a é 9 a)

R̥ Min m-ap vini, Granmèt, pou-m fè volonté-ou.

- 2 Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann Granmèt la,
li panché sou mouin.
- 4ab Li mété yon kantik nouvo nan bouch mouin,
yon kantik pou Bondié-m nan. R̥
- 7 Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa,
ou louvri zòrèy mouin.
Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa,
- 8 lè sa-a mouin di : « Min m-ap vini. R̥

- 9 Nan roulo liv la yo ékri osijè-m
 pou-m fè volonté-ou.
 Bondié mouin, mouin dakò,
 laloua-ou la nan zantray mouin ». **R:**
- 10 Mouin anonsé jistis ou-a nan gran asanblé-a ;
 min mouin pa fèmin bouch mouin, Granmèt, ou konnin. **R:**

4

PSÒM RÉPONS

Ps 77, 3 é 4 a é 7 ab. 23-24. 25 é 54 (**R:** : 24 b)

- R:** Granmèt la ba yo pin sièl la.
- 3 Sé pa ti kras bagay nou tandé, nou konnin,
 épi papa nou yo rakonté nou,
 4 nou pap kaché bay pitit yo,
 7 pou yo mété éspérans yo nan Bondié,
 pou yo pa bliyé aksion Bondié yo. **R:**
- 23 Réyèlman li pasé nuaj anro yo lòd,
 li louvri pòt sièl yo ;
 24 li fè lapli lama-n tonbé pou yo pou yo manjé,
 li ba yo pin sièl la. **R:**
- 25 Moun nan manjé pin anj Bondié yo,
 li voyé manjé pou yo an kantité.
 54 Li kondui yo jous nan péyi-l ki sin-an,
 sou mòn nan min douat li té pran-an. **R:**

5

PSÒM RÉPONS

Ps 109, 1. 2. 3. 4 (**R:** : 4 bc)

R: Prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek, Kris Granmèt ofri pin ak divin.
 oubyin :

- R:** Ou sé prèt pou tout tan
 dapré ran Mèlkisédek.
- 1 Granmèt la di Granmèt mouin : « Chita adouat mouin,
 joutan mouin pozé ènmi-ou yo kòm éskalié pié-ou ». **R:**
- 2 Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon :
 kòmandé nan mitan ènmi-ou yo. **R:**
- 3 Pouvoua-a avèk ou jou fòs ou-a,
 nan ékla limiè ki sin yo,
 nan vant granmatin tankou larouzé mouin anfanté-ou. **R:**

- 4 Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li :
« Ou sé prèt pou tout tan
dapré ran Mèlkisédek ». R:

6

PSÒM RÉPONS Ps 115, 12-13. 15-16 b c. 17-18 (R: cf. 1 Kor 10, 16)

R: Kalis bénédiksion-an sé kominion San Kris la li yé.

oubyin : Alélouya.

- 12 Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la
pou tou sa-l fè pou mouin ?
13 M-ap pran kalis ki sové nou-an,
m-ap rélé non Granmèt la. R:
15 Li gin valè dévan jé Granmèt la
lanmò sin-l yo.
16 Mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou kasé chinn mouin yo. R:
17 M-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou,
m-ap rélé non Granmèt la.
18 M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo,
dévan tout pèp li-a. R:

7

PSÒM RÉPONS Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R: cf. 16)

R: Ou louvri min-ou, Granmèt, ou ba nou manjé vant plin.

- 10 Tou sa ou fè yo, Granmèt, y-ap fè louanj ou ;
sin-ou yo ap fè konpliman pou ou.
11 Y-ap déklaré gloua péyi roua-ou la,
y-ap anonsé puisans ou. R:
15 Jé yo tout ap espéré sou ou,
ou minm ou ba yo manjé lè tan-an rivé.
16 Ou louvri min-ou,
ou plin tout vivan ak byin. R:
17 Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo,
li sin nan tout aksion li yo.
18 Granmèt la tou pré moun k-ap rélé-l yo,
tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a. R:

8

PSÒM RÉPONS

Ps 147, 12-13. 14-15. 19-20 (R: : Jan 6, 58 b)

R: Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.

oubyin : Alélouya.

- 12 Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ;
fè louanj Bondié-ou, Siyon.
- 13 Paské li ranfòsè krochèt pòtay ou yo,
li béni pitit ou yo nan ou. R:
- 14 Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè,
li ba-ou kont blé ki gra.
- 15 Li minm ki voyé paròl li sou tè-a,
avèk vitès paròl li-a kouri. R:
- 19 Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb,
jistis li ak jijman-l bay Israël.
- 20 Li pa fè konsa pou okinn nasion,
jijman-l yo, li pa fè konnin yo. R:

DÉZIÈM LÉKTU NAN NOUVO TÈSTAMAN-AN

1

*Yon sèl pin, yon sèl kò ;
sé sa nou minm ki anpil la nou fè.*

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

10, 16-17

Frè-m yo :

Kalis benédiksion-an n-ap béni-an, èské sé pa san Kris la n-ap kòminié ladan-l nan ? Épi, pin-an n-ap kasé-a, èské sé pa kò Granmèt la n-ap patisipé ladan-l nan ?

Kòm sé yon sèl pin, nou minm ki anpil la, nou fè yon sèl kò, nou tout ki patisipé nan yon sèl pin-an.

Paròl Granmèt la.

2

*Chak foua n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a,
sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé.*

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

11, 23-26

Frè-m yo :

Mouin té résévoua nan min Granmèt la sa-m té transmèt nou-an, sèkè Granmèt Jézu, nannuit yo té rinmèt li-a, li pran pin, épi antan li rann gras, li

kasé-l, li di : « Pran, manjé : sa-a sé kò mouin, sa yo rimmèt pou nou-an ; fè sa pou fè sonjé mouin ».

Minm jan, apré li fi-n manjé, li pran kalis la tou, li di : « Kalis sa-a sé nouvo aliens la nan san mouin ; fè sa, chak foua n-ap bouè, pou nou fè sonjé-m ».

Chak foua réyèlman n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a, sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé, joustan li vini.

Paròl Granmèt la.

3

San Kris la nétouayé konsians nou.

Léktu lèt pou Ébré yo

9, 11-15

Frè-m yo :

Kris la rivé kòm prèt an chèf pou byin ki gin pou vini yo. Li travèsé yon tant ki pi gran, ki pi kòrèk, ki pa fèt ak min moun, sa vlé di ki pa sot nan minm konpozision avèk sa Bondié kréyé yo. Li pa pran san bouk ak san ti toro, min sé ak pròp san pa-l li sèvi, yon sèl foua pou tout li antré nan koté ki sin-an, li rachté nou pou tout tan.

Si réyèlman san bouk ak san toro ak san gazèl yo konn vidé sou moun ki gin tach yo, sa pròpté kò yo pou sèvis Bondié-a, san Kris la ap fè pi byin toujou, li minm ki fi-n ofri tèt li san tach bay Bondié pa pouvoua Éspri ki la pou tout tan-an. L-ap nétouayé konsians nou sot nan aktivité lanmò yo, pou nou kapab sèvi Bondié vivan-an.

É sé poua li sèvi intèmediè pou yon nouvo aliens. Konsa, lanmò-l sèvi pou rachté nou sot nan péché ki té fèt parapò a premié aliens la. Moun yo Bondié rélé-a, y-ap résévoua éritaj pou tout tan-an, sa Bondié té promèt la.

Paròl Granmèt la.

4

*Nou té proché kot san yo té vidé sou nou-an
k-ap palé pi byin pasé san Abèl la.*

Léktu lèt pou Ébré yo

12, 18-19. 22-24

Frè-m yo :

Min pa-t proché kot yon mòn yo kapab touché ak min, ak yon difé k-ap flanbé, ak fènoua, ak brouya, ak tanpèt, ak son tronpèt, ak brui paròl, moun yo ki té tandé yo, yo té mandé padon, pou yo pa-t palé ak yo konsa. Sa yo té ouè-a té telman térib. Moyiz di : « Mouin sézi, m-ap tranblé ».

Min nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la, pakèt foul anj yo k-ap fété yo, avèk asanblé premié pitit yo, ki gin non yo ékri nan sièl la, nou té proché kot Bondié k-ap jijé tout moun nan, avèk éspri moun ki kòrèk yo, ki fi-n bon nèt yo, épi kot Jézu ki

sèvi intèmedié nouvo téstaman-an, kot san yo té vidé sou nou-an k-ap palé pi byin pasé san Abèl la.

Paròl Granmèt la.

5

*Nou rachté ak yon san ki gin anpil valè, san Kris la
ki tankou san Mouton ki san tach la.*

Léktu prémié lèt apot sin Piè

1, 17-21

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Si nou rélé sa-a Papa, li minm ki jijé dapré aksion chak moun nan san-l pa gadé sou figi moun, sé pou nou viv nan krint Bondié pandan tan nou abité sou tè-a, antan nou konnin sé pa avèk bagay k-ap gaté, lò oubyin lajan, nou rachté sot nan konduit papa nou yo té transmèt nou-an, ki pa vo anyin-an, min sé ak san ki gin anpil valè-a, tankou san Mouton ki san tach la Kris la, san sa-a ki pa sal la, li minm Bondié té prévoua dépi anvan tè-a fèt la, min li montré-l nan dènié tan yo poutèt nou, nou minm ki fidèl nan Bondié, Bondié minm ki résisité-l sot nan pami mò yo, ki ba-l gloua, pou lafoua nou ak éspérans nou kapab nan Bondié.

Paròl Granmèt la.

6

Sé yo toua k-ap sèvi témouin : Éspri-a ak dlo-a ak san-an.

Léktu prémié lèt apot sin Jan

5, 4-8

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Tout moun ki kouè Jézu sé Kris la, sé nan Bondié li fèt ; tout moun, ki rinmin sa-a ki bay nésans la, li rinmin sa-a ki fèt nan li-a tou.

Sé nan sa nou rékonèt nou rinmin sa yo ki fèt nan Bondié yo, sé lè nou rinmin Bondié épi nou fè kòmandman-l yo. Sa-a réyèlman sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo : épi kòmandman-l yo pa lou.

Sèké tout sa ki fèt nan Bondié li ranpòté viktoua sou tè-a, épi min viktoua-a ki ranpòté viktoua sou tè-a : sé lafoua nou.

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ?

Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an. Épi sé Éspri-a ki sèvi témouin, paské Éspri-a sé vérité. Sé yo toua k-ap sèvi témouin : Éspri-a ak dlo-a ak san-an, épi toua sa yo, sé yon sèl yo yé.

Si nou résévoua témouagnaj moun yo, témouagnaj Bondié-a pi gran ;
paské min témouagnaj Bondié-a, ki pi gran-an, li sèvi témouin osijè Pitit li-a.

Paròl Granmèt la.

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Jan 6, 51

(R: Alélouya). Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la,
sé sa Granmèt la di ;
si yon moun manjé nan pin sa-a,
l-ap viv pou tout tan. (R: Alélouya).

2

Jan 6, 56

(R: Alélouya). Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m,
li rét nan mouin, mouin nan li, sé sa Granmèt la di. (R: Alélouya).

3

Jan 6, 57

(R: Alélouya). Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan,
épi mouin viv akòz Papa-a ;
konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akòz mouin tou,
sé sa Granmèt la di. (R: Alélouya).

4

Cf. Ap 1, 5 ab

(R: Alélouya). Jézu-Kri, ou sé témouin fidèl, premié Pitit nan pami mò yo ;
ou té rinmin nou, ou té lavé péché nou yo nan san-ou. (R: Alélouya).

5

Ap 5, 9

(R: Alélouya). Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la,
pou-ou ouété sélé-l yo,
paské yo té touyé-ou, épi ou rachté nou pou Bondié
nan san-ou. (R: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Sa-a sé kò-m, sa-a sé san-m.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

14, 12-16. 22-26

Prémié jou azim yo, lè yo t-ap fè sakrifis pak la, disip Jézu yo di-l : « Ki koté ou vlé n-al paré pou ou manjé pak la ? »

Li voyé dé nan disip li yo, li di yo : « Alé nan vil la, gin yon mesié k-ap poté yon krich dlo, l-ap rankontré nou, suiv li. Koté l-a antré-a, n-a di mèt kay la : “Mèt la di ki koté piès mouin-an yé, koté pou-m manjé pak la avèk disip mouin yo ?” L-a montré nou yon gran piès anro-a, ki paré, byin kouvri ak tapi ; sé la n-a paré pou nou ».

Disip yo soti, yo rivé nan vil la, yo jouinn jan-l té di yo-a, yo paré pak la.

Pandan y-ap manjé, Jézu pran pin-an, épi antan li béni-l, li kasé-l, li ba yo-l, li di : « Pran, sa-a sé kò mouin ». Antan li pran kalis la, antan li rann gras, li ba yo li, yo bouè ladan-l yo tout.

Li di yo : « Sa-a sé san mouin, nouvo aliens la, ki vidé pou pakèt moun yo. Amèn mouin di nou, mouin pa gin doua janm bouè ankò nan frui pié rézin sa-a jous jou sa-a lè m-a bouè-l tou nouvo nan péyi Bondié-a ».

Lè yo fi-n chanté imn yo, yo soti, y-al sou mòn pié oliv yo.

Paròl Grammèt la.

2

Yo abiyé-l avèk rad vlou rouj épi yo pozé kouròn yo trésé ak pikan sou tèt li.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

15, 16-20

Lè sa-a :

Sòlda yo kondui Jézu nan lakou palè-a, épi yo rasanblé tout foul la. Yo abiyé-l avèk rad vlou rouj épi yo mété kouròn yo trésé ak pikan sou tèt li. Yo kòmansé salué-l : « Salu, roua Juif yo ». Yo t-ap frapé tèt li avèk yon rozo, yo t-ap kraché sou li, yo t-ap pozé jénou atè épi yo t-ap adoré-l.

Lè yo fi-n pasé-l nan jouèt, yo rétiré rad vlou rouj la, yo abiyé-l ak rad li yo, épi yo kondui-l déyò pou yo klouré-l sou koua.

Paròl Grammèt la.

3

*Yo tout manjé vant plin.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk****9, 11 b-17**

Lè sa-a :

Jézu t-ap palé ak foul yo sou péyi roua Bondié-a ; moun ki té bézouin souin, li géri yo.

Jou-a té kòmansé bésé, douz yo proché koté-l, yo di-l : « Voyé foul yo alé, pou y-al nan vil yo ak bouk yo, ki alantou yo, pou yo jouinn koté pou yo dòmi, épi pou yo jouinn manjé ; paské koté sa-a sé nan yon dézè nou yé ».

Li minm li di yo : « Nou minm, ba yo manjé ».

Yo di-l : « Nou pa gin plis pasé sink pin ak dé pouason ; sof si n-al achte manjé pou tout foul sa-a ». Yo té prèské sink mil gason.

Li di disip yo : « Fè yo lonjé kò yo sinkant pa sinkant nan dispozision pou yo manjé ». Yo fè sa, yo fè tout moun lonjé kò yo.

Li pran sink pin yo ak dé pouason yo, li lévé jé nan sièl la, li béni yo, li kasé yo, li séparé bay disip li yo, pou yo mét dévan foul yo.

Tout moun manjé vant plin. Yo ranmasé sa-k té an tròp pou yo, douz panié moso pin.

Paròl Granmèt la.

4

*Suè li vi-n tankou gout san k-ap koulé tonbé atè.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk****22, 39-44**

Lè sa-a :

Jézu t-apralé jan-l té konn abitué fè-a sou mòn Oliv yo. Disip li yo té suiv li.

Lè-l rivé nan koté-a, li di yo : « Priyé, pou nou pa antré nan tantasion ».

Li minm minm li élouagné sot koté yo distans yo kapab voyé yon ròch ; antan-l mété jénou atè, li t-ap priyé antan l-ap di : « Papa, si-ou vlé, fè kalis sa-a pasé louin-m ; sèlman sé pa volonté pa-m, min sé pa-ou la ki pou fèt ».

Yon anj parèt koté-l sot nan sièl la antan l-ap ankourajé-l. Antan li antré nan agoni, li t-ap priyé pi plis.

Suè-l té tankou gout san k-ap koulé tonbé atè-a.

Paròl Granmèt la.

Yo rékonèt li nan kasé pin-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 13-35

Té gin dé nan disip Jézu yo ki t-apral nan yon bouk, premié jou sémèn sa-a, bouk la té yon distans onz kilomèt parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé.

Rivé, pandan y-ap kozé, y-ap chèché antré yo, Jézu minm proché, l-ap maché avèk yo. Jé yo té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li.

Li di yo : « Ki paròl sa yo, n-ap palé antré nou pandan n-ap maché-a, épi ki fè nou gin lapinn nan ? »

Youn yo rélé Kléofas, di-l : « Sé ou minm sèl ki étranjé nan Jérusalèm, ou pa konnin sa-k rivé nan jou sa yo ? »

Li di yo : « Ki bagay ? »

Yo di : « Osijè Jézu moun Nazarèt la, ki té yon profèt, ki gin pouvoua nan aksion ak paròl dévan Bondié ak tout pèp la. Kijan gran prèt yo ak chèf nou yo rinnèt li nan kondanasion lanmò, épi yo klouré-l sou koua.

Nou minm nou té espéré, sé li minm ki t-ap rachté Israèl ; koulié-a minm sou tout bagay sa yo jodi-a sé touazièm jou dépi yo rivé. Min kèk médam nan pami nou té fè nou sézi, yo t-al nan kavo-a dévan-jou, yo pa jouinn kò-l, yo vi-n di yo ouè vizion Anj yo, ki di yo li vivan. Kèk nan nou al nan kavo-a, yo jouinn bagay yo jan médam yo di-a ; min li minm yo pa jouinn li ».

Li di yo : « Nou sòt, nou pran tan nan kè nou koué tou sa profèt yo té palé yo ! Èské Kris la pa-t gin pou-l soufri, épi sé konsa pou-l antré nan gloua-l la ? » Li kòmansé dépi sou Moyiz ak tout profèt yo, li ékspliké yo nan tout sa-k ékri yo sa-k té konsèné-l.

Yo proché bò bouk la koté yo t-apralé-a, li minm li fè kòmsi l-apral pi louin, yo fòsé-l, yo di : « Rét avèk nou, paské asoué rivé, jou-a déja bésé ». Li antré avèk yo.

Pandan li lonjé kò-l avèk yo, li pran pin, li béni, li kasé, li ba yo. Jé yo louvri, yo rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo.

Youn di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé sou chémin-an, li t-ap ékspliké nou sa-k ékri yo ? »

Yo lévé minm lè-a, yo tounin Jérusalèm. Yo jouinn onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, yo di Granmèt la lévé vré, li parèt dévan Simon. Yo rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 13-16. 28-35

Min dé nan disip Jézu yo t-apral nan yon bouk, prémié jou sémèn sa-a, bouk la té yon distans souasant stad parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé. Rivé, pandan y-ap chanjé nouvèl, y-ap chèche antré yo, Jézu minm proché, l-ap maché avèk yo. Jé yo té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li.

Yo proché bò bouk la koté yo t-apralé-a, li minm li fè kòm si l-apral pi louin, yo fòsé-l, antan yo di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré avèk yo.

Pandan li lonjé kò-l avèk yo, li pran pin, li béni, li kasé, li ba yo. Jé yo louvri, yo rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo.

Youn di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé sou chémin-an, li t-ap ékspliké nou sa-k ékri yo ? » Yo lévé minm lè-a, yo tounin Jérusalèm. Yo jouinn onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, yo di Granmèt la lévé vré, li parèt dévan Simon.

Yo rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

Paròl Granmèt la.

6

*Li séparé bay moun yo ki té lonjé kò yo,
toutotan yo té vlé.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 1-15

Lè sa-a :

Jézu al lòt bò lanmè Galilé-a, sé lanmè Tibériad la. Yon gran foul t-ap suiv li, paské yo té ouè sign li t-ap fè sou moun ki té malad yo. Konsa Jézu monté sou mòn nan, li chita la avèk disip li yo. Pak la, jou fèt Juif yo, té tou pré.

Lè Jézu lévé jé-l, li ouè té gin yon gran foul ki t-ap vi-n jouinn li, li di Filip : « Ki koté n-ap achte pin, pou moun sa yo manjé ? » Li té di sa pou-l sondé-l ; li minm minm, li té konnin ki sa-l t-apral fè.

Filip réponn li : « Désan dénié pin pap kont yo, pou chak moun jouinn yon ti moso ».

Youn nan disip li yo, André, frè Simon Piè-a, di-l : « Gin yon ti gason isit la, ki gin sink pin lòj ak dé pouason ; sèlman, ki sa bagay sa yo yé pou tout pakèt moun sa yo ? »

Jézu di : « Fè moun yo lonjé kò yo ». Té gin anpil zèb koté sa-a. Mésié yo lonjé kò yo, yo té sink mil.

Jézu pran pin yo, li fè aksion-gras, li séparé bay moun ki té lonjé kò yo-a, li fè minm jan pou pouason yo, otan yo té vlé.

Lè yo fi-n manjé kont kò yo, li di disip li yo : « Ranmasé moso ki rét an plis yo, pou yo pa pèdi ». Yo ranmasé yo, yo plin douz panié ak moso sink pin lòj yo, ki té rét an plis lè moun yo té fi-n manjé-a.

Moun yo minm, lè yo ouè sign Jézu té fè, yo t-ap di : « Sa-a sé profèt la tout bon vré, ki té gin pou-l vi-n sou tè-a ».

Jézu minm, kòm li té konnin yo t-ap vi-n pou yo pran-l, pou yo fè-l roua, li sovè kò-l ankò nan mòn nan, li minm pou kont li.

Paròl Granmèt la.

7

*Moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou,
moun ki kouè nan mouin pap souaf.*

Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 24-35

Lè sa-a :

Lè foul la ouè Jézu pa-t la ni disip li yo, yo monté nan kannòt yo, yo rivé Kafarnaòm, y-ap chèché Jézu.

Lè yo jouinn li lòt bò lanmè-a, yo di-l : « Rabi, ki lè ou rivé isit la ? »

Jézu réponn yo, li di : « Amèn, amèn mouin di nou, n-ap chèché-m, sé pa paské nou té ouè sign, min paské nou té manjé nan pin yo, épi nou té satisfè. Sé pa pou nou travay pou manjé k-ap disparèt la, min sé pou nou travay pou manjé k-ap duré pou lavi tout tan-an, sa Pitit moun nan ap ba nou-an ; li minm Bondié Papa-a maké ak so-l la ».

Yo di-l : « Ki sa pou nou fè pou nou travay travay Bondié yo ? »

Jézu réponn, li di yo : « Min travay Bondié-a, sé pou nou kouè nan sa-a Bondié voyé-a ».

Yo di-l : « Ki sign ou fè, pou nou ouè, pou nou kouè nan ou ? Ki sa-ou fè ? Papa nou yo té manjé lama-n nan dézè-a, jan sa ékri-a : “Li ba yo pin sot nan sièl la pou yo manjé” ».

Jézu di yo : « Amèn, amèn mouin di nou, sé pa Moyiz ki té ba nou pin sot nan sièl la, min sé Papa-m ki ba nou pin ki sot nan sièl la, vrè pin-an. Pin Bondié-a sé sa-a ki désann sot nan sièl la épi ki bay tè-a lavi-a ».

Yo di-l : « Grammèt, toujou ba nou pin sa-a ».

Jézu di yo : « Mouin, mouin sé pin lavi-a ; moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou, moun ki kouè nan mouin pap janm souaf ».

Paròl Grammèt la.

8

Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 41-51

Lè sa-a :

Juif yo t-ap plinyin osijè Jézu, paské li té di : « Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la ». Yo t-ap di : « Èské sa-a sé pa Jézu, pitit Jozèf la, sa nou rékonèt papa-l ak manman-l nan ? Kijan sa-a kapab di : “Sé nan sièl mouin désann sòti-a ?” »

Jézu réponn, li di yo : « Pa plinyin antré nou. Pèsòn pa kapab vi-n jouinn mouin, si Papa-a, ki voyé-m nan, pa atiré-l ; épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. Min sa ki ékri nan profèt yo : “Yo tout ap jouinn ansègnman nan min Bondié”. Tout moun ki kouté sa Papa-a ap di, épi ki kité-l anségné yo, l-ap vi-n jouinn mouin. Pèsòn pa janm ouè Papa-a, sof sa-a ki sot nan Bondié-a, sé li minm ki ouè Papa-a. Amèn, amèn mouin di nou, moun ki kouè nan mouin, li gin lavi tout tan-an.

Mouin sé pin lavi-a. Papa nou yo té manjé lama-n nan dézè-a, épi yo mouri. Sa-a sé pin ki désann sot nan sièl la, pou, si yon moun manjé ladan-l, li pa mouri. Mouin sé pin vivan-an ki désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv tout tan, épi pin-an m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Paròl Grammèt la.

9

*Chè-m sé manjé tout bon vré-a,
san-m sé bouason tout bon vré-a.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 51-58

Lè sa-a :

Jézu té di fowl Juif yo :

« Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. Pin-an m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Juif yo minm t-ap diskité antré yo, yo t-ap di : « Kijan sa-a kapab ba nou chè-l pou nou manjé ? »

Jézu minm di yo : « Amèn, amèn mouin di nou : si nou pa manjé chè Pittit moun nan, si nou pa bouè san-l, nou pap gin lavi nan nou. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an ; mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.

Chè-m sé manjé tout bon vré-a, san-m sé bouason tout bon vré-a. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li rét nan mouin, mouin minm nan li.

Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan, épi mouin viv akòz Papa-a ; konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akòz mouin tou. Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la. Sé pa tankou papa nou yo ki té manjé lama-n nan, épi ki té mouri yo. Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan ».

Paròl Granmèt la.

10

Bò kòt li louvri, san ak dlo koulé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

19, 31-37

Lè sa-a :

Kòm sé té préparasion Pak la, pou kò yo pa-t rété sou koua-a jou saba-a (sèkè jou sa-a sé té gran jou saba-a), Juif yo mandé Pilat pou yo krazé janm yo, pou yo ouété yo. Sòlda yo rivé, yo krazé janm prémié-a ak lòt la ki té klouré sou koua-a avèk li-a.

Min lè yo rivé sou Jézu, yo ouè li té déjà mouri, yo pa krazé janm li, min youn nan sòlda yo louvri bò kòt li avèk lans li, minm lè-a san ak dlo koulé.

Moun ki ouè-a, li sèvi témouin, témouagnaj li-a vré. Li minm li konnin li di vérité, pou nou minm tou nou kapab kouè.

Bagay sa yo fèt pou sa ki ékri-a té kapab réalizé : « Nou pap krazé zo nan li ». Épi tou yon lòt pasaj sa ki ékri-a di : « Y-ap gadé sa-a yo transpèsé-a ».

Paròl Granmèt la.

11

Jézu pran pin-an, li ba yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

21, 1-14

Lè sa-a :

Jézu parèt ankò dévan disip yo bò lanmè Tibériad la. Min kijan li té parèt la. Sé té Simon Piè ak Toma, sa yo rélé Didim nan, ak Natanaèl, moun Kana Galilé-a, ak pitit Zébédé yo ak dé lòt nan disip li yo, yo té ansanm.

Simon Piè di yo : « M-apral lapèch ».

Yo di-l : « N-apralé avèk ou tou ». Yo soti, yo monté nan batiman-an, min nan nuit sa-a yo pa pran anyin.

Lè granmatin rivé, Jézu té kanpé sou bò lanmè-a ; min disip yo pa-t rékonèt sé té Jézu.

Jézu di yo : « Timoun yo, èské nou gin pouason ? »

Yo réponn li : « Non ».

Li di yo : « Voyé filè-a adouat batiman-an, n-a jouinn ». Yo voyé-l, yo pa-t kapab soulvé li, tèlman té gin anpil pouason.

Disip Jézu té rinmin-an di Piè : « Sé Granmèt la ».

Lè Simon Piè tandé sé Granmèt la, li pasé rad li nan rin-l, (li té nu-kò), li lagé kò-l nan lanmè. Lòt disip yo rivé nan batiman-an (yo pa-t louin tè-a, sé té apéprè san mèt) y-ap rémòké filè pouason yo. Lè yo désann atè-a, yo ouè chabon difé ki pozé, ak pin sou li.

Jézu di yo : « Poté nan pouason yo nou sot pran koulié-a ». Simon Piè monté, li soulvé filè-a vi-n sou tè-a plin ak gro pouason, san-sinkant-toua. Malgré yo té anpil la, filè-a pa-t chiré.

Jézu di yo : « Vi-n manjé ».

Pèsòn nan sa-k té lonjé kò yo-a pa-t gin odas mandé-l : « Kilès ou yé ? » yo té konnin sé Granmèt la.

Jézu rivé, li pran pin-an, li ba yo, ni pouason-an tou. Sa té fè touazièm fous Jézu té parèt dévan disip li yo, lè-l, té résisité sot nan pami mò yo.

Paròl Granmèt la.

II. KÈ JÉZU-KRI KI SAKRÉ ANPIL LA

PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

Granmèt Granmèt Bondié, ki gin mizérikòd, ki bon.

Léktu liv Égzòd

34, 4 b-6. 8-9

Jou sa yo :

Nan nuit Moyiz lévé, li monté sou mòn Sinayi-a, jan Granmèt la té pasé-l lòd la, li té pòté galèt roch yo avèk li.

Lè Granmèt la désann nan nuaj la, Moyiz kanpé avèk li, li rélé non Granmèt la. Pandan l-ap pasé dévan-l, li di : « Granmèt Bondié, ki dominé tou sa ki égzisté-a, ki gin mizérikòd épi ki bon, ki gin pasians, ki gin anpil pitié, ki fidèl, ki kinbé mizérikòd pou milié, ki ouété fot, krim avèk péché ».

Moyiz fè vit, li plouayé kò-l plat atè-a, li adoré, li di : « Si mouin jouinn gras dévan fas ou, Granmèt, mouin priyé pou-ou maché avèk nou (sèké pèp la gin kou rèd), ouété fot nou yo, pran nou pou ou nèt ».

Paròl Granmèt la.

2

Granmèt la rinmin nou, li chouazi nou.

Léktu liv Détéronòm

7, 6-11

Jou sa yo :

Moyiz té palé ak pèp la antan li di : « Sé yon pèp ki sin ou yé pou Granmèt Bondié-ou la. Granmèt Bondié-ou la chouazi-ou, pou-ou kapab vi-n tounin yon pèp apa pou li nan pami tout pèp yo ki sou tè-a.

Si Granmèt la kolé kò-l sou nou, si li chouazi nou, sé pa paské nou té gin plis moun pasé tout lòt pèp yo, okontrè sé nou minm ki pi piti nan pami tout pèp yo ; min sé paské Granmèt la rinmin nou, épi pou-l kinbé sèman-an, sa-l té sèmanté bay papa nou yo, sé poutèt sa li fè nou soti ak fòs min li, li rachté nou sot nan kay ésklavaj la, sot nan min Faraon, roua Éjip la.

Ou-a konnin sé li minm Granmèt Bondié-ou la ki Bondié ki fò, ki fidèl, ki kinbé aliens la ak mizérikòd la pou moun ki rinmin-l, ki kinbé lòd li yo pou mil jénérasyon ; min moun ki rayi-l yo, li rinnèt yo sa minm lè-a, ki fè li gayé yo, li pa tann pi lontan, sé la minm li rinnèt yo sa yo mérité-a.

Konsa sé pou-ou kinbé lòd yo ak désizyon yo ak jijman yo, sa mouin kòmandé-ou jodi-a pou-ou fè-a ».

Paròl Granmèt la.

3

Li rinmin yo, li chouazi désandans yo apré yo.

Léktu liv Détéronòm

10, 12-22

Jou sa yo :

Moyiz palé ak pèp la, antan-l di : « Koulié-a, Israèl, ki sa Granmèt Bondié-ou la mandé-ou, si sé pa pou-ou krinn Granmèt Bondié-ou la, pou-ou maché nan chémin-l yo, pou rinmin-l ; pou-ou sèvi Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou, ak tout nanm ou ; pou-ou kinbé kòmandman Granmèt yo ak désizyon-l yo, sa mouin kòmandé-ou jodi-a, pou sa kapab bon pou ou ?

Min sièl la ak sièl ki anlè sièl la, sé pou Granmèt Bondié-ou la yo yé, ni tè-a ak tou sa-k nan li ; époutan sé ak papa-ou yo Granmèt la té fè zanmi, li rinmin yo, li chouazi désandans yo apré yo, sa vlé di nou minm minm, sot nan pami tout nasion, jan yo kapab konstaté sa jodi-a.

Konsa, sé pou nou koupé chè ki vlòpé kè nou-an, pa fè kou nou vi-n rèd ankò ; paské Granmèt Bondié nou-an, sé li minm ki Bondié dié yo, ak Granmèt mè yo, Bondié ki gran, ki gin pouvoua, ki téri, ki pa konsidéré figi moun ni kado, ki fè jijman pou òfélin ak vè, ki rinmin étranjé, ki ba-l manjé ak rad. Nou minm tou, sé pou nou rinmin étranjé yo, paské nou minm tou nou té étranjé nan péyi Éjip la.

Sé pou-ou krinn Granmèt Bondié-ou la, sé li minm sèl pou-ou sèvi, sé sou li pou-ou kolé kò-ou, sé o non-l pou-ou fè sèman. Sé li minm ki louanj ou ak Bondié-ou, li minm ki té fè mèvèy sa yo ak prodij sa yo pou ou, sa jé-ou ouè yo. Sé ak souasann-dis moun papa-ou yo té désann nan Éjip ; koulié-a gadé, Granmèt Bondié-ou la fè-ou vi-n anpil, tankou zétoual sièl yo ».

Paròl Granmèt la.

4

*Minm si yon manman ta bliyé pitit li,
mouin minm mouin pap bliyé-ou.*

Léktu liv profèt Izayi

49, 13-15

Fè louanj, sièl yo, fété tè-a ; fè louanj éklaté, mòn yo, paské Granmèt la konsolé pèp li-a, li pran pitié pou pòv li yo.

Siyon t-ap di : « Granmèt la lagé-m, Granmèt la bliyé-m ». Èské yon madanm kapab bliyé ti pitit li, pou-l pa gin pitié pou pitit zantray li ? Minm si youn t-ap bliyé, mouin minm mouin pap bliyé-ou.

Paròl Granmèt la.

5

Mouin rinmin-ou ak yon rinmin k-ap diré tout tan.

Léktu liv profèt Jérémi

31, 1-4

« Lè sa-a, sé sa Granmèt la di, m-ap Bondié tout fanmi Israèl yo, yo minm y-ap pèp mouin ».

Min sa Granmèt la di : « Pèp la ki chapé anba épé-a, li jouinn gras nan dézè-a ; Israèl ap maché al nan répo-l. Dépi byin louin Granmèt la parèt dévan-m, li di pou pèp la : Mouin rinmin-ou ak yon rinmin k-ap diré tout tan ; sé pousa m-ap atiré-ou antan-m pran pitié. M-ap bati-ou ankò, ou-ap rébati, vièj Israèl : ou-ap vi-n bèl ak tanbou-ou yo, ou-ap soti nan group k-ap joué yo ».

Paròl Granmèt la.

6

*Mouin minm minm m-ap okipé mouton-m yo,
m-ap fê yo kouché.*

Léktu liv profèt Ézékièl

34, 11-16

Min sa Granmèt Bondié-a di : « Min m-ap chèché mouton-m yo, m-ap vizité yo : minm jan yon gadyin vizité bann mouton-l, jou li nan mitan bann mouton-l yo ki gayé yo, konsa m-ap vizité mouton-m yo, m-ap délivré yo sot nan tout koté yo té gayé jou nuaj ak brouya.

M-ap fê yo soti nan pèp yo, m-ap ranmasé yo sot nan péyi yo, m-ap fê yo antré nan péyi yo-a, m-ap okipé yo sou mòn Israël yo, bò riviè yo ak nan tout koté moun abité nan péyi-a ; nan bon pak zèb m-ap fê yo manjé, sou mòn Israël yo ki pi ro yo y-ap jouinn manjé yo.

Mouin minm minm m-ap okipé mouton-m yo, m-ap fê yo kouché, sé sa Granmèt Bondié-a di. Sa-k té pèdi-a, m-ap chèché-l ; sa yo té réjité-a, m-ap fê-l tounin ; sa-k té blésé-a, m-ap pansé-l ; sa-k té malad la, m-ap ba-l santé ; sa-k gra-a, ki fò-a, m-ap konsèvé-l ; m-ap okipé yo nan jistis ».

Paròl Granmèt la.

7

Kè-m chaviré anndan-m.

Léktu liv profèt Ozé

11, 1. 3-4. 8 c-9

Min sa Granmèt la di : « Israël té piti, mouin té rinmin-l, mouin té rélé pitit mouin-an sot Éjip. Mouin minm mouin tankou yon nouris pou Éfrayim, mouin t-ap poté yo sou bra-m, min yo pa-t konnin mouin t-ap souin yo.

Avèk kòd Adan mouin t-ap minnin yo, avèk kòd rinmin-an ; pou yo mouin té tankou yon moun k-ap lévé jouk la sou zépòl yo, mouin t-ap panché sou li pou-m fê-l manjé.

Kè-m ap boulvèsé anndan-m, konsa mouin troublé tèlman mouin régrèt. Mouin pap kite kòlè-m éklaté, mouin pap chanjé pou-m gayé Éfrayim, paské sé Bondié mouin yé, sé pa moun ; nan mitan-ou sin-an, épi mouin pap antré nan vil la ».

Paròl Granmèt la.

PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN POU TAN PASKAL LA

1

*M-ap soupé avèk li, li minm avèk mouin.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****3, 14 b. 20-22**

Min sa-l di, Amèn nan, témouin fidèl la, vré-a, li minm ki kòmansman kréatu Bondié-a : « Min mouin kanpé nan pòt la, m-ap frapé : si yon moun tandé voua-m, li louvri pòt la ban mouin, m-ap antré koté-l, m-ap soupé avèk li, li minm avèk mouin.

Moun ki ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l posibilite pou-l chita avèk mouin sou tro-n mouin-an, minm jan mouin minm mouin té ranpòté viktoua-a épi mouin chita avèk Papa-m sou tro-n li-an. Moun ki gin zòrèy, sé pou-l tandé sa Éspri-a di Égliz yo ».

Paròl Granmèt la.

2

*Ou rachté nou pou Bondié nan san-ou.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****5, 6-12**

Mouin minm, Jan, mouin ouè, épi nan mitan tro-n nan ak kat vivan yo ak nan mitan ansyin yo, min yon Mouton té kanpé tankou si yo té touyé-l, li té gin sèt kòn ak sèt jé, sé sèt éspri Bondié yo, yo voyé sou tout tè-a. Li rivé, li pran liv la nan min douat sa-a ki té chita sou tro-n nan. Kon-l louvri liv la, kat vivan yo ak vinnkat ansyin yo tonbé dévan Mouton-an, yo chak té gin gita ak véso an lò ki plin losion, sé priyé sin yo.

Yo t-ap chanté yon kantik nouvo, yo t-ap di : « Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, pou-ou ouété sélé-l yo, paské yo té touyé-ou, épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion, épi ou fè nou vi-n tounin péyi roua ak prêt pou Bondié nou, n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a ».

Mouin ouè, mouin tandé voua anpil anj toutalantou tro-n nan ak vivan yo ak ansyin yo ; kantité yo sé té mil milié ki t-ap di avèk yon gran voua : « Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, pou-l résévoua puisans, divinité, sajès, fòs, onè, gloua ak konpliman ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

Iz 12, 2-3, 4 bcd. 5-6 (R: 3)

R: N-ap tiré dlo ak kè kontan sot nan sous Sovè-a.

- 2 Min Bondié sovè-m nan, mouin gin konfians, mouin pap pè,
paské fòs mouin ak louanj mouin, sé Granmèt la,
sé li minm ki vi-n sovè-m.
- 3 N-ap tiré dlo ak kè kontan sot nan sous Sovè-a. R:
- 4 Fè louanj Granmèt la, rélé non li,
fè konnin mèvèy li yo nan pèp yo,
fè sonjé kijan non-l anlè nè. R:
- 5 Chanté pou Granmèt la, paské li fè mèvèy,
anonsé sa sou tout tè-a.
- 6 Fété, fè louanj, pèp Siyon
paské li gran nan mitan-ou, Sin Israël la. R:

2

PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R: 1)

R: Granmèt la ap okipé-m, mouin pap manké anyin.

- 1 Granmèt la ap okipé-m, anyin pap manké-m ;
nan zèb vèt li instalé-m,
- 2 sou bò dlo trankil li minnin-m,
li réfè nanm mouin.
- 3 Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. R:
- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou, sé yo k-ap konsolé-m. R:
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;
ou souin tèt mouin ak losion,
kalis mouin ap débòdé. R:
- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la
pou tout longè tan yo. R:

3

PSÒM RÉPONS

Ps 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 8-9. 10 é 14 (R: 6 a)

- R: Sonjé mizérikòd ou yo, Granmèt ;
- 4 Chémin-ou yo, Granmèt, montré-m yo, santié-ou yo, aprann mouin yo.
- 5 Dirijé-m nan vérité-ou la, ban-m léson, paské ou sé Bondié sovè mouin. R:
- 6 Sonjé bon kè-ou, Granmèt, ak mizérikòd ou, paské sé dépi tout tan yo égzisté.
- 7 Dapré mizérikòd ou, sonjé-m, poutèt bon kè-ou, Granmèt. R:
- 8 Granmèt la bon, li kòrèk, poutèt sa, li aprann péchè yo chémin-l
- 9 l-ap dirijé moun ki dosil yo nan jijman-an, l-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo. R:
- 10 Tout chémin Granmèt la sé mizérikòd ak vérité pou moun ki obsèvé téstaman-l nan ak témouagnaj li yo.
- 14 Granmèt la ap aji kòm zanmi avèk moun ki krinn li yo, pou-l montré yo téstaman-l nan. R:

4

PSÒM RÉPONS

Ps 32, 1-2. 4-5. 11-12. 18-19. 20-21 (R: 5 b)

- R: Mizérikòd Granmèt la plin tè-a.
- 1 Fété nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo ; louanj la alé ak moun ki douat yo.
- 2 Fè louanj pou Granmèt la sou gita, sou instriman dis kòd la, chanté pou li. R:
- 4 Sèké paròl Granmèt la douat, tout aksion-l yo nan fidélité.
- 5 Li rinmin jistis ak jijman, mizérikòd Granmèt la plin tè-a. R:
- 11 Min plan Granmèt la rété pou tout tan, kalkil kè-l pou jénérasyon ak jénérasyon.
- 12 Ala kontantman pou nasion-an, ki gin Granmèt la pou Bondié-l, pèp la li chouazi kòm éritaj li-a. R:
- 18 Min jé Granmèt la sou moun ki krinn yo, sou moun ki mét éspérans sou mizérikòd li,
- 19 pou-l délivré nanm yo sot nan lanmò, pou-l ba yo manjé nan grangou. R:

- 20 Nanm nou ap konté sou Granmèt la,
paské sèkou nou ak protèksion nou sé li minm ;
21 paské nan li kè nou ap fété,
épi nan non-l ki sin-an n-ap éspéré. **R:**

5

PSÒM RÉPONS

Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 17-18. 19 é 23 (**R:** : 9 a)

- R:** Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la bon.
2 M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,
tout tan louanj li nan bouch mouin.
3 Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn gloua-l,
sé pou pòv yo tandé, pou yo kontan. **R:**
4 Fè louanj Granmèt la avèk mouin,
sé pou nou lévé non-l anlè ansanm.
5 Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin,
anba tou sa-k fè-m pè, li délivré-m. **R:**
6 Gadé nan dirèksion-l, n-ap kléré,
fas nou pap ront.
7 Pòv sa-a rélé, Granmèt la tandé-l
anba tout tribilasyon li sové-l. **R:**
8 Anj Granmèt la ap monté lagad alantou moun ki krinn li yo,
épi l-ap délivré yo.
9 Gouté, n-a ouè jan Granmèt la bon ;
ala kontantman pou moun ki éspéré nan li. **R:**
17 Fas Granmèt la sou moun k-ap fè mal yo,
pou-l fè souvni yo disparèt sot sou tè-a.
18 Yo rélé, Granmèt la tandé,
anba tout tribilasyon yo li délivré yo. **R:**
19 Granmèt la tou pré moun ki gin kè yo krazé yo,
l-ap sové sa-k gin éspri yo boulvèsé yo.
23 Granmèt la ap rachté nanm sèvitè-l yo,
li pap pini tout moun ki éspéré nan li yo. **R:**

6

PSÒM RÉPONS

Ps 102, 1-2. 3-4. 6-7. 8 é 10 (**R:** : 17)

- R:** Mizérikòd Granmèt la pou tout tan sou moun ki krinn li yo.
1 Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin ;
tou sa-k anndan-m, fè konpliman pou non-l ki sin.

- 2 Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin,
pa bliyé tou sa-l fè yo. **R:**
- 3 Li minm ki padonnin tout fot ou yo,
ki géri tout maladi-ou yo ;
- 4 li minm ki rachté lavi-ou sot nan fòs la,
ki kouronnin-ou ak mizérikòd, ak pitié. **R:**
- 6 Granmèt la fè jistis
ak jijman pou tout moun k-ap souffri afron.
- 7 Li fè Moyiz konnin chémin-l yo,
li fè pitit Israèl yo konnin mèvèy li yo. **R:**
- 8 Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd,
li pran pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 10 Sé pa dapré péché nou yo li aji avèk nou,
ni dapré fot nou yo li rinnèt nou. **R:**

DÉZIÈM LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

Rinmin Bondié-a gayé nan kè nou yo.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

5, 5-11

Frè-m yo :

Éspérans la pa fè ront paské rinmin Bondié-a gayé nan kè nou gras a Éspri-Sin-an li ba nou-an.

Pouki sa Kris la, malgré nou té fèb toujou-a, li mouri pou péchè yo, lè tan-an rivé-a ? Apèn réyéلمان pou sa ki kòrèk la yon moun kapab mouri ; sèké pou yon moun ki bon paraza kilès k-ap ozé mouri ?

Min Bondié montré jan-l rinmin nou, paské, malgré sé péchè nou té yé, Kris la mouri pou nou nan tan fiksé-a. Konsa koulié-a minm, étan nou vi-n kòrèk pi plis ankò gras a san-l nan, n-ap sovè gras a li sot nan kòlè-a.

Si malgré nou té ènmi, nou vi-n rékonsilié ak Bondié nan lanmò Pitit li-a, koulié-a minm étan nou fi-n rékonsilié avèk li-a, sé piplis toujou n-ap sovè nan lavi-l. Sé pa sèلمان sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri ki rékonsilié nou-an.

Paròl Granmèt la.

2

Dapré richès gras li-a, ki débòdé sou nou-an.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo 1, 3-10

Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki béni nou ak tout kalité bénédiksion spirituèl nan sièl la nan Jézu-Kri. Jan li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la, pou nou sin, san répròch dévan-l nan rinmin-an. Li té déstiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif pou li gras a Jézu-Kri, dapré désizion volonté-l, pou louanj gloua gras li-a, sa-l fè nou jouinn gras nan li-a nan Pitit li-a li rinmin-an.

Nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, padon péché dapré richès gras li-a ki débòdé sou nou-an nan tout kalité sajès ak sians, pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l, dapré bon plézi-l, sa-l té ranjé davans nan li pou fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo, fè tout bagay kanpé nan Kris la, sa-k nan sièl la ak sa-k sou tè-a, nan li.

Paròl Granmèt la.

3

Anonsé nasion yo richès Kris la yo pa kapab sondé yo.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo 3, 8-12

Frè-m yo :

Mouin minm ki pi piti nan tout sin yo, sé mouin minm yo bay gras sa-a pou-m anonsé nasion yo richès Kris la yo pa kapab sondé yo, pou-m fè tout moun ouè byin klè valè mistè-a ki kaché dépi sièk tan nan Bondié, li minm ki kréyé tout bagay la ; pou chèf yo ak otorité yo nan sièl yo rékonèt sajès Bondié-a nan divès fòm li gras a Égliz la, dapré désizion ki té réglé dépi sièk tan davans la, sa-l fè nan Kris Jézu Granmèt nou-an, li minm nou gin konfians nan li-a avèk posibilite pou nou proche nan asirans pa pouvoua lafoua-l la.

Paròl Granmèt la.

4

Konnin rinmin Kris la ki dépasé tout sians la.

Léktu lèt apot sin Pòl sin pou Éfézyin yo 3, 14-19

Frè-m yo :

Mouin mét jénou-m atè dévan Papa Granmèt nou Jézu-Kri. Sé nan li tout papa nan sièl ak sou tè kapab poté non papa-a ; pou-l ba nou favè, dapré richès gloua-l, pou, gras a éspri-l, nou asiré fòs moun nan k-ap dévlopé anndan nou-an ; sé pou Kris la abité nan kè nou gras a lafoua-a ; sé pou nou

pousé rasi-n nan charité-a, pou nou pozé fondasyon nou nan li, pou nou kapab konprann, ansanm avèk tout sin yo, ki lajè, ki longè, ki rotè, ki profondè ; pou nou konnin rinmin Kris la ki dépasé tout sians la, pou nou kapab plin ak tou sa Bondié plin-an.

Paròl Granmèt la.

5

Nan zantray Jézu-Kri.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Filipyin yo

1, 8-11

Frè-m yo :

Bondié sèvi-m témouin, kijan mouin rinmin nou tout nan zantray Jézu-Kri. Épi mouin priyé konsa pou charité nou-an débòdé tout tan pi plis nan sians ak tout kalité bon sans, pou nou sondé bagay ki pi bon yo, pou nou kapab sinsè, san répròch nan jou Kris la, antan nou plin ak frui jistis la, pa pouvoua Jézu-Kri, pou gloua ak louanj Bondié.

Paròl Granmèt la.

6

Sé li minm ki té rinmin nou an prémié.

Léktu prémié lèt apot sin Jan

4, 7-16

Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pou nou youn rinmin lòt, paské rinmin-an sé nan Bondié li soti ; épi tout moun ki rinmin, sé nan Bondié li jouinn nésans épi li konnin Bondié. Moun ki pa rinmin, li pa konnin Bondié, paské Bondié voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv palintèmediè-l.

Min kijan rinmin-an yé, sé pa nou minm ki té rinmin Bondié, sé li minm ki té rinmin nou an prémié, épi li voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo.

Nou minm mouin rinmin anpil la, si Bondié rinmin nou konsa, sé pou nou youn rinmin lòt tou. Bondié, pèsòn pa janm ouè-l. Si nou youn rinmin lòt, Bondié rété nan nou épi charité-l nan nou-an réalisé nèt. Nan sa nou konnin nou rété nan li épi li minm nan nou, sèké li té ba nou nan Éspri-l la.

Nou minm nou ouè, nou sèvi témouin Papa-a voyé Pitit li-a kòm sovè tè-a. Tout moun ki rékonèt Jézu sé Pitit Bondié, Bondié rété nan li, épi li minm nan Bondié.

Nou minm nou konnin, nou kouè nan charité-a Bondié ginyin pou nou-an. Bondié sé charité, moun ki rété nan charité-a, li rété nan Bondié, épi Bondié nan li.

Paròl Granmèt la.

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Cf. Mt 11, 25

(R: Alélouya). Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a,
paské ou té révélé mistè péyi-roua-a bay ti moun piti yo. (R: Alélouya).

2

Mt 11, 28

(R: Alélouya). Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé,
k-ap rédi anba gro chaj,
m-ap réfè fòs nou, sé sa Granmèt la di. (R: Alélouya).

3

Mt 11, 29 ab

(R: Alélouya). Pran jouk mouin sou nou,
sé sa Granmèt la di,
épi pran léson nan min-m,
paské mouin tou dou, mouin pòv nan kè-m. (R: Alélouya).

4

Jan 10, 14

(R: Alélouya). Mouin minm mouin sé bon gadyin-an,
sé sa Granmèt la di,
mouin konnin sa-k pou mouin yo,
épi sa-k pou mouin yo konnin-m tou. (R: Alélouya).

5

Jan 15, 9

(R: Alélouya). Minm jan Papa-a rinmin-m nan,
sé konsa tou mouin rinmin nou ;
sé pou nou rété nan rinmin-m nan, sé sa Granmèt la di. (R: Alélouya).

6

1 Jn 4, 10 b

(R: Alélouya). Bondié té rinmin nou an premié,
épi li té voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo. (R: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

*Mouin tou dou, mouin gin kè-m tou pòv.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié** **11, 25-30**

Lè sa-a antan Jézu pran laparòl, li té di : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou té kaché bagay sa yo pou saj yo ak intèlijan yo, épi ou té révélé yo bay timoun piti yo.

Oui, Papa, paské sé konsa sa fè-ou plézi.

Papa-m té rinmèt mouin tout bagay, pèsòn pa konnin Pitit la, sof Papa-a ; ni pèsòn pa konnin Papa-a, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révélé sa.

Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou.

Pran jouk mouin sou nou, pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pòv nan kè-m ; n-ap jouinn répo pou nanm nou ; jouk mouin fasil pou poté, chaj mouin léjé ».

Paròl Granmèt la.

2

*Ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon sèl péchè ki fè pénitans.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk** **15, 1-10**

Lè sa-a :

Piblikin yo ak péchè yo t-ap proche kot Jézu, pou yo kouté-l.

Farizyin yo ak skrib yo t-ap plinyin, yo t-ap di : « Sa-a résévoua péchè yo, li manjé avèk yo ».

Li bay parabòl sa-a pou yo, li di : « Kilès nan nou, si-l gin san mouton épi, si-l pèdi youn nan yo, pou-l pa kité katrévindsnèf yo nan dézè-a pou-l al chèché sa-k pèdi-a joutan li jouinn li ?

Épi, lè-l jouinn li, li mété-l sou zépòl li ak kè kontan, li rivé lakay li, li rasanblé zanmi ak vouazin yo, li di yo : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn mouton-m nan ki té pèdi-a”.

Mouin di nou ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon péchè ki fè pénitans, passé pou katrévindsnèf moun kòrèk ki pa bézouin pénitans.

Oubyin kilès madanm, si-l gin dis dragm, épi li pèdi yon sèl dragm, pou-l pa limin lanp, balé kay la, chèché avèk souin, joutan li jouinn li ?

Lè-l jouinn li, li rasanblé zanmi ak vouazi-n, li di : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn dragm nan mouin té pèdi-a”.

Sé konsa, mouin di nou, ap gin kè kontan dévan anj Bondié yo pou yon sèl péchè ki fè pénitans ».

Paròl Granmèt la.

3

*Sé pou nou té fè kè nou kontan,
paské frè-ou sa-a té mouri, li réviv.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

15, 1-3. 11-32

Lè sa-a :

Piblikin yo ak péchè yo t-ap proché kot Jézu, pou yo kouté-l.

Farizyin yo ak skrib yo t-ap plinyin, yo t-ap di. « Sa-a réservoua péchè yo, li manjé avèk yo ».

Li di parabòl sa-a pou yo, li di : « Té gin yon mésié ki té gin dé pitit, pi jèn nan yo-a di papa-a : “Papa, ban-m pòsion éritaj ki déstiné pou mouin-an”. Li séparé éritaj la ba yo.

Pa gin anpil jou ki pasé, pi jèn ti gason-an ranmasé tout afè-l, li pati, l-al fè rout li nan yon péyi byin louin ; lè-l rivé la, li gaspiyé éritaj li-a antan l-ap viv nan libètinaj.

Lè-l fi-n dépansé tout bagay, vi-n gin yon gro grangou nan réjion sa-a, li minm li kòmansé nan bézouin. Li pati, l-al nan sèvis yon mésié nan péyi sa-a, mésié-a voyé-l nan jadin-l, pou-l gadé kochon. Li té anvè plin vant li ak grinn boua yo, sa kochon yo t-ap manjé yo ; min pèsòn pa-t ba li.

Li antré nan fon kè-l, li di : “Konbyin jounalié nan kay papa-m gin kont pin yo, kanta mouin minm minm m-ap mouri grangou isit la ! M-ap lévé, m-apral kay papa-m, m-ap di-l : Papa, mouin fè péché dévan sièl la ak dévan-ou : mouin déjà pa mérité pou yo rélé-m pitit ou ; trété-m tankou youn nan jounalié-ou yo”.

Li lévé, li vi-n jouinn papa-l. Pandan-l té louin toujou, papa-l ouè-l, kè-l boulvèsé ak mizérikòd, li kouri, li lagé kò-l nan kou-l li anbrasé-l.

Pitit la di-l : “Papa, mouin fè péché dévan sièl la ak dévan-ou : mouin déjà pa mérité pou yo rélé-m pitit ou.”

Papa-a minm di sèvitè yo : “Fè vit poté pi bèl rad la, abiyé-l ; mété yon bag nan min-l, ak soulié nan pié-l. Minnin toro-a yo t-ap angrésé-a, touyé-l, n-ap manjé, n-ap fété ; paské pitit mouin sa-a ki té mouri-a, li réviv, li té péri, nou jouinn li”. Épi yo kòmansé fété.

Min pi gran pitit li-a té nan jadin ; lè-l rivé li proche bò kay la, li tandé chanté-dansé, li rélé youn nan sèvitè yo, li pozé-l kèsion ki kalité bagay sa yo.

Sa-a minm di-l : “Sé frè-ou la ki vini, papa-ou fè touyé toro-a yo t-ap angrésé-a, paské li jouinn pitit la an santé”. Lòt la minm faché, li réfizé antré ; papa-l blijé soti, li kòmansé priyé-l.

Li minm minm li réponn, li di papa-l : “Min konbyin ané m-ap sèvi-ou, mouin pa janm dézobéyi yon kòmandman-ou époutan ou pa janm ban-m yon ti kabrit, pou-m fété avèk zanmi-m yo ; min pitit ou sa-a, ki fi-n dévoré éritaj li-a avèk médam plézi yo, kon-l rivé, ou touyé toro yo t-ap angrésé-a, akoz li”.

Li minm li di-l : “Pitit mouin, ou toujou avèk mouin, tou sa-m ginyin sé pou ou. Sèlman sé pou nou té fété, sé pou nou té fè kè nou kontan, paské frè-ou sa-a té mouri, li réviv, li té péri, nou jouinn li” ».

Paròl Granmèt la.

4

Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

10, 11-18

Lè sa-a :

Jézu di : « Mouin sé bon gadyin-an. Bon gadyin-an bay lavi-l pou mouton-l yo. Min anplouayé-a ak sa-a ki pa gadyin-an, sa mouton yo pa pou li-a, lè-l ouè lou-a ap vini, li kité mouton yo, li sovè kò-l, lou-a minm dévoré mouton yo, li gayé yo. Min anplouayé-a minm sovè konsa-a, sé paské sé anplouayé li yé épi li pa okipé mouton yo.

Mouin minm mouin sé bon gadyin-an, mouin konnin sa-k pou mouin yo, sa-k pou mouin yo konnin-m tou. Jan Papa-a konnin-m nan mouin minm tou mouin konnin Papa-a ; épi mouin bay lavi-m pou mouton-m yo.

Min gin dèt mouton, ki pa nan patiraj sa-a, yo minm tou mouin gin pou-m minnin yo, y-ap kouté voua-m, ap vi-n gin yon sèl patiraj ak yon sèl gadyin.

Sé poua Papa-a rinmin-m nan, paské mouin dépozé nanm mouin, pou-m pran-l yon lòt foua ankò. Pèsòn pa pran-l sot nan min-m, min mouin dépozé-l ak pròp fòs mouin épi mouin gin pouvoua pran-l yon lòt foua ankò : sé kòmandman sa-a mouin té résévoua nan min Papa-m ».

Paròl Granmèt la.

5

Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

15, 1-8

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Mouin sé véritab pié rézin-an, Papa-m sé kiltivatè-a. Tout branch nan mouin ki pa donnin frui, l-ap ouété-l ; tout branch ki donnin frui, l-ap nétouayé-l pou-l donnin plis frui. Nou minm nou déjà pròp gras a paròl la mouin té palé nou-an.

Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou. Minm jan branch la pa kapab donnin frui pou kont li-a, si-l pa rét nan pié rézin-an, konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.

Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo ; moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui, paské san mouin minm nou pa kapab fè anyin. Si yon moun pa rét nan mouin, y-ap jété-l déyò, tankou branch la, l-ap séché, y-ap ranmasé-l y-ap jété-l nan difé, l-ap boulé.

Si nou rét nan mouin, épi paròl mouin yo rété nan nou, tou sa nou vlé, nou mèt mandé-l, l-ap rivé pou nou. Sé nan sa Papa-m jouinn gloua-l, pou nou donnin anpil frui, pou nou vi-n disip mouin ».

Paròl Granmèt la.

6

Min kòmandman-m nan, sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

15, 9-17

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan, sé konsa tou mouin rinmin nou. Sé pou nou rété nan rinmin-m nan. Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan, minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan.

Mouin di nou bagay sa yo, pou kè kontan-m nan kapab nan nou, pou kè kontan nou-an réalisé nèt.

Min kòmandman-m nan, sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an. Pi gran fason pou yon moun rinmin, sé bay lavi-l pou zanmi-l yo. Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmandé nou.

Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, paské sèvitè-a pa konnin ki sa mèt li ap fè ; min sé zanmi mouin rélé nou, paské tou sa-m tandé kot Papa-m, mouin fè nou konnin-l.

Sé pa nou minm ki chouazi-m ; min sé mouin minm ki chouazi nou, mouin mété nou, pou nou alé, pou nou donnin frui, pou frui nou-an diré ; konsa, tou sa n-a mandé Papa-a o non-m, l-ap ba nou li.

Sa mouin kòmandé nou, sé pou nou youn rinmin lòt ».

Paròl Granmèt la.

7

Mouin rinmin yo, tankou ou rinmin-m.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

17, 20-26

Lè sa-a :

Antan Jézu lévé jé-l nan sièl la, li priyé, li di : « Papa ki sin, sé pa pou yo minm sèlman mouin priyé, min pou sa yo tou k-ap kouè nan mouin gras a paròl yo-a, pou tout moun fè yon sèl, tankou ou minm, Papa, ou nan mouin, épi mouin nan ou, pou yo minm tou yo fè yon sèl nan nou, pou tè-a kouè sé ou minm ki voyé-m.

Mouin minm gloua-ou la ou té ban mouin-an, mouin ba yo-l, pou yo fè yon sèl tankou nou minm nou fè yon sèl la. Mouin minm nan yo, épi ou minm nan mouin, pou yo fè yon sèl nèt, pou tè-a rékonèt sé ou minm ki voyé-m, épi mouin rinmin yo, tankou ou rinmin-m.

Papa, sa yo ou té ban mouin-an, mouin vlé pou koté-m yé-a sé la yo yé tou avè-m, pou yo ouè gloua-m nan, sa ou té ban mouin-an ; paské ou rinmin-m dépi anvan tè-a fèt. Papa ki kòrèk, tè-a pa-t rékonèt ou ; mouin minm mouin konnin-ou, épi sa yo rékonèt sé ou minm ki voyé-m.

Mouin fè yo konnin non-ou, m-ap fè yo konnin-l ankò, pou rinmin ou rinmin-m nan, li kapab nan yo, ni mouin minm nan yo ».

Paròl Granmèt la.

8

Bò kòt li louvri, san ak dlo koulé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

19, 31-37

Lè sa-a :

Kòm sé té préparasion Pak la, pou kò yo pa-t rété sou koua-a jou saba-a (sèké jou sa-a sé té gran jou saba-a), Juif yo mandé Pilat pou yo krazé janm yo, pou yo ouété yo. Sòlda yo rivé, yo krazé janm premié-a ak lòt la ki té klouré sou koua-a avèk li-a.

Min lè yo rivé sou Jézu, yo ouè li té déjà mouri, yo pa krazé janm li, min youn nan sòlda yo louvri bò kòt li avèk lans li, minm lè-a san ak dlo koulé.

Moun ki ouè-a, li sèvi témouin, témouagnaj li-a vré. Li minm li konnin li di vérité, pou nou minm tou nou kapab kouè.

Bagay sa yo fèt pou sa ki ékri-a té kapab réalisé : « Nou pap krazé zo nan li ». Épi tou yon lòt pasaj sa ki ékri-a di : « Y-ap gadé sa-a yo transpèsé-a ».

Paròl Granmèt la.

* *
*

GID LÉKTU YO

dapré lòd Liv ki sin yo

Rituèl Kominion sakré-a ak kult ékaristik la andéyò Mès la

<i>Référans</i>	<i>Paj</i>
Jénéz 14, 18-20	75
Égzòd 12, 21-27	75
Égzòd 16, 2-4. 12-15	76
Égzòd 24, 3-8	76
Égzòd 34, 4 b-6. 8-9	95
Détéronòm 7, 6-11	96
Détéronòm 8, 2-3. 14 b-16 a	77
Détéronòm 10, 12-22	96
1 Roua 19, 4-8	77
Provèb 9, 1-6	78
Izayi 49, 13-15	97
Jérémi 31, 1-4	97
Ézékièl 34, 11-16	98
Ozé 11, 1. 3-4. 8 c-9	98
Matié 11, 25-30	107
Mark 14, 12-16. 22-26	88
Mark 15, 16-20	88
Luk 9, 11 b-17	89
Luk 15, 1-10	107
Luk 15, 1-3. 11-32	108
Luk 22, 39-44	89
Luk 24, 13-35	90
Luk 24, 13-16. 28-35	91
Jan 6, 1-15	91
Jan 6, 24-35	92
Jan 6, 41-51	93
Jan 6, 51-58	93
Jan 6, 54-55	24, 34
Jan 6, 54-59	25, 34
Jan 10, 11-18	109
Jan 14, 6	25, 35
Jan 15, 1-8	110
Jan 15, 4	25, 35
Jan 15, 9-17	110
Jan 17, 20-26	111
Jan 19, 31-37	111

Jan 21, 1-14	94
Travay Apot yo 2, 42-47	78
Travay Apot yo 10, 34 a. 37-43	79
Romin 5, 5-11	103
1 Korintyin 10, 16-17	84
1 Korintyin 11, 23-26	84
1 Korintyin 11, 26	25, 35
Éfézyin 1, 3-10	104
Éfézyin 3, 8-12	104
Éfézyin 3, 14-19	104
Filipyin yo 1, 8-11	105
Ébré 9, 11-15	85
Ébré 12, 18-19. 22-24	85
1 Piè 1, 17-21	86
1 Jan 4, 7-16	105
1 Jan 5, 4-8	86
Apokalips 1, 5-8	79
Apokalips 3, 14 b. 20-22	99
Apokalips 5, 6-12	99
Apokalips 7, 9-14	79

GID PSÒM YO AK KANTIK YO

Pis 22, 1-3. 4. 5. 6 (R/ : 1)	80, 100
Pis 24, 4 bc-5 ab. 6 é 7 bc. 8-9. 10 é 14 (R/ : 6 a)	101
Pis 32, 1-2. 4-5. 11-12. 18-19. 20-21 (R/ : 5 b)	101
Pis 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 17-18. 19 é 23 (R/ : 9 a)	81, 102
Pis 39, 2 é 4 ab. 7-8 a. 8 b-9. 10 (R/ : 8 a é 9 a)	81
Pis 77, 3 é 4 a é 7 ab. 23-24. 25 é 54 (R/ : 24 b)	82
Pis 102, 1-2. 3-4. 6-7. 8 é 10 (R/ : 17)	102
Pis 115, 12-13. 15-16 b c. 17-18 (R/ : cf. 1 Kor 10, 16)	83
Pis 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R/ : cf. 16)	83
Pis 147, 12-13. 14-15. 19-20 (R/ : Jan 6, 58 b)	84
Izayi 12, 2-3, 4 bcd. 5-6 (R/ : 3)	100

GID ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Cf. Matié 11, 25	106
Matié 11, 28	106
Matié 11, 29 ab	106
Jan 6, 51	87
Jan 6, 56	87
Jan 6, 57	87
Jan 10, 14	106
Jan 15, 9	106
1 Jan 4, 10 b	106
Cf. Apokalips 1, 5 ab	87
Apokalips 5, 9	87

GID ALFABÉTIK KANTIK YO

Lòd tit latin kantik yo

Adoro devote (n. 198) (M-ap adoré ak tout kè-m).....	66
Æterne rex altissime (n. 196) (Roua ki la tout tan ki anlè nèt la).....	62
Ave, verum Corpus (n. 202) (Salu, vré Kò-a).....	68
Cenantibus illis (n. 204) (Antan y-ap soupé).....	68
Ecce panis angelorum (n. 197*) (Min pin anj yo).....	65
Ego sum panis vitae (n. 205) (Mouin minm mouin sé pin lavi-a).....	69
Ego sum panis vivus (n. 203) (Mouin sé pin vivan-an).....	68
Iesu, nostra redemptio (n. 195) (Jézu, Rédanssion nou-an).....	62
Lauda, Sion, Salvatorem (n. 197) (Fè louanj Sovè-a, Siyon).....	64
Misit me vivens Pater (n. 209) (Papa-a ki vivan-an té voyé-m).....	69
O memoriale mortis Domini (n. 198*) (O mémorial lanmò Granmèt la).....	67
O quam suavis est (n. 201) (Ala gou li gou).....	68
O sacrum convivium (n. 200) (Ala yon féstin sakré).....	68
O salutaris hostia (n. 194*) (Viktim sakrifis ki sové nou).....	61
Pange, lingua (n. 192) (Sé pou-ou chanté, lang mouin).....	58
Panis angelicus (n. 193*) (Pin anj yo).....	60
Sacris sollemniis (n. 193) (Avèk solanité sakré yo).....	60
Tantum ergo sacramentum (n. 192*) (Yon sakréman ki si tèlman gran).....	59
Ubi caritas est vera (n. 199) (Koté charité-a yé tout bon vré).....	67
Unus est panis (n. 207) (Yon sèl pin).....	69
Verbum supernum (n. 194) (Paròl ki soti anro-a).....	61

Lòd tit kréyòl kantik yo

Ala gou li gou (O quam suavis est) (n. 201)	68
Ala yon fèstin sakré (O sacrum convivium) (n. 200)	68
Antan y-ap soupé (Cenantibus illis) (n. 204)	68
Avèk solanité sakré yo (Sacris sollemniis) (n. 193)	60
Fè louanj Sovè-a, Siyon (Lauda, Sion, Salvatorem) (n. 197)	64
Jézu, Rédanmsion nou-an (Iesu, nostra redemptio) (n. 195)	62
Koté charité-a yé tout bon vré (Ubi caritas est vera) (n. 199)	67
M-ap adoré ak tout kè-m (Adoro devote) (n. 198)	66
Mín pin anj yo (Ecce panis angelorum) (n. 197*)	65
Mouin minm mouin sé pin lavi-a (Ego sum panis vitae) (n. 205)	69
Mouin sé pin vivan-an (Ego sum panis vivus) (n. 203)	68
O mémorial lanmò Granmèt la (O memoriale mortis Domini) (n. 198*)	67
Papa-a ki vivan-an té voyé-m (Misit me vivens Pater) (n. 209)	69
Paròl ki soti anro-a (Verbum supernum) (n. 194)	61
Pin anj yo (Panis angelicus) (n. 193*)	60
Roua ki la tout tan ki anlè nèt la (Æterne rex altissime) (n. 196)	62
Salu, vré Kò-a (Ave, verum Corpus) (n. 202)	68
Sé pou-ou chanté, lang mouin (Pange, lingua) (n. 192)	58
Viktim sakrifis ki sové nou (O salutaris hostia) (n. 194*)	61
Yon sakréman ki si tèlman gran (Tantum ergo sacramentum) (n. 192*)	59
Yon sèl pin (Unus est panis) (n. 207)	69

GID

Dékèrè Sakré Kongrégasyon pou Kult Divin-an	7
Rémak jénéral	9

CHAPIT I	Kominion sakré-a andéyò Mès la	
	Sa pou yo noté anvan.....	13
	Òrdo pou distribiyé kominion sakré-a andéyò Mès la	19
	1. Rit ki fè youn ak yon sélébrasyon pi laj paròl Bondié-a.....	19
	2. Rit ki fè youn ak yon sélébrasyon pi kout paròl Bondié-a....	24
CHAPIT II	Kominion-an ak Viatik la yon minis ékstraòdinè poté	29
	1. Rit òdinè kominion malad yo	29
	2. Rit pi kout kominion malad yo	32
	3. Viatik la	33
CHAPIT III	Divès fòm kult yo bay Trè Sin Sakréman-an.....	39
	1. Ékspozision Trè Sin Sakréman-an.....	40
	Sa pou yo noté anvan.....	40
	Òrdo ékspozision ak bénédiksion ékaristik la.....	43
	2. Prosésion ékaristik yo	45
	3. Kongrè ékaristik yo	46
CHAPIT IV	Divès tèks yo kapab anplouayé	
	lè y-ap distribiyé kominion sakré-a andéyò Mès la	
	épi nan adorasyon ak prosésion Trè Sin Sakréman-an	49
	1. Léktu biblik yo.....	49
	2. Yon lòt fòmul salutasion.....	56
	3. Dòt fòmul akt pénitansièl.....	57
	4. Imn.....	58
	5. Réfrin.....	68
	6. Répons	68
	7. Priyè apré kominion.....	70
	8. Priyè pou bénédiksion Trè Sin Sakréman-an.....	72

DÉGI	Léktu Biblik yo	75
	Gid jénéral léktu yo	113

Gid alfabétik kantik yo.....	116
------------------------------	-----

GID	119
------------------	-----

